



Kode Mapel: 748DF000

MODUL
PENGEMBANGAN KEPROFESIAN
BERKELANJUTAN
TERINTEGRASI PENGUATAN PENDIDIKAN KARAKTER

MATA PELAJARAN BAHASA SUNDA SMP
KELOMPOK KOMPETENSI C

PEDAGOGIK:
Pamarekan Komunikatif, Saintifik, jeung
Modél Pangajaran Basa Sunda di SMP

PROFESIONAL:
Tatakrama Basa, Pola Sora Basa, Téks Éksplanasi,
Guguritan, sarta Carpon di SMP

Penulis

Dr. Hj. Ai Sofiyanti, M.Pd.; 081322038181; ai.sofiyanti@yahoo.co.id

Perevisi

Dr. Hj. Ai Sofiyanti, M.Pd 081322038181 ai.sofiyanti@yahoo.co.id

Penelaah

Prof. Dr. H. Iskandarwassid

Ilustrator

Yayan Yanuar Rahman, S.Pd., M.Ed.; yyanuar_r@yahoo.co.id; 081221813873

Cetakan Pertama, 2016

Cetakan Kedua, 2017

Copyright© 2017

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan
Bidang Taman Kanak-kanak & Pendidikan Luar Biasa, Direktorat Jenderal Guru
dan Tenaga Kependidikan

Hak cipta dilindungi Undang-undang

Dilarang mengcopy sebagian atau keseluruhan isi buku ini untuk kepentingan
komersial tanpa izin tertulis dari Kementerian Pendidikan Kebudayaan.

PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2017

KATA SAMBUTAN

Peran guru profesional dalam proses pembelajaran sangat penting sebagai kunci keberhasilan belajar siswa. Guru profesional adalah guru yang kompeten membangun proses pembelajaran yang baik sehingga dapat menghasilkan pendidikan yang berkualitas dan berkarakter prima. Hal tersebut menjadikan guru sebagai komponen yang menjadi fokus perhatian Pemerintah maupun pemerintah daerah dalam peningkatan mutu pendidikan terutama menyangkut kompetensi guru.

Pengembangan profesionalitas guru melalui Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan merupakan upaya Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan melalui Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan dalam upaya peningkatan kompetensi guru. Sejalan dengan hal tersebut, pemetaan kompetensi guru telah dilakukan melalui Uji Kompetensi Guru (UKG) untuk kompetensi pedagogik dan profesional pada akhir tahun 2015. Peta profil hasil UKG menunjukkan kekuatan dan kelemahan kompetensi guru dalam penguasaan pengetahuan pedagogik dan profesional. Peta kompetensi guru tersebut dikelompokkan menjadi 10 (sepuluh) kelompok kompetensi. Tindak lanjut pelaksanaan UKG diwujudkan dalam bentuk pelatihan guru paska UKG pada tahun 2016 dan akan dilanjutkan pada tahun 2017 ini dengan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru. Tujuannya adalah untuk meningkatkan kompetensi guru sebagai agen perubahan dan sumber belajar utama bagi peserta didik. Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru dilaksanakan melalui tiga moda, yaitu: 1) Moda Tatap Muka, 2) Moda Daring Murni (online), dan 3) Moda Daring Kombinasi (kombinasi antara tatap muka dengan daring).

Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan (PPPPTK), Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Kelautan Perikanan Teknologi Informasi dan Komunikasi (LP3TK KPTK) dan Lembaga Pengembangan dan Pemberdayaan Kepala Sekolah (LP2KS) merupakan Unit Pelaksana Teknis di lingkungan Direktorat Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan yang bertanggung jawab dalam mengembangkan perangkat dan melaksanakan peningkatan kompetensi guru sesuai bidangnya. Adapun perangkat pembelajaran yang dikembangkan tersebut adalah modul Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan bagi Guru moda tatap muka dan moda daring untuk semua mata pelajaran dan kelompok kompetensi. Dengan modul ini diharapkan program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan memberikan sumbangan yang sangat besar dalam peningkatan kualitas kompetensi guru.

Mari kita sukseskan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan ini untuk mewujudkan Guru Mulia Karena Karya.

Jakarta, April 2017

Direktur Jenderal Guru dan Tenaga Kependidikan,



Sumarna Surapranata, Ph.D.


NIP 195908011985031002

KATA PENGANTAR

Kebijakan Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan dalam meningkatkan kompetensi guru secara berkelanjutan, diawali dengan pelaksanaan Uji Kompetensi Guru dan ditindaklanjuti dengan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan. Untuk memenuhi kebutuhan bahan ajar kegiatan tersebut, Pusat Pengembangan dan Pemberdayaan Pendidik dan Tenaga Kependidikan Taman Kanak-Kanak dan Pendidikan Luar Biasa (PPPPTK TK dan PLB), telah mengembangkan Modul Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Bidang Taman Kanak-kanak yang terintegrasi Penguatan Pendidikan Karakter dan merujuk pada Peraturan Menteri Pendidikan dan Kebudayaan Nomor 137 Tahun 2014 tentang Standar Pendidikan Anak Usia Dini.

Kedalaman materi dan pemetaan kompetensi dalam modul ini disusun menjadi sepuluh kelompok kompetensi. Setiap modul meliputi pengembangan materi kompetensi pedagogik dan profesional bagi guru Taman Kanak-kanak. Judul-judul modul yang disusun sebagai berikut; (1) Karakteristik Anak Usia Dini, (2) Teori Bermain dan Merancang Kegiatan Bermain di Taman Kanak-kanak, (3) Kurikulum dan Program Pembelajaran di Taman Kanak-kanak, (4) Penyelenggaraan Kegiatan Pengembangan yang Mendidik, (5) Pemanfaatan Teknologi Informasi dan Komunikasi di Taman Kanak-kanak, (6) Media dan Sumber Belajar di Taman Kanak-kanak, (7) Komunikasi Efektif bagi Guru Taman Kanak-kanak, (8) Konsep dan Teknik Penilaian di Taman Kanak-kanak, (9) Penelitian Tindakan Kelas dan Pemanfaatan PTK dalam Pengembangan Anak di Taman Kanak-kanak, (10) Layanan Bantuan Peserta Didik dan Pengembangan Profesi Guru.

Kami berharap modul yang disusun ini dapat menjadi bahan rujukan utama dalam pelaksanaan Program Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Bidang Taman Kanak-kanak. Untuk pengayaan materi, peserta disarankan untuk menggunakan referensi lain yang relevan. Kami mengucapkan terima kasih kepada semua pihak yang telah berperan aktif dalam penyusunan modul ini.



Bandung, April 2017

Kepala,

Drs. Sam Yhon, M.M.

NIP. 195812061980031003

PPPPTK TK DAN PLB BANDUNG
© 2017

DAPTAR EUSI

KATA PENGANTAR	iii
DAPTAR EUSI	vii
DAPTAR GAMBAR	ix
DAPTAR TABÉL	xi
BUBUKA	1
A. Kasang Tukang	1
B. Tujuan	3
C. Peta Kompeténsi	5
D. Ambahan	5
E. Cara Ngagunakeun Modul	7
PÉDAGOGIK: PAMAREKAN KOMUNIKATIF, SAINTIFIK, JEUNG MODÉL- MODÉL PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP	9
KAGIATAN DIAJAR 1 PAMAREKAN KOMUNIKATIF JEUNG SAINTIFIK DINA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP	11
A. Tujuan	11
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	11
C. Pedaran Matéri	12
D. Kagiatan Diajar	31
E. Latihan/Pancén	31
F. Tingkesan	32
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku	33
KAGIATAN DIAJAR 2 MODÉL-MODÉL PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP DUMASAR KURIKULUM 2013	35
A. Tujuan	35
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	36
C. Pedaran Matéri	37
D. Kagiatan Diajar	58
E. Latihan/Pancén	58

F. Tingkesan	59
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	61
PROFÉSIONAL: TATAKRAMA BASA, POLA SORA BASA, TÉKS ÉKSPLANASI, GUGURITAN, JEUNG CARPON DI SMP	63
KAGIATAN DIAJAR 3 TATAKRAMA BASA, POLA SORA BASA, JEUNG TÉKS ÉKSPLANASI	65
A. Tujuan	65
C. Pedaran Matéri	66
D. Kagiatan Diajar.....	92
E. Latihan/Pancén	92
F. Tingkesan	93
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	94
KAGIATAN DIAJAR 4 WANGUN JEUNG STRUKTUR GUGURITAN SARTA CARITA PONDOK.....	97
A. Tujuan	97
B. Indikator Kahontalna Kompeténsi	97
C. Pedaran Matéri	98
D. Kagiatan Diajar.....	121
E. Latihan/ Kasus /Pancén	121
F. Tingkesan	122
G. Uji Balik jeung Lajuning Laku.....	123
KONCI JAWABAN LATIHAN/PANCÉN/KASUS	125
KONCI JAWABAN ÉVALUASI	136
PANUTUP	137
DAPTAR PUSTAKA.....	139
GLOSARIUM.....	141

DAPTAR GAMBAR

Gambar 1. 1 Kaparigelan Ngaregepkeun, Nyarita, Nulis, jeung Maca	12
Gambar 1. 2 Kamampuh Komunikatif numutkeun Canale jeung Swain	13
Gambar 1. 3 Opat Kompeténsi Komunikatif numutkeun Celce-Murcia, spk. (1995)	13
Gambar 1. 4 Komunikasi Fungsional	15
Gambar 1. 5 Komunikasi Interaksi Sosial	16
Gambar 1. 6 Penerapan Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda.....	19
Gambar 1. 7 Modél Pangajaran Basa Sunda di SMP	20
Gambar 1. 8 Stratégi Pangajaran Langsung jeung teu Langsung	20
Gambar 1. 9 Ranah Prosés Pangajaran	21
Gambar 1. 10 Pamarekan Saintifik	22
 Gambar 2. 1 Léngkah-léngkah Modél Pangajaran <i>Discovery Learning</i>	 38
Gambar 2. 2 Prinsip-prinsip Modél Pangajaran PBL.....	44
Gambar 2. 3 Léngkah-léngkah Modél Pangajaran PjBL	51
 Gambar 3. 1 Conto Basa Sunda Loma Dipaké Ngobrol jeung Sasama.....	 77
Gambar 3. 1 Conto Basa Sunda Lemes Dipaké Waktu Siswa Ngobrol	77
Gambar 3. 3 Adegan Téks Éksplanasi.....	89
Gambar 3. 4 Daerah Potensi Banjir	90
Gambar 3. 5 Banjir di Indramayu Jawa Barat	91
Gambar 3. 6 Penduduk sabudeureun jalan anu runtuh waktu bajir di Toowoomba, 105 km (65 mil) barat Brisbane tanggal 10 Januari 2011.....	91



DAPTAR TABÉL

Tabel 1.1 Aspék-aspék anu Raket Patalina jeung Pamarekan Komunikatif	16
Tabel 1.2 Tingkatan Panalék Kognitif.....	23
Tabel 1.3 Déskripsi Léngkah Pangajaran Pamarekan Saintifik.....	26
Tabel 2.1 Peran Guru, Siswa, jeung Masalah dina PBL	44
Tabel 2.2 Léngkah-léngkah Modél Pangajaran Berbasis Masalah	45
Tabel 4.1 Wanda Tokoh.....	116

BUBUKA

A. Kasang Tukang

Salah sahiji Tujuan Strategis Kemdikbud 2015-2019 nyaéta *Peningkatan Mutu dan Relevansi Pembelajaran yang Berorientasi pada Pembentukan Karakter*. Pikeun ngarojong éta Tujuan Strategis Kemdikbud, Ditjen Guru dan Tenaga Kependidikan ngayakeun Program Gerakan Ngukuhan Atikan Karakter 'Gerakan Penguatan Pendidikan Karakter (PPK)'. PPK di sakola pikeun mageuhan karakter siswa ngaliwatan harmonisasi olah hati (etik), olah rasa (estetik), olah pikir (literasi), jeung olah raga (kinestetik). Ieu hal dirojong ku ulubiungna masarakat jeung babarengan antara pihak sakola, kulawarga, katut masyarakat nu mangrupa bagian tina Gerakan Nasional Revolusi Mental (GRMN). Larapna éta PPK téh bisa *berbasis kelas, berbasis budaya sakola, berbasis masarakat* (kulawarga jeung komunitas). Dina raraga ngarojong kawijakan Gerakan PPK, ieu modul gumulung jeung lima ajén utama PPK nyaéta, religius, nasionalis, mandiri, gorong royong, jeung integrasi. Ieu hal kacida pentingna, pikeun mekelan siswa dina raraga nyanghareupan degradasi moral, étika, jeung budi pekerti.

Profési guru jeung tenaga kependidikan kudu dihargaan jeung ditingkatkeun minangka profési anu luhur martabatna seperti anu diamanahkeun dina Undang-Undang Nomor 14 Tahun 2015 ngeunaan Guru jeung Dosén. Ieu hal dibalukarkeun guru jeung tenaga kependidikan téh mangrupa tenaga profésional anu mibanda fungsi, peran, jeung kalungguhan anu kacida pentingna dina ngahontal visi pendidikan 2025, nyaeta: "*Menghasilkan Insan Indonesia Cerdas dan kompetitif (Insan Kamil/Insan Paripurna.*" Anu dimaksud insan Indonesia anu cerdas nyaeta insan anu cerdas sagemblengna sacara komprehensif anu ngawengku: cerdas spiritual, cerdas emosional, cerdas social, cerdas intelektual, jeung cerdas kineestetik. Patali jeung ieu hal, aya lima nilai utama karakter, nyaéta: religius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Program Diklat Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru Basa Sunda dilaksanakeun ku PPPPTK TK PLB. Diklat Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru basa Sunda merlukeun modul pikeun salah

sahiji sumber diajar. Modul basa Sunda mangrupa bahan ajar anu dirancang sangkan pamilon diklat mampuh diajar kalawan mandiri.

Ieu modul judulna: *Modul Diklat Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru Basa Sunda Kelompok Kompetensi C*. Sakabéh modul anu disadiakeun keur bahan diklat téh aya sapuluh kelompok kompetensi, masing-masing sajlid.

Modul Diklat Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru Basa Sunda *Kelompok Kompetensi C* ngawengku 4 matéri poko, judul-judulna, nyaéta: (1) Pamarekan Komunikatif, jeung Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda di SMP, (2) Modél-modél Pangajaran Basa Sunda Dumasar Kurikulum 2013 di SMP, (3) Tatakrama Basa, Pola Sora Basa, jeung Téks Éksplanasi, sarta (4) Wangun jeung Struktur Guguritan sarta Carita Pondok di SMP.

Kompeténsi pédagogik jeung kaprofésional dina ieu modul, gumulung jeung konsép PPK anu ngawengku lima ajén-inajén dasar, nyaéta religius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

(1) Ajén *religius* bisa katingali tina pengkuh dina ngalaksanakeun ibadah, taat kana ajaran agama nu dicepengna, toleransi/ ngajénan agama nu séjénna, pengkuh pamadegan, percaya diri, sosobatan, ihlas, teu maksakeun kahayang sorangan, tur ngariksa kana sakumna ciptaan Mantenna.

(2) Ajén *nasionalis* katitén tina cara mikir jeung paripolah anu satia, *peduli*, tur ngajén kana bédana basa, lingkungan fisik, sosial, budaya, ekonomi, sarta pulitik. Cindekna, kapentingan balaréa jadi hal anu kudu diheulakeun.

(3) Ajén *mandiri* bisa katitén tina sikep: ngahargaan/ngaapresiasi budaya sorangan, ngariksa budaya sorangan, pinunjul tur mimoga préstasi, nyaah ka lemah cai, ngajaga lingkungan sabudeureunana, disiplin, jeung ngajénan rupaning budaya, suku, jeung agama.

(4) Ajén *gotong royong* ébréh tina paripolah : silih hargaan, daék gawé bareng, inklusif, miboga komitmen kana hasil rembugan saréréa, musawarah mupakat, silih tulungan, anti diskriminatif, rempug jukung sauyunan dina nyanghareupan pasualan, sarta resep nyarita jeung teu kurung batok.

(5) Ajén *integritas* ébréh tina paripolah: jujur, satia, miboga komitmen moral, anti korupsi, adil, tanggung jawab, suri teladan, jeung silih hargaan.

Lima ajén-inajén di luhur ébréh dina ieu modul, boh dina tujuan, matéri, latihan, atawa lumangsungna prosés pangajaran. Sanggeus medar ieu modul, guru dipiharep mampu ngaronjat kompeténsina boh kompetensi pedagogik boh profésional tur ngalarapkeun ajén-inajén PPK dina hirup kumbuh sapopoé, boh keur dirina sorangan boh keur siswana.

B. Tujuan

Tujuan anu baris dihontal ieu matéri Modul Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru Basa Sunda Kelompok Kompetensi C, diwincik dina Kompetensi Inti (KI), Standar Kompetensi Guru (SKG), jeung Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK). Tujuan sejenna, sanggeus maca ieu modul, guru mampu miboga ajén inajén atikan karakter réligius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Kompeténsi Inti (KI)

2. *Menguasai teori belajar dan prinsip-prinsip pembelajaran yang mendidik.*
3. *Mengembangkan kurikulum terkait dengan mata pelajaran yang diampu.*
4. *Menyelenggarakan pembelajaran yang mendidik.*
20. *Menguasai materi, struktur, konsep, dan pola pikir keilmuan yang mendukung mata pelajaran yang diampu.*

Standar Kompetensi Guru (SKG)

- 3.2 *Menerapkan berbagai pendekatan, model, strategi, metode, dan teknik pembelajaran yang mendidik secara kreatif dalam mata pelajaran yang diampu.*
- 4.6 *Mengambil keputusan transaksional dalam pembelajaran yang diampu sesuai dengan situasi yang berkembang.*
- 20.2. *Memahami kedudukan, fungsi, dan ragam Bahasa Sunda.*
- 20.3 *Menguasai kaidah bahasa Sunda sebagai rujukan penggunaan*

bahasa Sunda yang baik dan benar.

20.5 Memahami teori dan genre sastra Sunda.

20.6 Mengapresiasi karya sastra Sunda, secara reseptif dan produktif.

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

3.2.1 Menentukan penerapan pendekatan komunikatif dan saintifik dalam pembelajaran bahasa Sunda.

3.2.2 Menentukan fase-fase Model pembelajaran (Discovery Learning, Problem Based Learning, dan atau Project Based Learning) dalam pembelajaran bahasa Sunda.

20.2.5 Menjelaskan tatakrama bahasa Sunda.

20.2.6 Mengidentifikasi ciri ragam bahasa Sunda ragam halus.

20.2.7 Membedakan bahasa Sunda halus dan bahasa kasar.

20.3.1 Membedakan ucapan bunyi bahasa Sunda


20.3.2 Menentukan pola-pola bunyi bahasa Sunda

20.3.3 Mengidentifikasi struktur teks eksplanasi.

20.5.8 Menjelaskan bentuk dan struktur guguritan.

20.5.12 Mengidentifikasi bentuk dan unsur intrinsik carpon.

C. Peta Kompetensi



Peta Kompetensi Diklat Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru
Basa Sunda Kelompok Kompetensi C

D. Ambahan

Ieu di handap ambahan bahan Diklat Pengembangan Keprofesian Berkelanjutan Guru Basa Sunda Kelompok Kompetensi C dibarung ku ajén inajén PPK anu ngawengku : religius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

1. Pamarekan Komunikatif jeung Saintifik dina Pangajaran Pangajaran Basa Sunda di SMP, ngawengku: (1) Hakékat Pamarekan Komunikatif; (2) Karakteristik Kamampuh Komunikatif, (3) Aspék-aspek Anu Raket

Patalina jeung Pamarekan Komunikatif, (4) Conto Larapna Pamarekan Komunikatif dina Pangajaran Basa Sunda, (5) Ésénsi Pamarekan Saintifik, (6) Prinsip-prinsip Pamarekan Saintifik, (7) Pangalaman Diajar dina Pamarekan Saintifik, jeung (8) Conto Pamarekan Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda.

2. Modél Pangajaran Basa Sunda di SMP Dumasar Kurikulum 2013, ngawengku: (1) Wangenan Modél Pangajaran *Berbasis Penemuan (Discovery Learning)*, (2) Léngkah-léngkah Operasional Impleméntasi Modél Pangajaran *Discovery Learning* dina Prosés Diajar Ngajar, (3) Cara Meunteun Modél Pangajaran *Discovery Learning*, (4) Conto Modél Pangajaran *Discovery Learning* Pangajaran Basa Sunda, (5) Wangenan Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL), (6) Udagan Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL), (7) Prinsip-prinsip Prosés Diajar Ngajar dina Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL), (8) Léngkah-léngkah Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL), (9) Cara Meunteun Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL), (10) Wangenan Modél Pangajaran Berbasis Proyék (PjBL), (11) Karakteristik PjBL Modél Pangajaran Berbasis Proyék (PjBL), (12) Kaunggulan jeung Kahéngkéran Modél Pangajaran Berbasis Proyék (PjBL), (13) Léngkah-léngkah Operasional Modél Pangajaran Berbasis Proyék (PjBL), (14) Cara Meunteun Modél Pangajaran Berbasis Proyék (PjBL).
3. Tatakrama Basa, Pola Sora Basa Sunda, jeung Téks Eksplanasi ngawengku: (1) Wangenan Tatakrama Basa, (2) Prinsip Tatakrama Basa, (3) Ragam Tatakrama Basa, (4) Nu Maké jeung Nu Dicaritakeun, (5) Galur Omongan, (6) Laku Basa, (7) Amanat omongan, (8) Wangenan Undak Usuk Basa, (9) Larapna Basa Sunda dina Kalimah, (10) Basa Sunda Lemes keur Sorangan dina Kalimah, (11) Basa Sunda Lemes keur ka Batur dina Wangun Kalimah, (12) Ambahan Pola Sora Basa Sunda, (13) Pola Sora Basa, Fonem, jeung Aksara, (14) Alat Ucap, (15) Vokal, (16) Konsonan, (17) Runtuyan Sora, Engang, jeung Kecap, (18) Kluster, (19) Wangun Téks Eksplanasi, (20) Struktur Téks Eksplanasi, jeung (21) Kaedah Basa Téks Eksplanasi.

4. Guguritan jeung Carita Pondok di SMP ngawengku: (1) Sajarah Guguritan, (2) Harti Guguritan, (3) Bédana Guguritan jeung Wawacan, (4) Nulis Naskah Guguritan, (5) Wangun Guguritan, (6) Struktur Gugurita, (7) Adegan Pupuh, (8) Wangenan Carita Pondok, (9) Ciri-ciri Carita Pondok, (10) Kamekaran Carita Pondok, jeung (11) Wangun jeung Unsur Intrinsik Carita Pondok.

E. Cara Ngagunakeun Modul

Aya sawatara hal nu perlu diéstokeun dina ngulik ieu modul. *Kahiji*, Sadérék kudu percaya diri yén ieu modul téh aya mangpaatna. *Kadua*, Sadérék kudu narékahan kalawan kréatif sangkan meunang informasi optimal tina modul. *Katilu*, Sadérék perlu maca sacara mandiri, niténan jeung migawé latihan kalawan babarengan nu dipidangkeun dina ahir pedaran. Titénan jeung pigawé tiap bagian kalawan daria. Sangkan teu poho, jieun catetan husus tina tiap bahan nu dipidangkeun. Ulah poho migawé sakur latihan-latihan jeung évaluasi dina saban bagian modul.

Kamampuh atawa kompetensi Sadérék ngeunaan ieu bahan kagiatan diajar baris dinilai ku hasil tés jeung laporan pancén pribadi. Dina maca, nengétan, jeung ngulik bahan-bahan nu aya dina ieu modul Sadérék dipiharep macana jeung ngulikna kalawan mandiri, konsentrasi, sistematis, tur taliti. Lamun manggihan bangbaluh dina mahamkeunana jeung dina ngajawab latihan atawa soal, Sadérék bisa sawala babarengan jeung kancamitra séjénna atawa nanyakeun ka fasilitator.

PÉDAGOGIK:

**PAMAREKAN KOMUNIKATIF,
SAINTIFIK, JEUNG MODÉL-MODÉL
PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP**

KAGIATAN DIAJAR 1

PAMAREKAN KOMUNIKATIF JEUNG SAINTIFIK DINA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 1 ngawengku ieu di handap.

1. Sanggeus diskusi, pamilon diklat dipiharep mampu ngaidéntifikasi karakteristik kamampuh komunikatif kalawan percaya diri.
2. Tina diskusi, pamilon diklat mampu ngawincik aspék-aspék anu raket patalina jeung pamarekan komunikatif kalawan gawé bareng.
3. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon diklat dipiharep mampu ngajéntrékeun hakékat pamarekan saintifik kalawan taliti.
4. Sanggeus maca pedaran matéri, pamilon diklat mampu ngajéntrékeun enas-enasna pamarekan saintifik kalawan percaya diri.
5. Sanggeus diskusi, pamilon diklat mampu ngaidéntifikasi prinsip-prinsip pamarekan saintifik kalawan taliti.
6. Sanggeus sawala, pamilon diklat mampu nyieun conto larapna pamarekan saintifik dina pangajaran basa Sunda kalawan kréatif.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Indikator kahontalna kompeténsi kagiatan diajar 1, ngawengku ieu ditataan di handap.

1. Ngaidéntifikasi karakteristik kamampuh komunikatif.
2. Ngawincik aspék-aspék anu raket patalina jeung pamarekan komunikatif.
3. Ngajéntrékeun hakékat pamarekan saintifik.
4. Ngajéntrékeun ésénsi pamarekan saintifik.
5. Ngaidéntifikasi prinsip-prinsip pamarekan saintifik.
6. Nyieun conto larapna pamarekan saintifik dina pangajaran basa Sunda.

C. Pedaran Matéri

1. Pamarekan Komunikatif dina Pangajaran Basa Sunda di SMP

a. Hakékat Pamarekan Komunikatif

Kurikulum 2013 nétélakeun yén basa mibanda peran penting minangka wahana pikeun ngaéksprésikeun rasa jeung pikiran kalawan éstétis sarta logis (Kemdikbud, 2015: iii). Dina hiji kondisi, basa henteu diperedih pikeun ngaéksprésikeun hiji hal kalawan éfisién, lantaran pangarang hayang ngebréhkeun kahayangna, ideu, rasa, gagasan, kalawan éndah nepi ka mampuh ngahudang perasaan nu maca. Tapi, basa téh diperedih ogé kudu éfisién tur éféktif dina ngébréhkeun rasa, pikiran, kahayang, ideu kalawan logis tur objéktif supaya gampang kaharti ku nu maca. Éta dua pamarekan téh dina pangajaran basa kudu saimbang.

Luyu jeung slogan Kurikulum 2013 “Basa Éksprési Diri jeung Akademik”, dina hakekatna mah diajar basa téh nyaéta diajar komunikasi. Ku kituna, pangajaran basa Sunda kudu dipuseurkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina komunikasi ku cara ngagunakeun basa Sunda boh lisan atawa tulisan.


Pamarekan komunikatif nyaéta pamarekan pangajaran basa anu mibanda tujuan pikeun ngawangun kompetensi komunikatif. Salian ti éta, pamarekan komunikatif ogé digunakeun pikeun mekarkeun prosédur-prosédur opat kaparigelan basa, nu ngawengku: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Hartina, pangajaran téh dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh komunikasi basa Sunda siswa, boh lisan atawa tulisan, boh resmi boh teu resmi. Pamarekan komunikatif pikeun mekarkeun kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis basa Sunda, saperti katingal dina gambar di handap.



Gambar 1. 1 Kaparigelan Ngaregepkeun, Nyarita, Nulis, jeung Maca
<http://www.frewaremini.com> <http://bjangry.blogspot.co.id> www.flickr.com


b. Tujuan Pamarekan Komunikatif dina Pangajaran Basa Sunda di SMP

Patali jeung kompeténsi komunikatif, Canale jeung Swain (dina Solichan, 2001:6.19) nétélakeun yén aya opat unsur anu raket patalina jeung kamampuh komunikatif téh, nyaéta: (1) kamampuh gramatikal nyaéta kamampuh panyatur ngagunakeun ugeran tatabasa, (2) kamampuh sociolinguistik, nyaéta kamampuh panyatur paham kana kontéks sosial tempat lumangsungna komunikasi, (3) kamampuh wacana, nyaéta kamampuh panyatur dina midangkeun maksud-maksud komunikasi kalawan merenah, jeung (4) kamampuh stratégi, nyaéta kamampuh panyatur dina ngagunakeun rupa-rupa stratégi waktu komunikasi.



Gambar 1. 2 Kamampuh Komunikatif numutkeun Canale jeung Swain

Numutkeun Celce-Murcia, spk (1995), kompeténsi komunikatif ngawengku: (a) kompeténsi kabasaan, (b) kompeténsi aksional, (c) kompeténsi sosiokultural, jeung (d) kompeténsi strategis. Pedaran ieu di handap, ngajéntrékeun opat kompeténsi komunikatif.



Gambar 1. 3 Opat Kompeténsi Komunikatif numutkeun Celce-Murcia, spk. (1995)

Larapna dina pangajaran basa Sunda di SMP saperti ieu di handap.

1) Kompetensi Kabasaan

Kompeténsi kabasaan téh asup kana ranah kapasitas gramatikal jeung léksikal basa Sunda. Guru SMP dianggap mibanda kompeténsi kabasaan basa Sunda lamun mampuh: cara ngalafalkeun, éjahan, kaidah wangun kecap, ugeran kalimah baku, ugeran kabeungharan, jeung ugeran ma'na basa Sunda.

2) Kompetensi Aksional

Kompeténsi aksional disebut ogé kompeténsi tindak basa, lantaran dipatalikeun jeung waktu ngagunakeun basa Sunda. Waktu ngagunakeun basa lisan, misalna: guru SMP muji siswana, guru SMP ménta informasi ngeunaan hiji hal jst.

3) Kompetensi Sosiokultural

Kompeténsi sosiokultural, pakait jeung kontéks sosio-kultural dina waktu lumangsungna komunikasi. Guru SMP ngagunakeun basa Sunda kudu luyu jeung kontéks di mana jeung iraha éta basa Sunda digunakeunana.

4) Kompetensi Stratégis

Kompeténsi stratégi pakait jeung kuatna stratégi dina waktu lumangsungna komunikasi ngagunakeun basa Sunda nu ngawengku: ngamimitian, eureun, mertahankeun, ngoméan, jeung museurkeun deui komunikasi.

c. Prinsip-prinsip Pamarekan Komunikatif dina Pangajaran Basa Sunda di SMP


Prinsip-prinsip pamarekan komunikatif numutkeun Richards (2006), ngawengku: (1) komunikasi anu nyata jadi fokus dina pangajaran basa Sunda ; (2) guru méré kasempetan ka siswa pikeun ngalaksanakeun ékspérimén rupa-rupa kompeténsi anu geus kapimilik ku dirina; (3) guru méré toléransi kana kasalahan-kasalahan basa Sunda anu dilakukeun ku siswa, lantaran jadi pituduh ayana prosés mekarkeun kompeténsi komunikasi; (4) guru méré kasempetan ka siswa pikeun mekarkeun

kalancaran ngagunakeun basa; (5) guru matalikeun rupa-rupa kaparigelan basa Sunda nu ngawengku: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis kalawan babarengan; jeung (6) guru ngondisikeun siswa sangkan manggihan sorangan tata aturan basa.


d. Karakteristik Kamampuh Komunikatif

Aya sawatara karakteristik kamampuh komunikasi (Santosa spk., 2008: 237), nu ngawengku: (1) kompetensi komunikatif sipatna dinamis. Hartina, kompetensi gumantung kana négosiasi ma'na antara dua urang panyatur atawa leuwih; (2) kompetensi komunikatif ngawengku ngagunakeun basa lisan jeung tulisan; (3) kompetensi komunikasi sipatna kontéktual, lumangsung dina hiji kontéks; (4) kompetensi komunikatif ngawengku kompetensi basa (gramatikal jeung kamampuh nyieun aturan gramatikal) sarta prakna ngagunakeun basa; jeung (5) kompetensi komunikatif sipatna rélatif, gumantung aspék internal boh éksternal.

Pamarekan komunikatif boga opat karakteristik, nu ngawengku: (1) *kahiji*, sasaran kelas difokuskeun kana sakabéh komponén komunikasi napak dina kompetensi gramatikal atawa linguistik; (2) *kadua*, téhnik-téhnik pangajaran basa dirancang pikeun ngaaktipkeun siswa ngagunakeun basa kalawan pragmatis, oténtik, fungsional, jeung aya ma'na; (3) *katilu*, parigel jeung merenah mangrupa prinsip-prinsip anu ngalengkepan téhnik-téhnik komunikatif; jeung (4) *kaopat*, di kelas kudu produktif ngagunakeun basa jeung merenah luyu kontéksna.



Gambar 1. 4 Komunikasi Fungsional



Gambar 1. 5 Komunikasi Interaksi Sosial

e. Aspék-aspek anu Raket Patalina jeung Pamarekan Komunikatif

Aya dalapan aspék anu raket patalina jeung pamarekan komunikatif (Nunan, 1989 dina Solchan, spk.2001:6.6). Hiji-hijina bisa ditingali dina tabél ieu di handap.

Tabel 1.1 Aspék-aspek anu Raket Patalina jeung Pamarekan Komunikatif

No.	Aspék	<i>Keberma'naan dina Pamarekan Komunikatif</i>
1	2	3
1.	Tiori Basa	Pamarekan komunikatif dumasar kana téori basa anu nétélakeun yén hakékatna basa téh nyaéta sistem pikeun ngaéksprésikeun ma'na, anu tujuan utamana kana diménsi sémantik jeung komunikatif tibatan kana ciri-ciri gramatikal basa. Ku kituna, nu jadi hal utamana masalah interaksi komunikasi basa.
2.	Tiori Diajar	Tiori diajar anu luyu jeung pamarekan komunikatif nyaéta tiori <i>pemerolehan</i> basa kahiji kalawan alamiah. Ieu tiori nganggap yén diajar basa baris éféktif lamun diajarkeun kalawan alamiah, nepi ngaliwatan komunikasi langsung ngagunakeun éta basa.
3.	Tujuan	Pangabutuh siswa dina diajar basa raket patalina jeung pangabutuh pikeun komunikasi. Ku kituna, tujuan pangajaran basa nyaéta mekarkeun kamampuh siswa pikeun bisa komunikasi. Jadi, ayana kagiatan aworna kompeténsi jeung pérformansi komunikasi.
4.	Silabus	Silabus pangajaran kudu disusun luyu jeung tujuan pangajaran jeung pangabutuh siswa.
5.	Tipe Kagiatan	Dina pangajaran basa Sunda anu nerapkeun pamarekan komunikatif, siswa dibawa kana situasi komunikasi anu nyata, saperti silih tukeuran informasi, négosiasi riil, jst.
6.	Peran Guru	Peran guru dina pangajaran anu nerapkeun pamarekan komunikatif, utamana salaku fasilitator, partisipan, analisis pangabutuh, konselor, jeung manajer prosés diajar.

No.	Aspék	<i>Keberma'naan</i> dina Pamarekan Komunikatif
7.	Peran Siswa	Peran siswa dina pangajaran basa Sunda anu nerapkeun pamarekan komunikatif minangka nu ngajalankeun jeung nu narima, negosiator, jeung interaktor. Ku kituna siswa henteu ngan saukur pangabisa kana wangun basa, tapi ogé nyangkeum wangun jeung ma'na basa nu dipatalikeun jeung kontéks dipakéna éta basa.
8.	Peran Matéri	Matéri kudu dirancang jeung diajarkeun ka siswa dina raraga ngarojong usaha ngaronjatkeun kaparigelan basa.

Sumber: diadaptasi tina Santosa, Universitas Terbuka, 2008:2.36

Larapna pamarekan komunikatif dina pangajaran basa Sunda dibagi jadi dua kagiatan, nyaéta kagiatan anu museurkeun kana *parigel* (*activities focusing on fluency*) jeung kagiatan anu museurkeun *merenah* (*activities focusing on accuracy*). Guru basa Sunda di SMP disarankeun sangkan ngagunakeun dua jenis kagiatan kalawan saimbang.

Kagiatan basa Sunda anu museurkeun kana *parigel* (*activities focusing on fluency*), ngawengku: (1) ngaréfléksikeun ngagunakeun basa kalawan alamiah; (2) fokus kana kahontalna tujuan komunikasi; (3) ngagunakeun basa kalawan *berma'na*; (4) ngagunakeun stratégi komunikasi; (5) ngahasilkeun basa anu mungkin muncul ngadadak teu diduga-duga; jeung (6) ngagunakeun basa luyu jeung kontéks digunakeunanan basa Sunda.

2. Pamarekan Saintifik dina Pangajaran Tematik Terpadu Basa Sunda di SMP

a. Ésénsi Pamarekan Saintifik di SMP

Dumasar kana Permendikbud No 22 Taun 2016 ngeunaan Standar Proses Pendidikan Dasar dan Menengah, nétélakeun yén karakteristik pangajaran dina unggal-unggal satuan pendidikan raket patalina jeung Standar Kompetensi Lulusan jeung Standar Isi. Standar kompetensi Lulusan méré kerangka konseptual ngeunaan sasaran pangajaran anu kudu dihontal. Standar Isi méré kerangka konseptual ngeunaan kagiatan diajar jeung pangajaran anu diturunkeun tina tingkat kompetensi jeung ambahan matéri.

Luyu jeung Standar Kompetensi Lulusan, sasaran pangajaran ngawengku mekarkeun ranah sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan anu diélaborasi

pikeun tiap satuan pendidikan. Eta tilu ranah kompetensi téh miboga *lintasan perolehan* (proses psikologis) anu béda. Sikep baris dipimilik ngaliwatan proses: “narima, ngajalankeun, ngahargaan, neuleuman, jeung ngamalkeun”. Pangaweruh baris dipimilik ngaliwatan aktivitas: “narima, paham, nerapkeun, ngaanalisis, ngaévaluasi, nyiptakeun.” Kaparigelan baris dipimilik ngaliwatan aktivitas“ nengetan, nanya, nyoba, nalar, nyodorkeun, jeung nyiptakeun.”

Karakteristik kompetensi sarta bédana *lintasan pemerolehan* mangaruhan kana karakteristik Standar Proses. Pikeun mageuhan ilmiah (*scientific*), tematik terpadu (tematik antar mata pelajaran), jeung tematik (dina hiji matapelajaran) perlu diterapkeun pangajaran berbasis ‘*penyingkapan*’/panalungtikan (*discovery/inquiry learning*). Pikeun ngarojong kamampuh peserta didik dina raraga ngahasilkeun karya kontéktual, boh individual boh kelompok, kukituna disarankeun ngagunakeun pamarekan anu ngahasilkeun karya berbasis ngungkulan masalah (*project based learning*).

Ieu di handap gradasi sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan.

Sikep	Pangaweruh	Kaparigelan
Narima	Nginget-nginget	Nengetan
Ngajalankeun	Paham	Nanya
Ngahargaan	Nerapkeun	Nyoba
Neuleuman	Ngaanalisis	Nalar
Ngamalkeun	Ngaévaluasi	Nyodorkeun
		Nyipta

Karakteristik/ciri pangajaran diluyukeun jeung karakteristik kompetensi. Pangajaran tematik di SMP/MTs/SMPLB/Paket B diluyukeun jeung tingkat mekarna peserta didik. Prosés pangajaran di SMP/MTs/ SMPLB/Paket B diluyukeun jeung karakteristik kompetensi anu gawanohkeun mata pelajaran tematik terpadu IPA jeung IPS.

Sacara umum, pamarekan diajar anu dipilih, dumasar kana tiori ngeunaan taksonomi tujuan atikan anu geus lima dasawarna dipikawanoh sacara umum. Dumasar éta tiori taksonomi, target pangajaran anu kudu dihontal diklasifikasikeun kana tilu ranah, nyaéta: ranah kognitif, aféktif, jeung psikomotor. Undang-undang No. 20 Taun 2003 ngeunaan Sistem

Pendidikan Nasional geus ngaadopsi éta taksonomi dina wangun sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan.

Prosés pangajaran sagemblengna dipuseurkeun kana mekarna éta tilu ranah sacara gembleng/holistik, hartina mekarna ranah nu hiji teu bisa dipisahkeun tina ranah nu séjénna. Ku kituna, prosés pangajaran sacara gembleng baris ngalahirkeun kualitas pribadi anu masagi.

Pamarekan saintifik mangrupa titincakan emas pikeun ngamekarkeun sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan siswa. Dina prosés gawé anu nedunan kriteria ilmiah, para ilmuwan leuwih nyoko kana nalar induktif (*inductive reasoning*) dibandingkeun jeung nalar deduktif (*deductive reasoning*). Pamarekan deduktif dimimitian ku cara ngajéntrékeun fénoména kalawan umum diteruskeun kana nyieun kacindekan kalawan khusus (*spesifik*). Sabalikna, pamarekan induktif dimimitian ku cara ngajéntrékeun fénoména atawa situasi anu khusus (*spesifik*) diteruskeun kana nyieun kacindekan anu sipatna umum.

Pamarekan saintifik supaya bisa disebut ilmiah, kudu dumasar kana bukti-bukti tina obyék anu bisa diobservasi, sipatna émpiris jeung bisa diukur kujalan ngagunakeun prinsip-prinsip nalar anu spésifik ogé. Ku kituna, pamarekan ilmiah umumna ngawengku prosés aktivitas ngumpulkeun data ngaliwatan observasi, ngumpulkeun data/éksperimén, asosiasi/ngolah data, jeung ngomunikasikeun.




biologipedia.blogspot.com

Gambar 1. 6 Penerapan Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda


Pangajaran dina Kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik atawa pamarekan *berbasis prosés kaélmuan*. Pamarekan saintifik bisa ngagunakeun sababaraha stratégi atawa modél pangajaran kontéktual.

Dina ieu pedaran diwanohkeun model pangajaran: *Discovery Learning/Inquiry Learning* jeung *Project-Based Learning*. Leuwih ecesna bisa ditingal dina gambar 1.1



Gambar 1. 7 Modél Pangajaran Basa Sunda di SMP

Kurikulum 2013 ngagunakeun stratégi diajar ngajar langsung (*direct instructional*) jeung henteu langsung (*indirect learning*). Diajar ngajar langsung nyaéta prosés pikeun mekarkeun pangaweruh, kamampuh mikir, jeung kaparigelan ngagunakeun éta pangaweruh ngaliwatan interaksi langsung jeung sumber diajar anu dirancang dina silabus jeung RPP.



Gambar 1. 8
Stratégi Pangajaran Langsung jeung teu Langsung


Dina kagiatan diajar ngajar anu sipatna langsung siswa ngalakukeun kagiatan observasi, nanya, ngumpulkeun informasi, nyoba, asosiasi/ngolah informasi, jeung ngomunikasikeun. Kagiatan diajar ngajar langsung baris ngahasilkeun pangaweruh jeung kaparigelan anu sipatna langsung ogé, disebut dampak pangajaran (*instructional effect*). Dina

Kurikulum 2013, kagiatan diajar ngajar anu langsung raket patalina jeung ngamekarkeun pangaweruh jeung kaparigelan nu aya dina KI3 (pangaweruh) jeung KI4 (kaparigelan). Dina kagiatan diajar ngajar anu sipatna teu langsung, maksudna salila lumangsungna kagiatan diajar ngajar baris ngahasilkeun dampak pengiring (*nurturant effect*). Dina Kurikulum 2013, kagiatan diajar ngajar anu teu langsung raket patalina jeung sikep nu aya dina KI-1 (sikep spiritual) jeung KI-2 (sikep sosial).

Aya sababaraha istilah anu digunakeun dina lumangsung kagiatan diajar, nyaéta: (1) *pamarekan*, (2) *modél*, (3) *stratégi*, jeung (4) *metodeu pangajaran*. Sangkan leuwih écés, Sadérék baca pedaran ieu di handap!

- 1) Pamarekan pangajaran mangrupa cara pandang guru anu digunakeun pikeun nyiptakeun lingkungan pangajaran luyu jeung kompeténsi.
- 2) Modél pangajaran, mangrupa karangka konséptual jeung operasional anu mibanda ngaran, ciri, urutan logis, aturan, jeung budaya.
- 3) Stratégi pangajaran mangrupa léngkah-léngkahsistematik jeung sistemik pikeun nyiptakeun lingkungan pangajaran luyu jeung kompeténsi.
- 4) Metodeu pangajaran mangrupa cara atawa téhnik anu digunakeun ku guru dina kagiatan diajar ngajar, contona: ceramah, tanya jawab.

Hasil ahir pamarekan saintifik nyaéta imbangna kamampuh siswa pikeun jadi manusa anu bener (*soft skills*) jeung kamampuh siswa pikeun jadi manusa anu mibanda kaparigelan tur pangaweruh sangkan bisa hirup kumbuh anu manjing di masarakat (*hard skills*). Ieu di handap aya gambar ngeunaan gumulungna ranah sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan dina ngalahirkeun siswa produktif, inovatif, kréatif, tur afektif.



Gambar 1. 9 Ranah Prosés Pangajaran

b. Prosés Pangajaran Dumasar Pamarekan Saintifik

Impleméntasi pamarekan saintifik mangrupa cara ngaorganisasikeun pangajaran ngaliwatan prosés:

- 1) néngétan (*observation*);
- 2) nanya (*questioning*);
- 3) ngumpulkeun informasi/nyoba (*data collection/experiment*);
- 4) asosisasi/ngolah informasi (*association*); jeung
- 5) ngomunikasikeun (*communication*).



Gambar 1. 10 Pamarekan Saintifik

1) Nengetan (*Obsevasi*)

Nengetan (*observasi*) ngutamakéun *keberma'naan* prosés pangajaran (*meaningfull learning*). Observasi gedé pisan mangpaatna pikeun nedunan rasa hanyang nyaho siswa, kukituna pangajaran mibanda *keberma'naan* anu luhung. Dina pangajaran basa Sunda kagiatan observasi dilakukeun ku cara nangtukeun léngkah-léngkah ieu di handap.

- a) Nangtukeun obyék anu kudu diobservasi.
- b) Nyieun pedoman observasi luyu jeung obyék anu rék diobservasi;
- c) Nangtukeun data-data anu rék diobservasi, boh data primer boh data sekundér.
- d) Nangtukeun tempat observasi.
- e) Nangtukeun kalawan jéntré skenario obsérvasi, sangkan data bisa dikumpulkeun kalawan gampang tur lancar.
- f) Nangtukeun cara nyatet hasil observasi, saperti ngagunakeun buku catetan, kaméra, tape récordeur, video perékam, jeung alat tulis nu séjénna.

2) Nanya

Dina Kurikulum 2013 kagiatan nanya dipiharep muncul ti diri siswa. Kagiatan nanya dilakukeun ku cara nyodorkeun pananya ngeunaan informasi anu henteu kacangkem atawa anu teu kaharti ngeunaan obyék anu diobservasi ku siswa, atawa bisa ogé pananya pikeun nambahan informasi ngeunaan obyék anu diobservasi. Nanya dimimitian ku panalék faktual nepi ka panalék hipotétik).

Nanya bisa ogé anu henteu bisa diébréhkeun kalawan lisan atawa tulisan, tapi masih aya dina alam pikiran siswa. Pikeun mancing siswa supaya nanya, guru kudu méré kasempetan anu salega-legana ka siswa pikeun nyodorkeun pananya. Sok sanajan kitu, kagiatan guru anu nanya ogé masih penting, jadi guru nanya ka siswa ogé masih diperlukeun.

Tingkatan Panalék

Panalék guru anu bener tur merenah bisa ngainspirasi siswa pikeun méré jawaban anu bener tur merenah. Bobot panalék ngagambarkeun tingkatan kognitif ti handap nepi ka luhur bisa ditengetan dina tabél 1.2.

Tabel 1.2 Tingkatan Panalék Kognitif

Tingkatan	Subtingkatan	Kecap-kecap Konci	
Kognitif Tingkat Handap	Pengetahuan (<i>knowledge</i>)	• Naon.... • Saha.... • Iraha • Dimana • Sebutkeun • Jodokeun	• Pasangkeun • Sasaruwaan kecap... • Golongkeun... • Béré ngaran....
	Pemahaman (<i>comprehension</i>)	• Terangeun... • Bédakeun... • Terjemahkeun.. • Cindekkeun...	• Bandingkeun • Robah.. • Jieun interprétasi...
	Penerapan (<i>application</i>)	• Gunakeun... • Tunjukkeun... • Jieun... • Démonstrasi...	• Téangan patalina ... • Tuliskeun conto... • Siapkeun... • Klasifikasikeun...
Kognitif Tingkat Luhur	Analisis (<i>analysis</i>)	• Jieun analisis... • Sodorkeun bukti-bukti..... • Kunaon... • Idéntifikasi.....	• Tuduhkeun sabab musababna... • Béré alesan-alesan....

Tingkatan	Subtingkatan	Kecap-kecap Konci	
	Sintésis (<i>syntehsis</i>)	• Ramalkeun ngeunaan... • Jieun wangun... • Ciptakeun... • Susun... • Rancang ... • Tuliskeun....	• Kumaha carana ngungkulan... • Kumaha jadina lamun... • Kumaha cara menerkeun... • Mekarkeun....
	Évaluasi (<i>evaluation</i>)	• Kumaha pamadegan Sadérék ngeunaan... • Jieun alternatif mana anu hadé ngeunaan... • Setuju henteu hidep ngeunaan... • Jieun kritikan ngeunaan....	• Jieun alesan ngeunaan... ▪ Peunteun... ▪ Bandingkeun.... ▪ Bédakeun....

3) Ngumpulkeun Informasi/ Ékspérimén (Nyoba)

Ngumpulkeun informasi/ ékspérimén kagiatan pangajaran, ngawengku:

1) ngalakukeun ékspérimén, 2) maca sumber séjénna salian ti buku téks, 3) nengetan obyek/kajadian/aktivitas; sarta 4) wawancara jeung narasumber.

Supaya kagiatan percobaan bisa lumangsung lancar, ku kituna guru kudu: 1) ngarumuskeun tujuan ékspérimén kalawan jéntré; 2) siswa nyiapkeun alat nu rék digunakeun; 3) kudu merhatikeun waktu jeung tempat; 4) nyadiakeun kertas kerja pikeun méré arahan ka siswa; 5) nepikeun masalah anu kudu diékspériménkeun; 6) ngabagi kertas kerja ka siswa; 7) ngabimbing siswa ngalaksanakeun ékspérimén; jeung 8) ngumpulkeun hasil gawé siswa diteruskeun ku meunteun.

4) Ngaasosiasi/Ngolah Informasi


Dina kagiatan ngaasosiasi/ngolah informasi aya kagiatan nalar. Istilah “*menalar*” dina raraga prosés pangajaran nu maké pamarekan ilmiah Kurikulum 2013 pikeun ngagambarkeun yén guru jeung siswa mangrupa palaku aktif. *Penalaran* nyaéta prosés mikir anu logis jeung

sistimatis ngeunaan fakta-fakta empiris anu bisa diobservasi pikeun nyieun kacindekan mangrupa pangaweruh.

Dina ieu kontéks istilah “nalar” mangrupa sasaruana tina *associating*, lain mangrupa terjemahan tina *reasonsing*, sok sanajan ieu istilah ogé hartina *menalar* atawa *penalaran*. Ku kituna, istilah aktivitas menalar dina kontéks pangajaran dina Kurikulum 2013 maké pamarekan ilmiah nyokot kana tiori diajar asosiasi.

Cara ngalarapkeun aktivitas pangajaran pikeun ngaronjatkeun daya nalar siswa: (1) guru nyusun bahan pangajaran sagemblengna, (2) guru henteu loba ngagunakeun metode ceramah atawa metode kuliah, (3) pancén utama guru nyaéta méré instruksi singget tapi jéntré dibarung ku conto-conto, (4) matéri pangajaran disusun luyu jeung jenjang atawa hirarkis, dimimitian tina bahan anu basajan nepi ka matéri anu kompléks, tina bahan anu deukeut jeung siswa kana matéri anu jauh jeung siswa, jst., 5) kagiatan pangajaran museur kana hasil diajar anu bisa diukur jeung diobservasi, (6) unggal-unggal kasalahan kudu gancang-gancang dibenerkeun, (7) perlu ayana latihan sangkan perilaku anu dipikahayang jadi kabiasaan, (8) évaluasi dumasar kana perilaku nyata (auténtik), (9) guru nyatet sagala kahéngkérangan diajar siswa pikeun matéri remedial, atawa sagala kamajuan diajar siswa pikeun matéri pangayaan.

5) Ngomunikasikeun



Dina kagiatan ngomunikasikeun bisa dibarung ku kagiatan kolaborasi. Pangajaran kolaboratif mangrupa filsafat personal. Dina pangajaran *berbasis* kolaboratif kewenangan jeung fungsi guru sipatna diréktif atawa manajer diajar.

Sabalikna, siswa kudu leuwih aktif. Siswa ngayakeun interaksi kalawan empati, silih hormat, sarta narima kakurangan jeung kaleuwihan masing-masing. Ku cara ieu, baris tumuwuh rasa aman pikeun

babarengan ngungkulan robahna jaman luyu jeung pamededih pangajaran.

c. Prinsip-prinsip Pamarekan Saintifik

prinsip-prinsip pamarekan saintifik ngawengku: (1) siswa dibéré jalan pikeun néangan kanyaho, (2) siswa diajar ngagunakeun rupa-rupa sumber, (3) prosés pangajaran ngagunakeun pamarekan saintifik, (4) pangajaran dumasar kana kompeténsi, (5) pangajaran terpadu, (6) pangajaran leuwih ngutamakéun jawaban rupa-rupa watek(*divergen*) siswa anu mibanda bebeneran nu sipatna multi diménsi (loba), (7) pangajaran dumasar kana kaparigelan aplikatif, (8) ngaronjatkeun kasimbangan, *kesinambungan* (tuluy tumuluy), jeung (a) pakaitna antara *soft skills* jeung *hard skills*; (b) pangajaran anu nerapkeun ajen-ajen(*ing ngarso sung tulodo*), ngawangun kahayang (*ing madyo mangun karso*), jeung mekarkeun karancagéan siswa dina prosés pangajaran (*tut wuri handayani*), (c) pangajaran lumangsung di imah, di sakola, jeung di masarakat, (d) ngamangpaatkeun teknologi informasi jeung komunikasi pikeun ngaronjatkeun efisensi jeung éféktifitas pangajaran, (e) pangajaran merhatikeun karakteristik kompeténsi siswa luyu jeung kasang tukang budayana; jeung (f) suasana diajar pikaresepeun.

d. Pangalaman Diajar dina Pendekatan Saintifik

Pamarekan saintifik ngawengku lima pangalaman diajar saperti anu dijéntrékeun dina ieu tabel.

Tabel 1.3 Déskripsi Léngkah Pangajaran Pamarekan Saintifik

Léngkah Pangajaran	Déskripsi Kagiatan	Wangun Hasil Diajar
Nengetan (<i>Observing</i>)	Déskripsi kagiatan nengetan maké indra (maca, ngadéngékeun, ngaregepkeun, nonton) maké alat atawa henteu maké alat.	Wangun hasil diajar nyoko kana nengetan hiji obyék/maca tulisan/ngadéngékeun paparan tur nyieun catetan ngeunaan hal anu ditengengetan, sarta waktu (<i>on task</i>) anu digunakeun pikeun observasi.
Nanya (<i>Questioning</i>)	Nyieun pananya jeung nyodorkeun pananya, tanya jawab, sawala ngeunaan informasi matéri anu tacan	Rupa, kualitas, jeung jumlah panalék nu disodorkeun ka siswa (panalék anu sipatna faktual, konséptual, prosédural, jeung

	dicangkem, atawa pikeun <i>klarifikasi</i> .	hipotétik)
Ngumpulkeun informasi/nyoba (<i>experimenting</i>)	Ngaéksplorasi, nyoba, sawala, ngadémonstrasikeun, niru wangun/gerak, ngalakukeun éksperimén, maca sumber lain salian ti buku téks, ngumpulkeun data tina sumber séjénna mangrupa angket, wawancara, jeung ngamodifikasi/nambahan/mekarkeun.	Jumlah jeung kualitas sumber anu digunakeun, kalengkepan informasi, validasi informasi anu dikumpulkeun, jeung instrumén/alat anu digunakeun.
nalar/ngaasosiasi (<i>associating</i>)	Ngolah inforamsi anu geus dikumpulkeun, ngaanalisis data dina wangun kategori, ngaasosiasi, atawa matalikeun fénoména/informasi dina raraga manggihan hiji hal.	Mekarkeun interprétasi, arguméntasi, jeung nyindekkeun patalina informasi tina dua fakta/konsép.
Ngomunikasikeun (<i>communicating</i>)	Nyodorkeun laporan dina wangun bagan, diagram, atawa grafik; nulis laporan, nyodorkeun laporan nu ngawengku: prosés, hasil, jeung kacindekkan kalawan lisan.	Nyodorkeun hasil kajian (tina observasi nepi ka nalar) dina wangun tulisan, grafis, media elektronik, multi media, jeung nu séjénna.

e. Conto Larapna Pamarekan Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda di SMP

Ieu di handap conto larapna Pamarekan Saintifik dina Kagiatan Inti RPP SMP. Kulantaran dina RPP, kukituna ieu conto ditulis dina basa Indonesia.

Mata Pelajaran: Bahasa Sunda

Kelas : VII/ SMP

Materi Pokok: Dongéng

Alokasi Waktu: 2 x 40 Menit

Langkah-langkah Saintifik dalam Kegiatan Inti RPP

1). Mengamati

- a). Peserta didik menerima dan membaca lembaran teks dongeng yang berjudul “Sasakala Situ Bagendit”
- b). Peserta mencermati gambar Situ Bagendit

2). Menanya

- a). Peserta didik bertanya tentang asal muasal Situ Bagendit.
- b). Peserta didik bertanya tentang tokoh Nyi Endit.
- c). Peserta didik bertanya jawab tentang latar tempat, waktu, dan suasana dalam dongeng “Sasakala Situ Bagendit”.

3). Mengumpulkan informasi/ Mencoba

- a). Peserta didik mendiskusikan dongeng “Sasakala Situ Bagendit” untuk mencari kata-kata yang belum dipahami artinya untuk mencermati isinya.
- b). Peserta didik mengumpulkan informasi terkait tokoh, tempat, dan waktu dengan cara mencari sumber lain yang relevan di perpustakaan atau mencari di internet.
- c). Peserta didik berdiskusi tentang karakter tokoh.
- d). Peserta didik berdiskusi tentang tema dan amanat yang ingin disampaikan pengarang.
- e). Peserta didik berdiskusi kelompok untuk mengerjakan latihan terkait dongeng.
- f). Secara klasikal guru mengajar siswa untuk memeriksa hasil kerja kelompok.

4). Menalar/Mengasosiasi

- a). Peserta didik berdiskusi untuk menentukan tema, amanat, karakteristik tokoh, latar tempat waktu, dan suasana.
- b). Untuk mempertajam pemahaman, peserta didik menempelkan hasil analisis unsur intrinsik dongeng “Sasakala Situ Bagendit” pada karton manila yang sudah disediakan.
- c). Semua kelompok menggelar hasil pekerjaan kelompok masing-masing di meja.
- d). Setiap kelompok menerima rubrik penilaian dari guru berupa hasil analisis unsur instrinsik dongeng “Sasakala Situ Bagendit” beserta

lima buah tanda bintang empat buah. Tanda bintang lima artinya baik sekali, tanda bintang empat artinya baik, tanda bintang tiga artinya cukup, dan tanda bintang dua artinya kurang.

- e). Guru dan peserta didik menyepakati aturan kegiatan pembelajaran. Setiap kelompok berkunjung ke kelompok lain yang telah ditentukan misalnya kelompok 1 berkunjung ke kelompok 4, kelompok 3 berkunjung ke kelompok 5 dan seterusnya.
- f). Setiap anggota kelompok mendapat peran sebagai tamu yang bertugas untuk menilai kelompok lain, sementara seorang berperan sebagai tuan rumah tinggal di kelompok sendiri untuk bertugas mempresentasikan hasil kerja kepada kelompok tamu.

5). Mengomunikasikan

- a). Setiap kelompok melakukan tugas masing-masing. Siswa yang bertugas sebagai tuan rumah mempresentasikan /menyajikan hasil kerja kelompok kepada tamu yang mengunjungi kelompok mereka.
- b). Siswa yang bertugas sebagai tamu mencermati paparan tuan rumah dan mencatat hal-hal yang penting dalam rubrik penilaian.
- c). Tamu dapat bertanya tentang hal-hal yang perlu diperjelas oleh tuan rumah.
- d). Siswa yang bertugas sebagai tamu memberika penilaian kepada tuan rumah dengan menempelkan tanda bintang pada paparan tuan rumah. Tanda bintang 5 berarti baik sekali, tanda bintang 4 berarti baik, tanda bintang 3 berarti cukup, dan tanda bintang 2 berarti kurang
- e). Siswa yang bertugas sebagai tamu memberikan saran dan catatan-catatan revisi pada lembar hasil kerja kelompok tuan rumah.
- f). Setelah proses selesai, semua siswa yang bertugas sebagai tim tamu kembali ke kelompok masing-masing dan mendiskusikan catatan-catatan yang diperoleh dari tim tamu kelompok lain.
- g). Secara berkelompok siswa memperbaiki teks yang telah disusun berdasarkan hasil masukan dari tim tamu.

LEMBAR KERJA KOMPETÉNSI PÉDAGOGIK LARAPNA PAMAREKAN
SAINTIFIK DINA PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP

LK 1

Pituduh:

1. Pék titénan matéri larapna pamarekan saintifik dina pangajaran basa Sunda dina Modul Kelompok Kompetensi C!
2. Diskusikeun dina kelompok pikeun ngajawab pertanyaan ngeunaan kagiatan pangajaran basa Sunda maké pamarekan saintifik!
3. Tuliskeun jawaban hasil diskusi dina kolom ieu di handap!

No.	Kegiatan Pangajaran Basa Sunda Maké Pamarekan Saintifik
1.	Nengetan
2.	Nanya
3.	Ngumpulkeun Informasi
4.	Ngolah informasi
5.	Ngomunikasikeun

D. Kegiatan Diajar

Kegiatan diajar nu kudu dilaksanakeun ku Sadérék sacara babarengan tur percaya diri nyoko kana runtuyan kegiatan saperti Modél Literasi Kewacanaan CALISLAUJI nu ngawengku:

- (1) maca tujuan jeung indikator kalawan taliti;
- (2) maca pedaran bahan ngeunaan *Komunikatif jeung Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda* sacara mandiri kalawan konséntrasi;
- (3) nulis rangkuman materi unggal-unggal kegiatan diajar hasil maca kalawan kréatif;
- (4) ngaregepkeun paparan materi ti fasilitator, tanya jawab, sawala kelompok pikeun migawé latihan (LK) atawa pancén kalawan konséntrasi;
- (5) latihan soal-soal pilihan ganda pikeun nguatkeun materi postes kalawan taliti tur konséntrasi; jeung
- (6) ujian/postés di Tempat Uji Kompetensi (TUK) anu geus ditangtukeun kalawan disiplin tur tanggung jawab.

E. Latihan/Pancén

Sawalakeun babarengan dina kelompok pikeun ngajawab ieu pananya di handap kalawan tanggung jawab jeung disiplin!

1. Tuliskeun wangenan pamarekan komunikatif!
2. Jéntrékeun opat unsur kamampuh komunikatif numutkeun Canale jeung Swain!
3. Jéntrékeun kalawan singget nu dimaksud kegiatan diajar langsung (*direct learning*) jeung teu langsung (*indirect learning*)!
4. Aya sababaraha istilah anu digunakeun dina lumangsungna kegiatan diajarnya, nyaéta: *pamarekan*, *strategi*, *model*, jeung *metode pangajaran*. Jéntrékeun kalawan singget ngeunaan éta istilah!
5. Jéntrékeun léngkah-léngkah kegiatan observasi dina pamarekan saintifik pangajaran basa Sunda!

F. Tingkesan

Basa mangrupa alat komunikasi pikeun rupa-rupa fungsi, pikeun: (1) ngébréhkeun informasi faktual (ngaidéntifikasi, ngalaporkeun, nanya, jeung ngoréksi); (2) ngébréhkeun sikep inteléktual (satuju-teu satuju); (3) ngébréhkeun sikep moral (ménta hampura, ngébréhkeun rasa kaduhung, pangajén); jeung (4) sosialisasi (ngawanohkeun diri, ngawilujengkeun, ménta diperhatikeun).

Pamarekan komunikatif nyaéta pamarekan pangajaran basa anu tujuanana pikeun ngawangun kompetensi komunikatif. Lian ti éta pamarekan komunikatif ogé digunakeun pikeun mekarkeun prosedur-prosedur opat kaparigelan basa siswa, nu ngawengku: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Hartina, pangajaran dipiharep ngaronjatkeun kamampuh komunikasi basa Sunda siswa, boh lisan atawa tulisan, boh resmi boh teu resmi.

Patali jeung kompetensi komunikatif, Canale jeung Swain (dina Solichan, 2001:6.19) nétélakeun yén aya opat unsur anu raket patalina jeung kamampuh komunikatif, nyaéta: (1) kamampuh gramatikal nyaéta kamampuh panyatur ngagunakeun kaidah gramatikal, (2) kamampuh sosiolinguistik, nyaéta kamampuh panyatur ngeunaan kontéks sosial tempat lumangsungna komunikasi, (3) kamampuh wacana, nyaéta kamampuh panyaturmidangkeun maksud-maksud komunikasi kalawan merenah, jeung (4) kamampuh stratégi, nyaéta kamampuh panyatur ngagunakeun rupa-rupa stratégi pikeun ngayakeun komunikasi.

Pangajaran dina Kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik atawa pamarekan *berbasis proses keilmuan*. Pamarekan saintifik bisa ngagunakeun sababaraha stratégi atawa modél pangajaran kontéktual.

Impleméntasina pamarekan saintifik mangrupa cara ngaorganisasikeun pangajaran ngaliwatan prosés: (a) nengetan (*observation*), (b) nanya (*questioning*), (c) ngumpulkeun informasi/nyoba (*data collection/experiment*), (d) asosisasi/ngolah informasi (*association*); jeung, (e) ngomunikasikeun (*communication*).

Kagiatan diajar ngajar langsung baris ngahasilkeun pangaweruh jeung kaparigelan anu sipatna langsung ogé, disebut dampak pangajaran (*instructional effect*). Dina Kurikulum 2013, kagiatan diajar ngajar anu langsung raket patalina jeung ngamekarkeun pangaweruh jeung kaparigelan

nu aya dina KI-3 (pangaweruh) jeung KI-4 (kaparigelan).Dina kagiatan diajar ngajar anu sipatna teu langsung, maksudna salila lumangsungna kagiatan diajar ngajar baris ngahasilkeun dampak pengiring (*nurturant effect*). Dina Kurikulum 2013, kagiatan diajar ngajar anu teu langsung raket patalina jeung ngamekarkeun nilai sarta sikep nu aya dina KI-1 (sikep spiritual) jeung KI-2 (sikep sosial).

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100%	=	alus pisan
80 - 89%	=	alus
70 - 79%	=	cukup
- 69%	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal matéri ajar 80% ka luhur, bisa nuluykeun matéri kagiatan diajar 2 tapi, lamun tahap ngawasa kurang ti 80%, pék balikan deres deui matéri dina Kagiatan Diajar 1, pangpangna matéri nu tacan kacangkem kalawan sosen-sosen, tanggung jawab, tur disiplin.

KAGIATAN DIAJAR 2

MODÉL-MODÉL PANGAJARAN BASA SUNDA DI SMP DUMASAR KURIKULUM 2013

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 2 ngawengku ieu di handap.

1. Sanggeus masa pedaran matéri, pamilon mampuh ngajéntrékeun wangenan Modél Pangajaran Berbasis Penemuan (*Discovery Learning/Inquiry Leraning*) kalawan percaya diri.
2. Bari diskusi kelompok, pamilon mampuh ngaidéntifikasi léngkah-léngkah operasional impleméntasi Modél *Discovery Learning /Inquiry Leraning* dina proses diajar ngajar dibarung rasa kabungah.
3. Sanggeus latihan, pamilon mampuh nyieun conto penerapan Modél Pangajaran *Discovery Learning /Inquiry Leraning* dina pangajaran basa Sunda kalawan kréatif.
4. Sanggeus sawala, pamilon mampuh ngawincik léngkah-léngkah Modél Pangajaran *Berbasis Masalah (Problem Based Learning)* kalawan sistematis tur taliti
5. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon mampuh ngajéntrékeun wangenan Modél Pangajaran *Berbasis Proyek (Project Based Learning)*, kalawan percaya diri.
6. Sanggeus tanya jawab, pamilon mampuh ngaidéntifikasi karakteristik PjBL Modél Pangajaran *Berbasis Proyek (Project Based Learning)*, kalawan sistematis tur taliti.
7. Sanggeus sawala kelompok, pamilon mampuh ngaidéntifikasi léngkah-léngkah operasional Modél Pangajaran *Berbasis Proyek (Project Based Learning)* kalawan sistematis kalawan kréatif.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Ieu di handap Indikator kahontalna kompetensi kagiatan diajar 2.

1. Ngajéntrékeun wangenan Modél Pangajaran *Berbasis Penemuan (Discovery Learning/Inquiry Leraning)*.
2. Ngaidéntifikasi léngkah-léngkah operasional impleméntasi Modél Pangajaran *Discovery Learning /Inquiry Leraning* dina proses diajar ngajar.
3. Nyieun conto penerapan Modél Pangajaran *Discovery Learning /Inquiry Leraning pangajaran basa Sunda*.
4. Ngawincik léngkah-léngkah Modél Pajaran *Berbasis Masalah (Problem Based Learning)*.
5. Ngajéntrékeun wangenan Modél Pangajaran *Berbasis Proyek (Project Based Learning)*.
6. Ngaidéntifikasi karakteristik PjBL Modél Pangajaran *Berbasis Proyek (Project Based Learning)*,kalawan sistematis.
7. Nyieun conto larapna Modél Pangajaran *Berbasis Masalah (Problem Based Learning)* dina pangajaran basa Sunda

C. Pedaran Matéri

1. Modél Pangajaran Berbasis Penemuan (*Discovery Learning/Inquiry Learning*) di SMP

a. Wangenan Modél Pangajaran Berbasis Penemuan (*Discovery Learning/Inquiry Learning*)

Pangajaran dina Kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik atawa pamarekan berbasis prosés kaélmaan. Pamarekan saintifik bisa ngagunakeun sababaraha stratégi pangajaran. Modél pangajaran mangrupa hiji wangun pangajaran anu mibanda ngaran, ciri, sintak, aturan, jeung budaya

Modél pangajaran, contona: *discovery learning/Inquiry Learning, project-based learning, problem-based learning*. Dina materi ieu modul baris dipedar Modél Pangajaran Berbasis Penemuan (*Discovery Learning Inquiry Learning*). Larapna ieu modél di SMP diluyukeun jeung tingkat kamampuh, umur, jeung kaayaan siswa SMP. Ieu modél bisa dibasajankeun diluyukeun jeung tingkatan psikologis dan fisik siswa SMP. *Discovery* mibanda prinsip anu méh sarua jeung inkuri (*inquiry*) jeung *problem solving*. Teu aya bédana anu prinsipil ngeunaan ieu tilu istilah.

- 1) Prinsip *discovery Learning* leuwih ngutamakeun kana manggihan konsép atawa prinsip anu saméméhna tacan dipikanyaho siswa SMP.
- 2) Masalah anu disodorneun ka siswa SMP nyaéta masalah anu dirékayasa ku guru.
- 3) Prinsip *inquiry* masalahna lain hasil rékayasa guru, kukituna siswa SMP kudu satékah polah ngerahkeun pangaweruh jeung kaparigelanana pikeun manggihan hal-hal anyar ngaliwatan prosés panalungtikan.
- 4) Prinsip *problem solving* leuwih museurkeun kana réngsena ngungkulan masalah.

Dina Model *Discovery Learning Inquiry Learning*, matéri pangajaran henteu ditepikeun dina wangun final, tapi siswa SMP dibere pangrojong pikeun: (1) ngaidéntifikasi naon anu rék ditéangan, (2) néangan informasi

ku diri sorangan, (3) ngaorganisasikeun atawa ngawangun naon anu dipikanyaho jeung dicangkemna.

Tujuan digunakeunana Modél *Discovery Learning*, nyaéta: (1) ngarobah kondisi diajar tina pasif jadi aktif kréatif, jeung (2) ngarobah modus *ekspository* (siswa ngan narima informasi ti guru) kana modus *discovery/ Inquiry* (siswa manggihan sorangan informasi).


b. Léngkah-léngkah Operasional Impleméntasi Modél *Discovery Learning/ Inquiry Learning* dina Prosés Diajar Ngajar di SMP

1) Rancangan

(a) nangtukeun tujuan pangajaran; (b) ngaidéntifikasi karakteristik siswa SMP (kamampuh awal, minat, jeung gaya diajar); (c) milih bahan ajar; (d) nangtukeun topik-topik pangajaran anu rék diajarkeun ka siswa SMP kalawan induktif; (e) mekarkeun bahan-bahan pangajaran ku cara nyieun conto-conto, ilustrasi, pancén; (f) ngatur topik-topik pangajaran ti nu basajan ka komplék, ti nu kongkrit ka abstrak, atawa ti tahap enaktif, ikonik, nepi ka simbolik; jeung (g) ngalaksanakeun *penilaian* prosés jeung hasil diajar siswa SMP.

2) Ngalaksanakeun

Numutkeun Syah (2004) aya sababaraha léngkah prosedur Modél Pangajaran *Discovery Learning* di kelas, saperti bagan ieu di handap.



Gambar 2. 1 Léngkah-léngkah Modél Pangajaran *Discovery Learning*

a) *Stimulation* (Stimulasi/ Nyumangetan)

Ieu tahap dimimitian ku cara, siswa SMP dibéré matéri anu matak bingung antukna hayang nalungtik sorangan. Guru bisa ngamimitian ngajar ku cara méré panalék, ajakan siswa supaya maca buku. Stimulasi dina ieu tahap, fungsina pikeun nyadiakeun kondisi interaksi diajar anu bisa mekarkeun jeung mantuan siswa ngaéksplorasi bahan pangajaran.

b) *Problem Statement* (Identifikasi Masalah)

Sanggeus siswa dibéré stimulus, guru méré kasempetan ka siswa SMP pikeun ngaidéntifikasi saloba-lobana masalah anu luyu jeung bahan pangajaran, terus pilih salah sahiji bahan pangajaran pikeun dijieunkeun rumusan hipotésisna (jawaban saheulaanan)

c) *Data Collection* (Ngumpulkeun Data)

Waktu siswa SMP ngalakukeun éksperimén atau éksplorasi, guru méré kasempetan ka siswa pikeun ngumpulkeun data/informasi anu luyu jeung bahan pangajaran saloba-lobana pikeun ngabuktikeun bener henteuna hipotésis. Data/informasi bisa dikumpulkeun ku cara maca literatur, nengetan objék, wawancara ka narasumber, ngalakukeun uji coba, jst.

d) *Data Processing* (Ngolah Data)

Numutkeun Syah (2004:244) ngolah data mangrupa kagiatan ngolah jeung nafsirkeun informasi/data anu geus dikumpulkeun ku siswa SMP tina kagiatan maca literatur, nengetan objék, wawancara ka narasumber, atawa ngalakukeun uji coba.

e) *Verification* (Ngabuktikeun)

Sanggeus ngolah jeung nafsirkeun data/informasi, saterusna siswa ngabuktikeun bener henteuna hipotésis anu geus dirumuskeun di awal kagiatan pangajaran. Ieu proses *verification* dilakukeun ku siswa kalawan gemet tur taliti sangkan bisa ngajawab bener henteuna hipotésis dipatalikeun jeung data hasil olahan.

f) *Generalization* (Prinsip Umum)

Tahap *generalization* mangrupa tahap nyieun kacindekan nu bisa dijadikeun prinsip umum tur bisa dijadikeun acuan umum. Tahap nyieun kacindekan kudu luyu jeung hasil verifikasi.

c. Conto Larapna Modél Pangajaran *Discovery Learning* dina Pangajaran Basa Sunda di SMP.

Ieu léngkah-léngkah *Discovery Learning* ditulis dina kagiatan Inti RPP. Kulantaran aya dina RPP ieu conto larapna modél ditulis dina basa Indonesia.

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Jenjang : SMP
Materi : Dongeng
Kelas : VII

Langkah-langkah Pangajaran

Fase 1: *Stimulation* (Stimulasi)

- a. Kegiatan pembelajaran dimulai dengan guru mengomunikasikan kepada siswa tentang kegiatan yang akan dilakukan.
- b. Guru menstimulus rasa ingin tahu siswa dengan cara mengajukan pertanyaan-pertanyaan penuntun tentang dongeng, nama-nama tempat, danau, gunung, sungai di sekitar kita. Misalnya: Sebutkan nama-nama situ “danau” di sekitar kita! Adakah yang pernah mengunjunginya? Adakah danau “situ” yang belum dikunjungi? Adakah yang tahu tentang dongeng-dongeng yang terkait dengan suatu tempat?

Fase 2: *Problem Statement* (Identifikasi Masalah)

- a. Guru mengajak siswa ke luar kelas untuk mengamati langsung situ Bagendit, atau siswa dan guru mengamati gambar “Situ Bagendit”, atau menonton video “Situ Bagendit”.
- b. Usahakan siswa untuk menyentuh air, tumbuhan, benda-benda yang ada di sekitar “Situ Bagendit”.
- c. Siswa mengamati langsung foto atau menonton video “Situ Bagendit”, sehingga menimbulkan rasa ingin tahu dan mendapatkan pengetahuan baru hal yang diamati.
- d. Guru memberi kesempatan pada siswa untuk bertanya jawab tentang tumbuhan yang diamati.

Fase 3: *Data Collection* (Mengumpulkan Data)

- Guru kembali membawa siswa ke dalam kelas untuk mengumpulkan data dan informasi yang lebih luas tentang dongeng dengan cara membaca teks dongeng “Sasakala Situ Bagendit”
- Guru memberi kesempatan pada siswa untuk membaca lancar teks dongeng “Sasakala Situ Bagendit” dengan lancar.
- Guru dan siswa bertanya jawab tentang isi teks dongeng “Sasakala Situ Bagendit”.
- Setelah itu, guru memberi kesempatan pada siswa untuk melakukan pengamatan yang lebih mendalam bersama teman-temannya dengan dibantu media tulis.
- Siswa mencari informasi di perpustakaan atau langsung bertanya jawab dengan teman kemudian jika ada kata-kata hal yang belum dipahami dalam teks dongeng “Sasakala Situ Bagendit” maka ditanyakan pada guru.

Baca ieu téks kalawan daria!

SASAKALA SITU BAGENDIT



<http://garuters.files.wordpress.com/2010/03/situ-bagendit-1.jpg>

Situ Bagendit téh ayana di lembur Bojongsalam, kira-kira lalampahan 6 atawa 7 Km ti kota Garut. Béjana baheula mah situ Bagendit téh pohara Legana, da éta baé ceunah maké aya saratur bauna, nu matak bisa ogé disebut talaga. Tapi ayeuna nilik saréatna tangtu kurang ti sakitu.

Cek sasakala mah, Situ Bagendit téh asalna muasalna kieu. Baheula geus sarébu taun ka tukang aya hiji randa beunghar, katelahna Nyi Endit. Ieu téh saenyana mah nénéhna, da ngaran sajatina mah Nyi Bagendit.

Manéhna téh kacida pisan kumedna. Geus teu aya nu bireuk deui kana kakumedanana. Salian ti pakacar-pakacarna mah tara aya nu lar sup ka imahna. Estuning lain bobodoan éta mah hirup nyorangan téh. Kajaba ti teu aya nu ngawawuhan, Nyi Endit téh mémang jalma nunggul pinang, geus teu kadang teu warga, hirupna téh éstuning nunggeulis. Ari beungharna mah tétéla. Béh kebonna béh sawahna. Imahna gé panggedéna di lembur éta mah. Turug-turug ngahaja mencilkeun manéh, ngababakan di tengah sawah nu upluk aplak. Maksudna taya lian, ku bawaning embung campur jeung batur, da sieun kasoro téa. Teu kitu mah moal disebut medit.

Kacaturkeun usum panén, di ditu di dieu ceuyah anu dibaruat. Ka sawah Nyi Endit oge réa anu gacong. Ari saréngséna dibuat jeung paréna geus dikaleuitkeun, sakumaha tali paranti Nyi Endit nyieun sedekah, ngondang lebé jeung sawatara tatangga. Popolahna saniskara ku sorangan, teu aya nu mantuan. Barang geus tarapti, sakur nu mantuan ngakut tuluy diondang, ngariung tumpeng. Atuh nu ngariung téh nepi ka aya saratusna, tapi sasadiaan teu sabaraha, nepi ka ngan sakotéap geus bérés, tingkarétap kenéh.

Keur meujuhna balakécrakan, solongkrong aya aki-aki bongkok nyampeurkeun. Ku pribumi teu ditarik teu ditakon. Nya pok aki-aki téh waleh yén teu kawawa ku lapar, sugan aya asih piwelas. Ana gantawang téh Nyi Endit nyarékan, nyeklek-nyeklekeun, pajarkeun téh taya kaéra teu ngahutang gawé, ménta bagéan. Cindekna mah lain picaritaeun deui. Aki-aki indit bari jumarigjeug, bangun teu nangan. Méméh indit manéhna ngomong kieu: “sagala ogé boh ka nu hadé boh ka nu goréng, moal taya wawalesna.” Ngomong kitu téh kasaksian ku sadaya nu aya di dinya. Saréngséna dalahar tuluy amit rék baralik. Kakara gé pating laléos, rug reg ngarandeg sabab aya nu tinggorowok: “Caah! Caah! Cenah.

Henteu kanyahoan ti mana datangna cai, ngan leub pakarangan téh. Nyi Endit téh geus kakeueum. Atuh kacida ributna, jalma-jalma geus teu inget ka baturna, asal salamet dirina baé. Nyi Endit ogé nya kitu, niat rék nyingkahan cai, tapi barang kaluar pisan ti imahna, cai téh nepi ka lir ombak laut tinggarulung ka palbah Nyi Endit. Nyi Endit imahna terus kakeueum méh laput. Nyi Endit angkleung-angkleungan bari satungtung bisa mah teu weleh sasambat ménta tulung.

Tapi teu kungsi lila, jep jempé, sing horéng geus tingkerelep. Imahna ogé geus teu katémbong. Sumawonna sawahna nu upluk aplak geus aya di dasar cai. Lembur sakuriling bungking salin rupa jadi talaga. Anu nepi ka ayeuna disebut talaga Bagendit, atawa Situ Bagendit téa. Ayeuna situ

Bagendit téh geus jadi tempat pangjugjugan ku anu resep pelesir. Kaasup tempat pariwisata. (Sumber: PPPG Tertulis, 1991)

Fase 4: Data Processing (Mengolah Data)

Siswa mengolah data tentang teks di atas dalam kerja kelompok, melalui pengisian tugas-tugas. LK disiapkan guru.

Fase 5: Verification (Pembuktian)

- a. Siswa berdiskusi untuk menemukan suatu konsep atau teori tentang hal-hal yang berkaitan dengan dongeng legenda, misalnya:
karakteristik dongeng, tokoh, karakteristik dan jenis tokoh, galur cerita, setting (tempat, waktu, suasana), tema, dan amanat.
- b. Guru memeriksa secara cermat tugas-tugas siswa.

Fase 6: Generalization (Prinsip Umum)

- a. Siswa dengan bimbingan guru menyimpulkan isi teks dongeng : "Sasakala Situ Bagendit"
- b. Siswa memajang hasil kerja kelompok.

2. Modél Pangajaran Berbasis Masalah (*Problem Based Learning*) di SMP

a. Wangenan Modél Pangajaran Berbasis Masalah (*Problem Based Learning*)

Problem Based Learning (PBL) nyaéta modél pangajaran anu dirancang sangkan siswa SMP narima pangaweruh anu penting, anu ngabalukarkeun siswa mampu: (a) ngungkulan masalah, (b) mibanda modél diajar sorangan, jeung (c) mibanda kaparigelan ulubiung aktif dina kelompok. *Problem Based Learning* (PBL) nyaéta modél pangajaran anu dirancang sangkan siswa narima pangaweruh anu penting, anu ngabalukarkeun siswa mampu: (a) ngungkulan masalah, (b) miboga modél diajar sorangan, jeung (c) miboga kaparigelan ulubiung aktif dina kelompok.

Tabel 2.1 Peran Guru, Siswa, jeung Masalah dina PBL

Guru Minangka Pelatih	Siswa minangka Problem Solver	Masalah Minangka Awal Tantangan jeung Motivasi
- o <i>Asking about thinking</i> (nanya ngeunaan ide pikiran). - o Ngamonitor pangajaran. - o <i>Probbing</i> (<i>nantang</i> siswa pikeun mikir). - o Ngajaga sangkan siswa aktif ulubiung. - o Ngatur dinamika kelompok. - o Ngajaga lumangsungna prosés diajar ngajar.	- o Siswa anu aktif. - o Siswa aktif ulubiung langsung dina diajar ngajar. - o Ngawangun pangajaran.	- o Narik ati pikeun diungkulan. - o Nyadiakeun pangabutuh nu aya patalina jeung matéri pangajaran.

b. Prinsip-prinsip Prosés Diajar Ngajar dina Modél PBL

Prinsip-prinsip PBL anu kudu diperhatikeun ngawengku: (1) konsép dasar, (2) wangenan masalah, (3) diajar mandiri, (4) silih tukeran pangaweruh, jeung 5) penilaian.



Gambar 2. 2 Prinsip-prinsip Modél Pangajaran PBL

1) Konsép Dasar (*Basic Concept*)

Dina ieu pangajaran, fasilitator ngajéntrékeun konsép dasar, pituduh, référénsi, atawa *link* jeung *skill* anu diperlukeun dina pangajaran. Ieu hal dimasukkeun supaya siswa téréh meunangkeun “peta” anu akurat ngeunaan arah jeung tujuan pangajaran.

2) Wangenan Masalah (*Defining the Problem*)

Fasilitator nepikeun skenario atawa masalah, siswa babarengan ngayakeun sawala kelompok. *Kahiji*, *brainstorming*, carana unggal-unggal anggota kelompok nepikeun pamadegan, ide, jeung tanggapan ngeunaan skenario pagajaran, nepi ka muncul rupa-rupa pamadegan. *Kadua*, milih pamadegan anu fokus kana masalah. *Katilu*, nangtukeun masalah jeung méré pancén kelompok.

3) Diajar Mandiri (*Self Learning*)

Sanggeus mibanda pancén, unggal-unggal siswa maluruh réferénsi nu dipiharep mampu ngarojong masalah/isu anu keur ditalungtik. Réferénsi bisa dipaluruh di perpustakaan, kaca web, atawa pakar.

4) Silih Tukeran Pangaweruh (*Exchange knowledge*)

Sanggeus siswa meunang sumber réferénsi pikeun ngeuyeuban matéri kalawan mandiri, dina pangajaran nu baris datang, siswa diskusi kelompok dibantuan ku guru pikeun ngarumuskeun udaganana jeung ngarumuskeun jalan kaluar pikeun ngungkulan masalahna.

c. Léngkah-léngkah Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL)

Léngkah-léngkah modél pangajaran *Berbasis Masalah* (PBL) bisa ditengetan dina tabel ieu di handap!

Tabel 2.2 Léngkah-léngkah Modél Pangajaran Berbasis Masalah

Fase-fase	Aktivitas Guru jeung Siswa
Fase 1 Oriéntasi siswa kana masalah.	- Ngajéntrékeun tujuan pangajaran. - Ngajéntrékeun logistik anu diperlukeun. - Nyumangetan siswa pikeun aktif dina ngungkulan masalah anu geus dipilih.
Fase 2 Ngaorganisasikeun siswa.	Mantuan siswa nyieun wangenan jeung ngaorganisasikeun pancén diajar anu raket patalina jeung masalah anu keur ditalungtik.
Fase 3 Ngabimbing panalungtikan	Ngadorong siswa pikeun ngumpulkeun informasi anu luyu, ngalaksanakeun éksperimén, sarta pikeun ngungkulan masalah.

Fase-fase	Aktivitas Guru jeung Siswa
individu/kelompok.	
Fase 4 Mekarkeun jeung nyodorkeun hasil karya.	Mantuan siswa dina ngararancang jeung nyiapkeun karya anu luyu jeung masalah anu keur ditalungtik, saperti: laporan, modél, atawa babagi pancén jeung babaturan.
Fase 5. Ngaanalisis jeung ngaévaluasi prosés ngungkulan masalah.	Ngaévaluasi hasil diajar ngeunaan matéri anu geus dipikanyaho/ménta kelompok pikeun préséntasi hasil gawé siswa.

Fase 1: Ngaorientasikeun Siswa kana Masalah

Aya opat hal anu kudu dipilampah dina ieu prosés.

- 1) Tujuan utama pangajaran lain pikeun ngulik sawatara matéri anyar, tapi pikeun ngulik masalah-masalah penting jeung kudu kumaha jadi siswa anu mandiri.
- 2) Masalah jeung panalék anu keur diulik henteu mibanda jawaban anu mutlak. Ku kituna, hiji masalah anu rumit atawa komplék baris mibanda loba cara pikeun ngungkulanana.
- 3) Salila keur aya dina tahap panalungtikan, siswa didorong pikeun nyodorkeun panalék jeung néangan informasi.
- 4) Salila tahap analisis, siswa didorong pikeun nyodorkeun ide-idenana kalawan jéntré.

Fase 2: Mengorganisasikeun Siswa pikeun Diajar

Di sagigireun mekarkeun kaparigelan ngungkulan masalah, Modél Pangajaran PBL ogé ngadorong siswa sangkan diajar kolaborasi, gawé babarengan, *sharing* jeung siswa anu séjénna. Ku kituna, guru bisa ngamimitian kagiatan diajar ku cara ngawangun kelompok-kelompok siswa pikeun ngungkulan masalah anu béda-béda.

Fase 3: Mantuan Panalungtikan Mandiri jeung Kelompok

Panalungtikan mangrupa inti tina PBL. Sok sanajan unggal-unggal masalah merlukeun téhnik panalungtikan anu béda-béda, kalawan ngalibetkeun karakter anu idéntik, nyaéta: ngumpulkeun data, éksperimén, hipotésis, jeung cara ngungkulan masalah.

Fase 4: Mekarkeun jeung Nyodorkeun Artéfak (Hasil Karya) jeung Pameran

Tahap panalungtikan diteruskeun ku nyiptakeun artéfak (hasil karya) jeung pameran. Artéfak bisa mangrupa laporan tinulis, video tape (nuduhkeun situasi masalah jeung cara ngungkulan masalah anu diusulkeun), modél (wujud kalawan fisik tina situasi jeung cara ngungkulanana), program komputer, jeung multimedia. Léngkah saterusna nyaéta siswa mamérkeun hasil karyana, guru mibanda peran salaku organisator pameran.

Fase 5: Analisis jeung Évaluasi Prosés Ngungkulan Masalah

Siswa ngaanalisis jeung ngaévaluasi prosés panalungtikanana. Guru méré pancén ka siswa pikeun *merekonstruksi pemikiran* jeung kagiatan anu geus dipilampah dina proses diajar.

d. Conto Larapna Modél Pangajaran Berbasis Masalah dina Basa Sunda di SMP

Ieu conto larapna modél pangajaran Berbasis Masalah dina Pangajaran basa Sunda nu cindek dina RPP, kukituna ditulis ngagunakeun basa Indonesia.

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas/Semester : VII/1
Materi Pokok : Dongeng
Submateri : Dongeng Sasakala

A. Kompetensi Dasar dan Indikator Pencapaian Kompetensi

7.5 Menganalisis teks dongeng sesuai dengan kaidah-haidahnya.

8.5 Menanggapi dan mengekspresikan dongeng sesuai dengan kaidah secasar lisan dan tulisan.

Indikator Pencapaian Kompetensi

- 1) Mengidentifikasi unsur-unsur dongeng.
- 2) Menemukan tema dan amanat dongeng.
- 3) Mensimulasikan dongeng.

B. Langkah-langkah Pembelajaran

Tahapan Pokok	Kegiatan Pembelajaran
Orientasi siswa pada	1. Peserta didik menyimak tujuan pembelajaran

	masalah	2. Peserta didik membaca contoh dongeng dan menyimak penjelasan terhadap permasalahan tersebut 3. Peserta didik memberikan tanggapan dan pendapat terhadap permasalahan tersebut
	Mengorganisasi siswa dalam belajar	4. Peserta didik membentuk kelompok belajar sesuai arahan guru dengan mempertimbangkan kemampuan akademik, gender, dan ras
	Membimbing penyelidikan siswa secara mandiri atau kelompok	5. Peserta didik membaca teks dongeng dengan cermat 6. Peserta didik dengan difasilitasi dan dibimbing guru menelaah dan mendiskusikan teks dongeng dari segi struktur dan isi.
	Mengembangkan dan menyajikan hasil karya	7. Peserta didik menjawab permasalahan yang telah diidentifikasi, khususnya mengenai kelemahan struktur dan isi dongeng. 8. Peserta didik mempresentasikan atau menyajikan laporan pembahasan hasil temuan atau hasil diskusi dan penarikan kesimpulan tentang dongeng di depan kelas
	Menganalisis dan mengevaluasi proses pemecahan masalah	9. Peserta didik dalam kelompok lain mengevaluasi atau menanggapi 10. Peserta didik dengan dibimbing guru melakukan simpulan 11. Guru melakukan evaluasi hasil belajar mengenai materi yang telah dipelajari

e. Meunteun Modél Pangajaran Berbasis Masalah

Meunteun Modél Pangajaran Berbasis Masalah (PBL) dilakukeun ku cara *autentic assesment*. Penilaian bisa ku cara portofolio. Portofolio mangrupa kumpulan hasil gawé siswa. Potofolio diperlukeun pikeun dianalisis sangkan bisa mikaweruh kamajuan diajar siswa dina kurun waktu nu geus ditangtukeun dina raraga ngahontal tujuan pangajaran. Penilaian dina PBL dilakukeun maké instrumén penilaian évaluasi diri (*self-assessment*) jeung penilaian antar teman (*peer-assessment*).

Meunteun anu luyu pikeun Modél PBL, nyaéta ieu di handap.

1) Meunteun Kinerja Siswa

Siswa dibérépancén pikeun unjuk kerja (unjuk gawé) atawa ngadémonstrasikeun kamampuhmigawépancén, saperti nulis

karangan, ngalakukeun percobaan, ngainterpretasikeun jawaban ngeunaan hiji masalah, nembang, atawa ngagambar.

2) Meunteun Portofolio

Meunteun portofolio mangrupa meunteun anu tuluy tumuluytur dumasar kana kumpulan informasi anu ngagambarkeun mekarna kamampuh siswa dina kurun waktu anu geus ditangtukeun hiji periode. Informasi mekarna kamampuh siswa bisa mangrupa hasil karya anu pinunjul salila siswa diajar, hasil tés, piagam penghargaan, atawa wangun informasi lainna anu raket patalina jeung kompetensi mata pelajaran basa Sunda.

Portofolio diperlukeun pikeun dianalisis sangkan bisa mikaweruh kamajuan diajar siswa dina kurun waktu nu geus ditangtukeun.

3) Meunteun Poténsi Diajar

Meunteu ditujukeun pikeun ngukur potensi diajar siswa, nyaéta ngukur kamampuh anu bisa dironjatkeun kalawan dibantu ku guru atawa siswa séjénna anu leuwih maju. PBL anu mangrupa pancén pikeun ngungulan masalah méré kamungkinan ka siswa pikeun mekarkeun jeungngawanohkeun kana poténsipikeun siap diajar.

4) Meunteun Usaha Kelompok

Meunteun usaha kelompok saperti dina pangajaran kooperatif bisa ogé dilakukeun dina PBL. Penilaian luyu jeung modél pangajaran *berbasis masalah* nyaéta meunteun hasil gawé siswa dituluykeun ku ngasawalakeun hasil gawé kalawan babarengan.

3. Modél Pangajaran Berbasis Proyek (*Project Based Learning*) di SMP

a. Wangenan Modél Pangajaran Berbasis Proyek (*Project Based Learning*) /PjBL

Pangajaran PjBL nyaéta modél pangajaran anu ngalibetkeun siswa dina hiji kagiatan (proyek) sarta ngahasilkeun produk. Ieu model pangajaran téh, larapna di SMP diluyukeun jeung kaayaan psikologis, fisik, minat, ide, gagasan, lingkungan fisik, jeung tingkatan ikir siswa SMP. Kalibetna siswa ti mimiti ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngalaporkeun hasil kagiatan mangrupa produk jeung laporan kagiatanana (*student centre*).

Ieu modél pangajaran ngutamakeun kana prosés pangajaran jangka panjang. Siswa ulubiung langsung dina mangrupa-rupa isu jeung masalah kahirupan sapopoé, diajar kumaha carana ngungkulan masalah nu aya dina kahirupan sapopoéna.

PjBL dirancang dina raraga: (1) ngadorong jeung ngabiasakeun siswa pikeun manggihan sorangan (*inquiry*), ngalakukeun panalungtikan/kajian, nerapkeun kaparigelan ngarancang (*planning skills*), mikir kritis (*critical thinking*), jeung ngungkulan masalah (*problem-solving skills*) dina ngaréngsékeun hiji kagiatan/Proyék; (2) ngadorong siswa pikeun ngalarapkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep dina rupa-rupa kontéks (*a variety of contexts*) dina ngaréngsékeun kagiatan/proyék; (3) méré lolongkrang ka siswa sangkan diajar ngalarapkeun kaparigelan interpersonal (*interpersonal skills*) jeung gawé kolaboratif dina hiji tim. PjBl méré kasempetan ka siswa pikeun ngagali kontén matéri ku cara/gaya diajarna masing-masing, dina wadah gawé kolaboratif.

b. Karakteristik Model Pangajaran PjBL

Karakteristik PjBL ngawengku: (1) Siswa nyieun kaputusan sorangan ngeunaan hiji rancangan gawé, (2) Ayana masalah atawa tantangan anu disodorkeun ka siswa, (3) Siswa ngadesain prosés pikeun nangtukeun solusi ngeunaan masalah anu rék dipigawé, (4) Siswa kalawan kolaboratif tanggung jawab pikeun ngaaksés jeung ngolah informasi, (5) informasi pikeun ngungkulan masalah, jeung (6) Prosés évaluasi dilakukan kalawan terus-terusan (*kontinyu*), (7) Siswa kalawan maneuh ngalakukeun réfléksi ngeunaan pagawéan anu geus dilakukeun, (8) Produk ahir hasil gawé baris dievaluasi kalawan kualitatif, jeung (9) Situasi prosés diajar ngajar méré toléran kana parobahan.


c. Kaunggulan jeung Kahéngkérangan Modél Pangajaran PjBL

- 1) Kaunggulan Modél Pangajaran PjBL, ngawengku: (a) Ngaronjatkeun motivasi siswa pikeun diajar, ngadorong kamampuh siswa pikeun migawé pagawéan anu penting jeung perlu pikeun maranéhanana, (b) Ngaronjatkeun kamampuh ngungkulan masalah, (c) Ngadorong siswa pikeun aktif ngungkulan masalah, (d) Ngaronjatkeun kolaboratif, (e)

Ngadorong siswa pikeun mekarkeun jeung mraktékkeun kaparigelan komunikasi, (f) Ngaronjatkeun kaparigelan siswa pikeun ngolah sumber, (g) Méré pangalaman ka siswa pikeun diajar jeung prakték ngaorganisasikeun proyek, nyieun alokasi waktu jeung sumber-sumber lainnya, saperti: kalengkepan jeung ngaréngsékeun pancén, (h) Nyadiakeun pangalaman diajar sangkan siswa mekar luyu jeung kahirupan nyata, (i) Suasana diajar pikaresepeun, antukna siswa resep diajar, (j) Meredih siswa mekarkeun kaparigelan sosial, saperti: kolaboratif jeung réfléktif, jeung (k) Ngaronjatkeun antusiame jeung sumanget siswa dina diajar.

- 2) Kahéngkéran Modél Pangajaran PjBL, ngawengku: (a) Siswa anu mibanda kahéngkéran dina panalungtikan atawa percobaan ngumpulkeun informasi baris ngalamanan hésé diajar, (b) Dina *setting* gawé kelompok, baris aya waé siswa anu kurang aktif, (c) Lamun topik matéri pangajaran dibikeun ka masing-masing kelompok béda, baris ngabalukarkeun siswa moal nyangkem matéri pangajaran sagemblengna, (d) Pikeun ngungkulan kahéngkéran modél pangajaran PjBL guru kudu bisa mantuan siswa ngungkulan masalah, ngawatesanan waktu dina ngaréngsékeun proyék, nyadiakeun alat-alat anu bajasan anu aya di lingkungan sabudeureunana, milih lokasi panalungtikan anu bisa katepi ku siswa boh waragana boh waktuna, tur nyiptakeun suasana diajar anu pikaresepeun.

d. Léngkah-léngkah Operasional Modél Pangajaran PjBL



Gambar 2. 3 Léngkah-léngkah Modél Pangajaran PjBL

Léngkah-léngkah Modél Pangajaran PjBL baris dijéntrékeun dina pedaran ieu di handap.

1) Nangtukeun Panalék Ésensial (*Start With teh Essential Question*)

Prosés diajar ngajar dimimitian ku cara guru méré panalék ésensial, nyaéta panalék nu mampu mére pancén ka siswa pikeun ngalaksanakeun hiji aktivitas, néangan topik pangajaran luyu jeung réalitas kahirupan sabudeureunana.

2) Ngadesain Rancangan Proyék (*Design a Plan for teh Project*)

Rancangan pangajaran dijieun kalawan kolaboratif antara guru jeung siswa. Ku kituna, siswa dipiharep ngarasa “mibanda” éta proyék. Rancangan eusina ngeunaan: aturan maén, milih aktivitas anu bisa ngajawab panalék ésensial ku cara ngaintegrasikeun rupa-rupa materi luyu jeung proyék nu rék dipigawé, sarta mikaweruh alat jeung bahan anu bisa diaksés pikeun mantuan ngaréngsékeun proyék.

3) Nyusun Jadwal (*Create a Schedule*)

Guru jeung siswa kalawan kolaboratif nyusun jadwal aktivitas pikeun ngaréngsékeun proyék. Aktivitas dina ieu tahap ngawengku: (1) nyieun jadwal (*timeline*) proyék, (2) nyieun jadwal (*deadline*) ngaréngsékeun proyék, (3) ngabimbing siswa pikeun ngarencanakeun cara nu anyar, (4) ngabimbing siswa nyieun cara anu aya patalina jeung proyék, (5) ménta siswa pikeun ngajéntrékeun ngeunaan milih hiji cara.

4) Ngamonitor Siswa jeung Kamajuan Proyék (*Monitor teh Students and teh Progress of teh Project*)

Guru mibanda tanggung jawab pikeun ngamonitor aktivitas siswa salila migawé proyék. Monitoring dilaksanakeun ku cara guru ngabimbing siswa dina unggal-unggal prosés kagiatan. Peran guru minangka méntor. Sangkan prosés monitoring gampang dilaksanakeun, guru nyieun rubrik observasi pikeun ngarékam sakabéh aktivitas siswa.

5) Nguji Hasil (*Assess teh Outcome*)

Penilaian dilakukeun pikeun mantuan guru ngukur kahontalna standar. Salian ti éta, penilaian ogé pikeun ngaévaluasi kamajuan tiap siswa, méré umpan balik ngeunaan tingkat pangabisa nu geus dihontal ku siswa, sarta mantuan guru nyusun stratégi pangajaran nu bakal datang.

6) Ngaévaluasi Pangalaman (*Evaluate teh Experience*)

Di ahir kagiatan pangajaran, guru jeung siswa ngalakukeun réfléksi tina aktivitas jeung hasil proyék. Prosés réfléksi dilakukeun boh kalawan individu boh kalawan kelompok. Dina tahapan ieu, siswa diperedih pikeun ngébréhkeun pangalaman salila migawé proyék. Guru jeung siswa sawala pikeun ngoméan kinerja salila prosés migawé proyék, nu ahirna baris manggihan hiji hal anyar (*new inquiry*) pikeun ngajawab masalah nu disodorkeun dina tahap awal kagiatan.

e. Conto Larapna Modél Pangajaran PjBL dina Basa Sunda di SMP

Ieu conto larapna Modél Pangajaran PjBL dina Basa Sunda di SMP nu cindek dina RPP, kukituna ditulis ngagunakeun basa Indonesia.

Satuan Pendidikan: SMP

Mata Pelajaran: Bahasa Sunda

Kelas/Semester: IX/1

Materi Pokok: Drama

Alokasi Waktu: 4x45 Menit (2 kali pertemuan)

Kompetensi Dasar dan Indikator Pencapaian Kompetensi 8.7 Menginterpretasikan, menanggapi, dan mengekspresikan teks drama sesuai dengan kaidah-kaidahnya.		
Indikator Menentukan langkah-langkah menyusun teks drama. Menulis teks drama. Mensimulasikan drama Sunda. Membuat video pembelajaran tentang drama Sunda.		
Langkah Pembelajaran		
No.	Langkah-langkah Pembelajaran	Kegiatan Pembelajaran
1.	Penentuan Proyek	Peserta didik menentukan topik yang akan dikembangkan menjadi teks drama.
2.	Perancangan Langkah-langkah Penyelesaian Proyek	- Peserta didik dibimbing guru mendiskusikan aturan main dan pemilihan aktivitas yang dapat mendukung pelaksanaan proyek tentang drama. - Peserta didik mendiskusikan sumber/bahan/alat pendukung pelaksanaan proyek materi drama. - Peserta didik menyimak penjelasan

		guru mengenai penilaian • Dalam kelompok masing masing, peserta didik mendiskusikan dan perencanaan proyek berupa penentuan fase menulis drama, menentukan pemain, dan mensimulasikannya dengan persiapan kostum dan latar drama. • Membuat video Drama Sunda.
3.	Penyusunan Jadwal Pelaksanaan Proyek	• Peserta didik membuat jadwal pemilihan dan penyiapan proyek tentang drama. • Peserta didik mendiskusikan <i>deadline</i> untuk menyelesaikan proyek menulis drama, menentukan pemain, menghafal teks, simulasi drama, dan membuat video drama Sunda. • Peserta didik mendiskusikan dan membuat jadwal atau waktu pelaksanaan penyelesaian setiap fase peristiwa dalam teks drama, mulai dari menulis teks drama, menentukan pemain, menghafal teks, mensimulasikan drama, dan membuat video drama Sunda.
4.	Penyelesaian proyek dengan fasilitasi dan monitoring guru	• Peserta didik mengidentifikasi dan mencatat hal-hal yang berkaitan dengan fase menulis teks drama, menentukan pemain, menghafal teks, mensimulasikan drama, dan membuat video drama Sunda. • Peserta didik mengonsultasikan permasalahan atau kendala dalam menyelesaikan penulisan, menentukan pemain, menghafal teks, mensimulasikan drama, dan membuat video drama Sunda. • Peserta didik memperbaiki hasil tulisan berdasarkan hasil konsultasi.
5.	Penyusunan Laporan dan Presentasi/Publikasi Hasil Proyek	• Peserta didik membaca kembali teks drama yang sudah ditulis dan memperbaiki jika masih terjadi kesalahan dengan mengacu pada point-point penilaian yang disepekat pada tahap perencanaan • Peserta didik mensimulasikan drama Sunda. • Peserta didik membuat video Drama Sunda.
6.	Evaluasi Proses dan Hasil Proyek	• Peserta didik melakukan refleksi terhadap aktivitas dan hasil tugas proyek membuat Drama Sunda yang sudah dilaksanakan. • Peserta didik mengemukakan

			pengalamannya selama menyelesaikan tugas proyek Drama Sunda. • peserta didik mendengarkan umpan balik terhadap proses yang telah dilaksanakan dan produk yang telah dihasilkan.

Dina pangajaran nu ngagunakeun PjBL, pancén proyék téh kudu jéntré, tur hasilna bisa dipeunteun luyu jeung rubrik penilaian proyék. Ieu conto lembar kagiatan jeung format laporan pangajaran PjBL.

KAGIATAN PANAGAJARAN PjBL

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
 Kelas/Semester : IX/1
 Materi Pokok : Drama
 Submateri : Memproduksi Téks Drama dan Membuat Vidéo Drama Sunda

Pancén: Nulis téks drama Sunda, simulasi, dituluykeun ku nyieun vidéo drama Sunda.

Pituduh: Tugas Proyék diluar kegiatan tatap muka

1. Prak baca kalawan taliti tiori drama!
2. Jieun rarancang nulis téks drama kalawan ngagunakeun léngkah-léngkah ieu di handap:
 - a. tantukeun tujuan nulis;
 - b. tangtukeun topik anu rék dimekarkeun jadi téks drama;
 - c. tangtukeun atawa gambarkeun fase nulis téks drama, tangtukeun pamaén, simulasikeun darma, saterusna nyieun vidéo drama!
 - d. tangtukeun *deadline* waktu pikeun ngaréngsekeun proyek.
 - e. Tangtukeun jadwal atawa waktu pikeun ngarengsekeun tiap fase.
3. Nyieun vidéo drama Sunda.

Pancén Proyék di sakola

1. Sanggeus hidep nyieun rarancang, ngalakukeun idéntifikasi data nu aya patalina jeung peristiwa di tiap-tiap fase (noan, saha, iraha, dimana, jst), mekarkeun éta fase peristiwa anu geus dirarancang ngagunakeun data anu geus diidéntifikasi.

2. Tulis téks drama Sunda luyu jeung struktur sarta kaédah anu geus diajarkeun, terus préséntasikeun!
3. Simulasikeun éta téks drama, satuluyna jieun vidéona!

Laporan Kagiatan Pangajaran PjBL

Laporan kagiatan pangajaran PjBL mangrupa: naskah teks drama jeung video drama Sunda. Format laporan saperti ieu di handap.

LAPORAN PROYÉK	
Mata Pelajaran: Basa Sunda Kelas/Semester: IX/1 Materi Pokok: Drama Submateri: Memproduksi Téks Drama dan Membuat Vidéo Drama Sunda. Tugas: Nulis téks drama Sunda, simulasi, jeung nyieun vidéo darma Sunda.	
Pancen	Laporan Kagiatan
Nalungtik konsep Drama Sunda	Tanggal: Laporan:
Nyieun rarancang nulis teks drama Sunda, nangtukeun pamaen, kostum, latar.	Tujuan Nulis Teks Drama:
	Topik
	Gambarkeun fase nulis naskah, simulasi drama, jeung nyieun vidéo drama Sunda luyu jeung topik anu rék dimekarkeun.
	Deadline pikeun ngarengsekeun drama.
	Jadwal atawa waktu ngarengsekeun tiap fase.

LAPORAN PRAKTÉK

Mata Pelajaran: Bahasa Sunda

Kelas/Semester: IX/1

Materi Pokok: Drama

Submateri: Memproduksi Teks Drama dan Membuat Video Drama Sunda

Pancen: Nulis téks drama Sunda, simulasi, nyieun video drama Sunda.

Tahap Kagiatan	Laporan Hasil	
1. Fase 1		
2. Fase 2		
3. Fase 3		

f. Cara Meunteun Modél Pangajaran PjBL

Cara meunteun Modél PjBL kudu dilakukeun kalawan gembleng ngawengku: sikep, pangaweruh, jeung kaparigelan. Cara meunteun modél pangajaran PjBL bisa ngagunakeun téhnik penilaian anu dimekarkeun ku Kemdikbud, nyaéta penilaian proyék atau penilaian produk. Ieu di handap pedaran ngeunaan penilaian proyék atawa penilaian produk.

1) Wangenan Penilaian Proyék

Penilaian proyék mangrupa kagiatan meunteun pancén anu geus diréngsékeun dina kurun waktu/periode nu geus ditangtukeun. Pancén éta mangrupa hiji invéstigasi ti mimiti ngararancang, ngumpulkeun data, ngaorganisasikeun, ngolah, nepi ka ngalaporkeun data. Penilaian proyék bisa digunakeun pikeun mikaweruh kamampuh pemahaman, kamampuh ngalarapkeun, kamampuh panalungtikan, tur kamampuh

ngainformasikeun siswa ngeunaan mata pelajaran basa Sunda kalawan jéntré.

D. Kegiatan Diajar

Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék Kegiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék kalawan percaya diri tur gawé bareng jeung fasilitator sejenna, nyoko kana runtuyan kegiatan nu ngalarapkeun Modél Literasi Kewacanaan CALISLAUJI, saperti ieu di handap.

1. Maca tujuan jeung indikator kalawan daria.
2. Maca kalawan intensif pedaran bahan ngeunaan *Modél Pangajaran Discovery Learning/ Inquiry Learning, Modél Pangajaran Problem based Learning, jeung Modél Pangajaran Project Based Learning* dina *Pangajaran Basa Sunda* kalawan konséntrasi.
3. Nulis raguman matéri unggal-unggal kegiatan diajar dumasar kana matéri anu geus dibaca kalawan kréatif.
4. Ngaregepkeun paparan matéri ti fasilitator, tanya jawab, jeung sawala kelompok pikeun migawé latihan/pancén kalawan gawé bareng.
5. Latihan soal-soal pilihan ganda pikeun persiapan postés kalawan daria.
6. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén kalawan kréatif tur tanggung jawab.
7. Ngalaksanakeun postés di TUK anu geus ditangtukeun kalawan konséntrasi, daria, jeung tanggung jawab.

E. Latihan/Pancén

1. Jéntrékeun tujuan Modél Pangajaran *Discovery Learning*!
2. Jéntrékeun kalawan singget léngkah-léngkah operasional impleméntasi Modél Pangajaran *Discovery Learning* tahapan rancangan dina pangajaran basa Sunda!
3. Tuliskeun lima prinsip prosés diajar ngajar dina Modél PBL!
4. Tuliskeun lima fase Modél Pangajaran PBL!
5. Urutkeun léngkah-léngkah Modél Pangajaran PjBL!

F. Tingkesan

Discovery mibanda prinsip anu méh sarua jeung inkuri (*inquiry*) jeung *problem solving*. Teu aya béda anu prinsipil ngeunaan ieu tilu istilah. (1) Prinsip *discovery Learning* leuwih ngutamakeun kana manggihan konsép atawa prinsip anu saméméhna can dipikanyaho siswa. Masalah anu disodorkeun ka siswa nyaéta masalah anu dirékayasa ku guru. (2) Prinsip *inquiry* masalahna lain hasil rékayasa guru, balukarna siswa kudu satékah polah ngerahkeun pangaweruh jeung kaparigelanana pikeun manggihan hal-hal anyar ngaliwatan prosés panalungtikan. (3) Prinsip *problem solving* leuwih ngutamakeun kana réngséna ngungkulan masalah.

Tujuan digunakeunana Model *Discovery Learning*, nyaéta: (1) ngarobah kondisi diajar tina pasif jadi aktif kréatif, (2) ngarobah modus *ekspository* (siswa ngan narima informasi ti guru) kana modus *discovery* (siswa manggihan sorangan informasi).

Léngkah-léngkah operasional Modél Pembelajaran *Discovery Learning*: (a) *Stimulation* (Stimulasi/Nyumangetan), (b) *Problem Statement* (Identifikasi Masalah), (c) *Data Collection* (Ngumpulkeun Data), (d) *Data Processing* (Ngolah Data), (e) *Verification* (Ngabuktikeun), jeung (f) *Generalization* (Nyieun kacindekan).

Problem Based Learning (PBL) nyaéta modél pangajaran anu dirancang sangkan siswa narima pangaweruh anu penting, sarta ngabalukarkeun siswa mampu: (a) ngungkulan masalah, (b) mibanda modél diajar sorangan, jeung (c) mibanda kaparigelan ulubiung aktif dina kelompok.

PBL mangrupa modél pangajaran anu nyodorkeun masalah kontéktual anu ngastimulus siswa pikeun daék diajar. Di jero kelas anu nerapkeun PBL, siswa gawé bareng dina tim pikeun ngungkulan masalah nyata di lapangan (*real word*). PBL mangrupa modél pangajaran anu nantang siswa pikeun “*diajar kumaha diajar*” tur digawé bareng dina kelompok pikeun ngungkulan masalah.

Lima stratégi pikeun ngagunakeun PBL: (a) masalah mangrupa bahan kajian, (b) masalah mangrupa awal pikeun nyangkem matéri, (c) masalah mangrupa conto, (d) masalah mangrupa bagian anu teu bisa dipisahkeun tina prosés, jeung (e) masalah mangrupa *stimulus aktivitas autentik*.

Udagan modél PBL: (a) kurikulum, (b) tanggung jawab (c) realisme, (d) diajar-aktif, (e) umpan balik, (f) kaparigelan umum, (g) *driving questions*, (h) *constructive investigations*, jeung i) *autonomy*.

Prinsip-prinsip prosés diajar ngajar dina modél PBL, ngawengku: (1) konsép dasar, (2) wangenan masalah, (3) diajar mandiri, 4) silih tukeur pangaweruh, jeung 5) penilaian.

Lima fase modél pangajaran PBL, nyaéta: (a) oriéntasi masalah, (b) ngaorganisasikeun siswa, (c) ngabimbing panalungtikan individu/kelompok, (d) mekarkeun jeung nyodorkeun hasil karya siswa, sarta e) ngaanalisis jeung ngaévaluasi prosés ngungkulan masalah

Pangajaran *Berbasis Proyek* atawa *Project Based Learning* (PjBL) nyaéta modél pangajaran anu ngalibetkeun siswa dina hiji kagiatan (proyé) nu ngahasilkeun produk. Kalibetna siswa ti mimiti ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngalaporkeun hasil kagiatan mangrupa produk jeung laporan kagiatanana (*student centre*).

Karakteristik Modél Pangajaran PjBL: (a) siswa nyieun kaputusan sorangan ngeunaan hiji *kerangka kerja*, (b) ayana masalah atawa tantangan anu disodorkeun ka siswa, (c) siswa ngararancang prosés pangajaran pikeun nangtukeun solusi ngeunaan masalah anu rék dipigawé, (d) siswa kalawan kolaboratif tanggung jawab pikeun ngaaksés jeung ngolah informasi pikeun ngungkulan masalah, (e) prosés évaluasi dilakukan kalawan terus-terusan (kontinyu), (f) siswa kalawan maneuh ngalakukeun réfléksi ngeunaan pagawéan anu geus dilakukeun, (g) produk ahir hasil gawé baris diévaluasi kalawan kualitatif, jeung (h) situasi prosés diajar ngajar méré toléran kana kasalahan.

Léngkah-léngkah Modél PjBL: (a) nangtukeun panalék ésénsial (*start with teh essential question*), (b) ngadesain rancangan proyék (*design a plan for teh project*), (c) nyusun jadwal (*create a schedule*), (d) ngamonitor siswa jeung kamajuan proyek (*monitor teh students and teh progress of teh project*), (e) nguji hasil (*assess teh outcome*), jeung (f) ngaévaluasi pangalaman (*evaluate teh experience*).

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pek cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disadiakeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur kamampuh nyangkem matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79% = cukup

- 69% = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem bahan 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun bahan kana matéri Kagiatan Diajar 3. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui sarta deres matéri dina Kagiatan Diajar 2, pangpangna matéri nu tacan kacangkem kalawan konséntrasi, taliti, tur tanggung jawab.

PROFÉSIONAL:

**TATAKRAMA BASA, POLA SORA BASA,
TÉKS ÉKSPLANASI, GUGURITAN, JEUNG
CARPON DI SMP**

KAGIATAN DIAJAR 3

TATAKRAMA BASA, POLA SORA BASA, JEUNG TÉKS ÉKSPLANASI

A. Tujuan

Tujuan kagiatan diajar 3 saperti ieu di handap.

1. Sanggeus maca modul, pamilon mampuh ngajéntrékeun wangenan tatakrama basa kalawan kréatif.
2. Sanggeus maca, pamilon mampuh ngaidéntifikasi prinsip-prinsip tatakrama basa kalawan percaya diri.
3. Sanggeus tanya jawab, pamilon mampuh ngaidéntifikasi panta-panta basa Sunda kalawan daria.
4. Sanggeus sawala, pamilon mampuh méré conto basa Sunda lemes keur ka batur dina wangun kalimah nu méréhah.
5. Sanggeus maca modul, pamilon mampuh ngaidéntifikasi ambahan pola sora, pola sora basa, fonem, jeung konsonan basa Sunda kalawan tanggung jawab jeung percaya diri.
6. Sanggeus tanya jawab, pamilon kalawan gawé bareng mampuh ngajéntrékeun runtuyan sora, engang, kecap, kluster, ciri-ciri supraségmental, jeung rinéka sora basa Sunda kalawan taliti.
7. Sanggeus maca modul, pamilon mampuh ngajéntrékeun wangenan téks éksplanasi kalawan taliti.
8. Sanggeus sawala babarengan, pamilon mampuh ngaidéntifikasi struktur téks éksplanasi kalawan kréatif.
9. Sanggeus sawala, pamilon mampuh ngaidéntifikasi kaédah basa téks éksplanasi kalawan taliti.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

1. Ngajéntrékeun wangenan tatakrama basa.
2. Ngaidéntifikasi prinsip-prinsip tatakrama basa.

3. Ngaidéntifikasi panta-panta basa Sunda.
4. Méré conto basa Sunda lemes keur ka batur dina wangun kalimah.
5. Ngaidéntifikasi ambahan pola sora, pola sora basa, fonem, jeung konsonan basa Sunda kalawan taliti jeung percaya diri.
6. Ngajéntrékeun runtuyan sora, engang, kecap, kluster, ciri-ciri suprasegmental, jeung rinéka sora basa Sunda kalawan taliti.
7. Ngajéntrékeun wangenan téks éksplanasi.
8. Ngaidéntifikasi struktur téks éksplanasi.
9. Ngaidéntifikasi kaédah basa téks éksplanasi.

C. Pedaran Matéri

1. Tatakrama Basa Sunda di SMP

a. Wangenan Tatakrama Basa

Tatakrama basa biasa disebut ogé undak usuk basa. Numutkeun sawatara ahli asupna undak-usuk kana basa Sunda téh ti mimiti abad ka-17, dina mangsa sabagian tatar Sunda kaéréh ku Mataram. Utamana wewengkon Priangan, saperti: Ciamis, Tasikmalaya, Garut, Bandung, Sumedang, Sukabumi, jeung Cianjur (Tamsyah (1987: 9).

Numutkeun Sudaryat, Spk. (2013: 294) undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (etiket) téh geus disayuluan jeung dianjénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih anjénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat-teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun. Tatakrama basa di SMP kacida perlu diajarkeun, lantaran kujalan ngajarkeun tatakrama basa, sacara teu langsung ngajarkeun ogé karakter kasopanan, rasa hormat, silih ajénan, silih pikanyaah, rasa hormat ka saluhureun, ka guru, ka kolot, jeung kaluhuran budi pekerti.

b. Prinsip Tatakrama Basa

Numutkeun Sudaryat, Spk. (2013: 294) undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa kasopanan dina makéna basa. Ari prinsip kasopanan téh miboga sababaraha rupa maksim, nyaéta: (1) maksim

kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim kacocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpati, jeung (6) maksim balabah.

1) Maksim kawijaksanaan meredih omongan ku cara ngaréaan kauntungan atawa ngurangan karugian ka pamiarsa, diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Contona :

- a) Mun bisa, kuring rék nepungan ka imah Bapa. (teu hormat).
- b) Upami tiasa, abdi badé nepangan ka bumi bapa. (hormat)

2) Maksim Katumarima meredih sangkan omongan panyatur ngurangan kauntungan keur dirina atawa loba ngarurugi karep, diwangun ku omongan komisif jeung impositif. Contona, omongan kurang hormat, sabalikna omongan leuwih hormat.

- a) Cing ulah ngaroko baé, atuh! (teu hormat)
- b) Aya saéna upami rokona dipareuman. (hormat)

3) Maksim pangcocog meredih sangkan omongan panyatur kudu leuwih cocog jeung pamiarsa, kurangan omongan anu teu cocog, biasana diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Omongan si B dina wacana leuwih sopan tur cocog jeung kalimah si A, sabalikna omongan si C mah henteu cocog.

- A : Basa Sunda téh énténg bangga, nya?
 B : Enya.
 C : Ah, ceuk saha sakitu babarina.

4) Maksim kasimpatian meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan rasa simpati atawa ngurangan antipasti ka pamiarsa, biasana diwangun ku omongan asertif jeung ékspérsif. Dina ieu wacana di handap, omongan si B nuduhkeun rasa simpati ka si A, sabalikna omongan si C nuduhkeun rasa kurang simpati atawa antipati.

- A : Kuliah téh tiwas, teu bisa maju.
 B : Sabar wé, laina nasib mereun.
 C : Wah, pinter, nya.

5) Maksim Balabah meredih sangkan omongan panyatur ngalobaan panghormatan jeung pamuji ka pamiarsa atawa ngurangan pamuji ka

dirina, biasana diwangun ku omongan ékprésif jeung asertif. Contona, dina wacana di handap, omongan si A loba muji pamiarsa, jawaban si B ngurangan pamuji ka dirina. Kitu deui, jawaban si C loba muji si A.

A : Raos pisan angeun téh, Ceu.

B : Ah, angeun kieu disebut raos.

C : Saha heula atuh nu ngangeunna, ceu Juju.

- 6) Maksim handap asor meredih sangka omongan panyatur leuwih loba ngahormatan atawa ngomah-ngomahan haté pamiarsa atawa ngurangna basa loma atawa kasar, diwangun ku omongan asertif jeung éksprésif. Dina wacana ieu di handap, omongan si A narekahan sangkan nguntungkeun pamiarsa, sabalikna jawaban si B ngurangan pangormatan atawa handap asor.

A : Saurna, tuang putera téh juara umum di sakolana ?

B : Ah, saur saha? Pun anak mah ngedul, tara ngapalkeun.

c. Ragam Tatakrama Basa

Ari enas-enasna, munculna tatakrama basa téh gumantung kana tilu perkara, nya eta :

- 1) Pamaké basa, saha panyatur (I), saha pamiarsa (II), jeung saha nu di caritakeun (III) ;
- 2) Kalungguhan pamaké basa, naha sahandapeun (h), sasama (s), atawa saluhureun (I); jeung
- 3) Gambaran rasa panyatur waktu komunikasi lumangsung, naha hormat (H), biasa atawa loma (L), naha teu hormat atawa kasar (K).

Basa lemes atawa hormat dipaké lamun urang nyarita bari hayang netelakeun pangormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur nu diajak nyarita (jalma II) atawa nu dicaritakeun (jalma III). Nurutkeun satata henteuna antara panyatur, pamiarsa, jeung nu dicaritakeun, aya dua rupa kacap lemes, nyaéta lemes keur sorangan jeung lemes keur batur. Contona :

- 1) Abdi mah dongkap téh wengi. Dupi akang iraha sumping? (lemes keur batur)

2) Mugi diantos heula, pun adi teu acan dongkap.(lemes keur sorangan)

Kecap dongkap disebut kecap lemes keur sorangan, ari sumping disebut kecap lemes keur batur. Keur jalma katilu nu umurna satata atawa sahandapeun panyatur, mun nyarita ka saluhureun, digunakeun kecap lemes keur sorangan.

Basa loma atawa kasar dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tanggapana sahandapeun jalma kahiji, atawa babaturan nu geus loma pisan. Sakapeung kecap loma téh dipaké nyarita harepeun balaréa. Contona :

A : Iraha datang ti Jakarta téh, Dén?

B : Kamari pabeubeurang.

Kecap datang jeung pabeubeurang dina wacana di luhur kaasup kana kecap loma. Dina kahirupan sapopoé sok kapanggih basa kasar pisan, biasana mun nyaritakeun sato atawa mun keur ambek. Contona :

Cekel cokor hayam téh, ngarah teu teterejelan baé.
teu *neuleu* pisan, cokor kotor dibanjut ka gogobrog.

Kecap *cokor*, *neuleu*, *dibanjut*, jeung *gogobrog* masing-masing kaasup kana basa kasar pisan atawa cohag.

d. Nu Maké Basa Jeung Nu Dicaritakeun

1) Nu Maké Basa

Nu maké basa ngalibatkeun saha nu nyarita (panyatur) atawa nu nulis (panulis) jeung saha nu diajak nyarita (pamiarsa) atawa nu maca (pamaca). Lumangsungna komunikasi basa antara panyatur jeung pamiarsa museur kana objék nu dicaritakeun.

Panyatur jeung pamiarsa bisa béda-béda nurutkeun (1) umurna, (2) kaayaan warugana, (3) kaayaan mentalna, jeung (4) kamahéran maké basana. Tina segi umurna, nu maké basa téh bisa budak, rumaja, bisa kolot. Tina segi warugana, nu maké basa téh bisa lalaki bisa awéwé, malah bisa ogé banci. Tina kaayaan mentalna, nu maké basa téh bisa pinter bisa bodo, atawa siger tengah. Tina kamahéran basana, nu

maké basa téh bisa capétang bisa arapap-eureupep, atawa lumrah baé.

2) Nu Dicaritakeun

Objék nu dicaritakeun dina omongan atawa wacana bisa mangrupa jalma, barang, kaayaan atawa kajadian. Objék nu mangrupa jalma sok disebut jalma katilu. Hal atawa perkara anu jadi galeuh omongan atawa wacana disebut *jejer omongan*.

Patali jeung topik, aya nu disebut téma jeung judul. Topik (tina basa Yunani *topoi* = ‘tempat lumangsungna kajadian’). Topik mangrupa jejer atawa galeuh omongan, biasana diwujudkeun dina hiji frasa, klausa, atawa kalimah. Saenyana mah, wacana téh boga topik; da anu boga topik mah ngan panyatur. Henteu salawasna topik téh nyampak dina wacana, tapi datang padeuri luyu jeung konteks situasi. Gelarna topik gumantung kana kasaluyuan maksud antara panyatur jeung pamiarsa waktu interaksi. Malah mindeng kajadian béda ‘persepsi’ antara panyatur jeung pamiarsa.

Tampolana topik téh karasa umum nepi ka kudu diwatesna jadi leuwih spesifik. Cara ngawatesan topik téh bisa disingget PUSAT B, nyaéta medar topik ngan kudu dumasar kana:

P (eranan) atawa fungsional,
 U (ntung-rugina) alus goréngna, ngeunah-henteuna;
 S (ajarah) asal-usulna, kaang tukang, jeung sikep panyatur;
 A (ayana) kaayaan, fakta, data, atawa cara migawéna;
 T (tipe-tipe)na, warna, wanda, atawa wangunna; jeung
 B (ener-henteuna), luyu-henteuna, jeung kanyataanana.

Nilik kana eusina, aya tilu rupa topik, nyaéta topik salancar, topik jembar, jeung topik sambung luncat.

Topik salancar mangrupa topik anu dicaritakeun ku para panyatur kalawan babarengan. Hiji topik direreyang ku sababaraha urang.

Contona :

A : Di sakola abdi mah nuju seueur kagiatan. Aya lomba maca sajak, biantara, ngarang, jeung ngadongéng.

B : Resep atuh.

A : Ih, puguh wé!

B : Ngiringan henteu?

A : Nya, ngirigan.

A : Sukur atuh, Muga-muga kenging.

Topik jember mangrupa topik anu dicaritakeun ku panyatur kalawan séwang-séwangan, tapi tetep sinambung lantaran aya babagian omongan ti panyatur saméméhna. Contona :

A : Di sakola abdi mah nuju seueur kagiatan. Aya lomba maca sajak, biantara, ngarang jeung ngadongéng.

B : Kamari abdi gé tos ti Borobudur Widyawisata.

C : Seueur guru anyar di sakola abdi mah. Ngawulangna ogé raoseun tur pikaresepeun. Matak genah diajarna ogé.

Topik sambung luncat mangrupa topik wacana anu béda-béda, anu dicaritakeun ku panyatur séwang-séwangan. Contona :

Dokter I : Kuring mah, alhamdulillah, dina sapopoéna téh ari ngawelas mah kudu. Matak, karék tilu taun gé geus ganti mobil deui.

Dokter II : Komo kuring mah, teu sirikna ngantay, nu uubar téh boa ka hareup mah teu kudu ngingu suster keur nganter pasén.

Dokter III : kuring mah dina sabulan gé paling ogé dua atawa tiluan.

Dokter I : leuh, karunya, nya? Tapi, naha bisa kitu?

Dokter III : Da kuring mah dokter matih, sakali datang ogé, tuluy cageur.

Topik raket patalina jeung téma. Topik mangrupa jejer pasualan nu dipidangkeun. Ari téma mangrupa amanat utama nu dipidangkeun ku panyatur dina wacana, wengkuan leuwih jembar tur abstrak batan topik. Najan kitu, sakapeung mah téma jeung topik téh padédempét.

Topik ogé patali jeung *judul* atawa *titel*, nyaéta label, merek, atawa ngaran nu dilarapkeun kana hiji wacana, gunana pikeun ngahudang

kapanasaran pamiarsa kana pasualan nu di pedar. Judul mangrupa slogan anu midangkeun topik dina wangun nu leuwih narik ati. Ku kituna, judul kudu luyu jeung nyuluran sagemblengna eusi wacana, écés, tur singget. Dijieuna judul biasa saméméhna atawa sabada wacana réngsé, utamana judul karya sastra. Judul karya ilmiah biasana ditangtukeun ti anggalna. Wujudiah judul bisa nembrak bisa linambang atawa ngiaskeun topik kalawang teu langsung.

Judul téh gedé gunana, wacana anu sagala-galana sarua, lamun dijudulan béda, baris ditapsirkeun béda. Bandingkeun wacana anu judulna béda, padahal runtuyan kalimah-kalimahna sarua.

Tos lohor, nya. Badé solat di masjid, Ceu. Ti luar aya sora ngagentraan. Mangga baé, ceuceu mah nuju dongkap tamu.

Wacana ngébréhkeun yén ceuceu “katatamuan nepi ka teu bisa solat”. Lamun judulna diganti ku “palangan”, anu dimaksud ku “tamu” téh saenyana ménstruasi’. Geura bandingkeun!

e. Galur Omongan

Galur omongan mangrupa jenglangan basa anu dipaké waktu lumangsungna komunikasi. Galur omongan aya patalina jeung (1) adegan omongan katut (2) laku basa. Di handap ieu pedaran hiji-hijina.

1) Adegan Omongan

Ari adegan omongan atawa adengan basa diwujudkeun ku sora, runtuyan kecap (*word order*), wangunan (*konstruksi*), jeung pilihan kecap (diksi). Ku kituna, adegan omongan miboga dua lapisan, nyaéta adegan lahir jeung adegan batin. **Adegan lahir** (*surface structure*) mangrupa kedaling sora (representasi fontesis), wujudiahna sora (kayaning fonem, morfem, kecap, frasa, kalusa, jeung kalimah), ayana dina wilayah baham, mangrupa paripolah ucap (*parole, competence*), sipatna hétérogen tur rinéka, antukna gancang robah. **Adegan batin** (*deep structure*) mangrupa aturan, rumus, atawa kaédah basa (kayaning flonologi, morfologi, sintaksis, leksikon, jeung sematik),

ayeuna dina wilayah uteuk, mangrupa kamampuh basa (*langue, competence*), sipatna homogén tur rélatif angger.

Dina galur omongan, anu relatif hésé robah téh nyaéta *langue* (rumus-rumus basa), sipatna angger, sawarna, tur teu kapangaruhan ku sistem anyar. Najan kitu, kedaling atawa éksprésina mah nu sok disebut *parole* (ucapan) relatif robah tur anékawarna, loba kapangaruhan ku sistem anyar, katembresan pangaruh waktu, tempat jeung situasi.

2) Laku Basa

Laku basa (*language event*) atawa pola ucap (*speech act*) mangrupa paripolah omongan anu dipaké ku panyatur waktu komunikasi basa. Disawang tina jihat pragmatis, sakurang-kurangna aya tilu rupa laku basa, nya éta lakuning ucap, lakuning gawé, jeung lakuning rasa.

Lakuning ucap atawa tindak lokusi mangrupa polah basa pikeun ngedalkeun hiji hal ka nu lain (*Teh act of saying something*). Dina lakuning ucap diwawarkeun hiji perkara saayanaan, teu dijieun-jieun, komo bari disumputsalindungkeun mah. Contona :

Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah (Sunda) aya dina wengku Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni (FPBS) Universitas Pendidikan Indonesia (UPI). Pernahna di jalan Dr. setiabudhi no 229. Teleponna (022) 2013163 Pes. 2407, Bandung 40154.

Lakuning gawé atawa tindak ilokusi mangrupa polah basa pikeun milampah hiji hal (*Teh Act of Doing Something*). Dina lakuning gawé henteu ngan ukur dipaké pikeun ngawawarkeun hiji hal, tapi ogé dipaké pikeun milampah hiji hal. Contona :

Jang, geus panjang buuk téh. Gimbal deuih.

Omongan di luhur henteu ngan sakadar ngabéjaan yen buuk geus panjang', tapi nitah sangkan "buuk téh kudu dicukur jeung dikuramas".

Lakuning rasa atawa tindak perllokusi mangrupa pola basa anu dipaké pikeun mangaruhan pamiarsa (*Teh Act of Affecting*) basa anu dipaké ku golongan masyarakat nu tangtu, di antarana, aya basa budak, basa

rumaja, jeung basa kolot, disebut *sosiolék* atawa dialék sosial. Ragam basa anu dipaké dina wengkuan waktu anu béda, upamana, aya basa sunda buhun, jeung aya basa sunda kiwari, disebut kronolék atawa dialék temporal. Ragam basa anu dipaké pikeun tujuan nu tangtu luyu jeung fungsina disebut *fungsiolek* atawa dialék fungsional. Ragam basa anu has dipaké ku saurang panyatur disebut *idiolek* atawa *dialek individual*.

Disawang tina sikep pamaké basa, aya nu disebut gaya basa, nyaéta ragam basa anu has tur imajinatif nimbulkeun pangaruh (éfék) anu leleb karasana ka pamiarsa. Gaya basa bisa dipasing-pasing dumasar kana (1) adegan kalimah, saperti gaya basa klimaks, antiklimaks, pararelisme, antitesis, jeung repetisi; (2) nada, saperti gaya basa basajan, singer tengah, jeung gaya basa ruwed; (3) pilihan kecap (diksi), saperti gaya basa resmi jeung teu resmi; jeung (4) harti, saperti gaya basa aliterasi, eufimismeu, litotes, pleonasme, hiperbola, paradok, metafora, personifikasi, metonomia, jeung sindiran.

Disawang tina pamakéna basa, ragam basa bisa dibédakeun nurutkeun (1) jejer omongan, kayaning ragam basa agama, politik, ilmiah, téhnologi, ékonomi, seni, jeung hukum; (2) médium (sarana), kayaning ragam basa lisan jeung ragam basa tulis; jeung (3) hubungan pamaké basa, kayaning ragam basa hormat jeung loma, ragam basa resmi jeung teu resmi, ragam basa baku jeung teu baku.

f. Amanat Omongan

1) Eusi Omongan

Amanat omongan mangrupa pesan panyatur nu geus katarima ku pamiarsa. Eusina mangrupa rasa, pikiran, jeung kahayang. Dina amanat aya maksud panyatur saperti ngawawarkeun, nanya, marentah, atawa cumeluk. Omongan wawaran meredih sangkan pamiarsa aya perhatian ka panyatur. Omongan pananya meredih sangkan pamiarsa ngajawab naon-naon nu ditayangkeun ku panyatur. Omongan parentah meredih sangkan pamiarsa malimpah pagawéan

nu dikedalkeun ku panyatur. Ari omongan panyeluk digunakeun pikeun ngébréhkeun sora bituna rasa panyaturna.

Amanat omongan kacida raketna jeung eusi atawa harti nu dikandung ku omongan. Ku kituna, aya amanat nu langsung katarima ku pamairsa aya nu kudu di pikiran heula. Aya amanat nu torojogan bisa kaharti atawa kacangkem, aya amanat omongan anu merlukeun dadasar kalantipan atawa kasturi. Lamun pesan ti panyatur teu katarima jadi amanat ku pamiarsa, matak salah paham atawa pasalia (*miscommunication, misunderstanding*). Dina ngama'naan atawa ngainferénsi wacana, aya dua hal nu perlu di diténan, nyaéta (1) paraduga jeung (2) implikatur. Di handap ieu dipedar hiji-hijina.

1) Paraduga

Paraduga atawa paraanggapan mangrupa pangira atawa panyangka anu aya patalina jeung kamustahilan bisa kajadian, masalah proyeksi atawa nonjolkeun hiji hal jeung rupa-rupa katerangan nu sipatna ngajéntrékeun. Praduga mangrupa prasarat pikeun nyindekkeun bener henteu omongan nu lain. Ku kituna, paraduga raket patalina jeung inferénsi kawacanaan, nyaéta prosés nu dipilampah ku pamiarsa geusan nyangkeum atawa maham ma'na wacana anu henteu diébréhkeun langsung dina wacana. Inferénsi dipibutuh dina ngama'naan wacana anu malibir atawa henteu togmol kana tujuan. Dina lebah dieu, sok aya omongan “ulah ngan cukup ku ngarti wungkul, tapi kudu bari jeung surti deuih”. Contona :

A : Bu, punten gelas nu bapa.

B : Badé cai hérang atanapi ci téh?

Kalimah nu diucapkeun ku si A lain ngan sakedar nanyakeun gelas wungkul, tapi aya maksud nu leuwih jero, nyaéta ménta cai nginum. Ku kituna, si B geus surti naon nu dipimaksud ku si A, nepi ka manéhna nanyakeun cai naon nu dipikahayang ku si A. kamampuh si B napsirkeun maksud nu teu torojogan ti si A téh disebutna kamampuh inferensi.

Hiji kalimah disebut méré praduga kana kalimah séjén lamun teu benerna kalimah kadua. (anu dipraduga) ngabalukarkeun kalimah kahiji (nu méré praduga) can bisa disebut bener atawa salah.

Contona :

Di alun-alun Bandung téh ramé pisan.

Kalimah di luhur dipraduga-duga yén ‘di alun-alun Bandung téh ramé pisan’. Hal éta téh bisa ditarima lamun memang “di alun-alun téh bener-bener ramé pisan”. Sabalikna, lamun kanyataanana henteu kitu, nya kalimah di luhur bisa diajén bener-salahna.

2) Implikatur

Omongan atawa kalimah bisa ngaimplikasikeun proposisi anu lain bagian tina éta omongan. Proposisi anu diimplikasikeun téh disebutna implikatur (*implicature*). Ku sabab implikatur téh henteu jadi bagian omongan anu ngaimplikasikeunana, hubungan diantara éta dua proposisi téh konsékwénsina henteu multak (*innecessary consequence*) Contona ;

A : Kang, seueul beuteung.

B : Tuh, aya warung nasi.

Dina wacana di luhur, omonan B lain bagian tina omongan A. Omongan B muncul lantaran ayana inferensi nu didadasaran ku kasang tukang pangaweruh yén di warung nasi téh pasti aya sangu nu bisa didahar. Ari sangu téh kapan ubar seueul beuteung atawa lapar.

Ku lantaran teu aya kakaitan ma’na antara hiji omongan jeung nu diimplikasikeun, atuh teu kudu anéh mun hiji omongan téh bisa nimbulkeun rupa-rupa implikatur nu tan wates wangen jumlahna. Contona, omongan si A dina wacana (67) bisa nimbulkeun omongan si B, si C, atawa si D

A : Kang ujang datang.

B : Rokona sumputkeun heula

C : Abdi mah badé permios heula.

D : Kamerna benahkeun heula.

Tatali omongan A-B nu sipatna multak téh sok disebut *entailment*.

A : Tiasa nyuhunkeun citéh. Asa hanaang pisan.

B : Abdi gé, tos ngaleueut mah, hanaang téh leungit.

Omongan B dina di luhur mangrupa bagian atawa konsékwénsi multak (*necessary consequence*) tina omongan A.

g. Panta-pantana Basa Sunda

Dina ieu pedaran, undak-usuk basa Sunda diwangun ku: basa Sunda Loma, Basa Sunda Sedeng, jeung basa Sunda Lemes (Tamsyah, 1987: 9-11) Basa Sunda Loma digunakeun ka sasama, ka babaturan anu geus loma. Salian ti éta, baréto mah sok dipaké ogé pikeun nyarita ka jalma anu sahandapeunana, pangkatna, umurna, atawa pikeun nyaritakeun jalma nu sahandapeun upama anu dicaritakeunana téh sahandapeun nu diajak nyarita.



Gambar 3. 1 **Conto Basa Sunda Loma Dipaké Ngobrol jeung Sasama**
Basa Sunda Sedeng, sok disebut ogé basa Sunda lemes keur ka sorangan, nyaéta basa anu dilarapkeun keur ka disi sorangan upama nyarita ku basa lemes, atawa pikeun nyaritakeun sasama ka saluhureun. Salian ti éta, basa sedeng ogé sok dipaké nyarita jeung jalma nu tacan wanoh atawa loma lamun nu ngajak nyaritana ngagunakeun basa lemes.



www.kaskus.co.id

Gambar 3. 2 Conto Basa Sunda Lemes Dipaké Waktu Siswa Ngobrol jeung Guru

Larapna Undak-usuk dina Kalimah Basa Sunda

Dihandap ieu conto larapna undak usuk dina kalimah basa Sunda anu diadopsi tina buku **Kamus Undak usuk Basa Sunda** karangan Budi Rahayu Tamsyah (1987).

Abus, asup ((BK) lebet (BS) - Lebet (BL)

- 1) “Manéh rék asup ayeuna?” Dudi nanya ka Dajeung.
“Moal ah, moal waka asup, rék ngadagoan Rini heula,” tembal Dajeung.
- 2) “Dudi mah tos lebet ti payun”, ceuk Dajeung ka Pa Asep.
“Abdi mah teu acan lebet sotéh badé ngantosan Rini heula.”
- 3) “Ku margi Bu Lia henteu lebet, engké kelas IIA lebétan baé ku Bapa”,
ceuk pa Kapala Sakola Ka Pa Maman.

Acan, can (BK) – teu acan (BS) – teu acan (BL)

- 1) “Kuring mah can nyaho rupana adina Rini téh”, ceuk Dajeung.
Ari Dudi geus nyaho acan?” Dajeung nanya ka Dudi.
“Nya éta can nyaho, Enong ogé béjana mah can nyahoeun”, tembal Dudi.
- 2) “Abdi mah teu acan terang rupina ka raina Pa Maman téh”, ceuk Bu Lia ka Bu Euis, “Dupi ibu tos uninga teu acan?”
- 3) “Saur Bu Euis, Inu téh teu acan uninga rupi pun adi, leres éta téh Bu?”
CeukPa Maman ka Bu Lia.

Babari, gampang (BK) – gampang (BS) – gampang (BL)

- 1) “Ceuk manéh, babari mana soal nomer lima jeung soal nomer genep?”, Dajeung nanya ka Dudi.
“Ceuk kuring mah gampang keneh soal nomer lima”, témbal Dudi.
- 2) “Dajeung mah nyeubatkeun gampang kénéh soal nomer genep, namun sanggem abdi mah gampang keneh soal nomer lima”, ceuk Dudi ka Bu Lia.
- 3) “Numutkeun Bapa, gampang mana?” ceuk Bu Lia ka Pa Maman.

Baca (BK) – baca (BS) – aos (BL)

- 1) “Manéh geus maca novel Kalajéngking?” Dudi nanya ka Dajeung.

“Enggeus, tapi can kabéh”, tembal Dajeung.

- 2) “Abdi mah teu acan tamat maca novel Kalajéngking téh, kabujeung dibantun ku Rini, dibaca we panginten ku anjeuna”, ceuk Dajeung ka Bu Tati.
- 3) “Ibu parantos maos novel Kalajéngking?” Bu Tati nanya ka Bu Euis.
 “Nu mawi teu acan. Kagungan bukuna? Nambut lah, hoyong maca,” tembal Bu Euis.
 “Pan itu nuju diaos ku Bu Lia”, ceuk Bu tati.

Cabak (BK) cepeng (BS) – cepeng (BL)

- 1) “Tong dicabakan baé atuh, puguh cau can asak, bisi kokod mondongeun”, ceuk Dajeung ka Dudi.
 “Lain dicabakan ieu mah, kacabak”, ceuk Dudi.
- 2) “Tadi kacepeung ku abdi, cau téh teu acan asak”, ceuk Dudi ka Pa Maman.
- 3) “Bilih percanten mah, mangga we cepeung ku Bapa.”

Cageur (BK) – damang, pangesto (BS) – damang, pangesto (BL)

- 1) “Kumaha jeung, geus cageur suku téh?” Dudi nanya kan Dajeung.
- 2) “Saminggu kapengkeur suku abdi téh titajong, dugi ka ayeuna teu acan damang”, ceuk Dajeung ka Pa Asep.
- 3) “Ibu Kumaha damang?”
 “Pangésto.”

Daék (BK) – purun, kersa (BS) – purun, kersa (BL)

- 1) “Kuring mah teu daék mun dijadikeun KM téh”, ceuk Beni ka Dajeung.
- 2) “Abdi mah teu kersa upami dijantenkeun KM téh”, ceuk Beni ka Bu Lia.
- 3) “Pa Maman kersa upami ku abdi dijantenkeun pengurus koperasi?” ceuk Pa Kepala Sakola.

Dahar (BK) – neda (BS) – tuang (BL) – nyatu, hakam (BKP) – dahar (BP)

- 1) “Kuring mah geus dahar, bieu pisan” ceuk Dudi ka Dajeung.
- 2) “Abdi mah parantos neda, nembé pisan” ceuk Dudi ka Pa Maman.
- 3) “Pa Maman ogé parantos tuang saurna mah” ceuk Dudi deui.
- 4) “Geus dibéré nyatu ucing téh?” ceuk Dajeung ka adina.

“Teu acan.”

“Ngan baranghakan baé atuh gawé téh!”

- 5) “Geus dahar, Mang”, ceuk Pa Kepala Sakola Ka Mang Endin.

Eleh (BK) – eleh (BS) – kawon (BL) – keok (BKP)

- 1) “Sakitu pingpong éléh baé téh, nangtang baé”, ceuk Dudi ka Dajeung.
“Lain éléh kuring mah, ngan ngéléhan wé”, ceuk Dajeung.
- 2) “Abdi mah sanés éléh-éléh teuing, ngéléhan wé tadi mah,” ceuk Pa Asep ka Pa Maman.
- 3) “Ah kawon, mah kawon wé pa, tong sok seueur alesan”, ceuk Pa maman.
- 4) “Wirang aing mah, kéok ku budak leutik,” ceuk Dudi moyokan Dajeung.

Eling (BK) emut (BS) – emut (BL)

- 1) “Geus éling deui nu kapaéhan téh?”
- 2) “Tos emut deui nu kapidara téh?”

Gado (BK) – gado (BS) – angkeut (BL)

- 1) “Gado kuring ticatrok kana bangku, mani nyeri”, ceuk Dajeung ka Dudi.
- 2) “Ieu gado abdi ticatrok kana bangku”, ceuk Dajeung ka Pa Asep.
- 3) “Ku naon Bu, éta angkeut mani bareuh kitu?”, ceuk Pa Maman ka Bu Lia.

Gancang (BK) – enggal (BS) – enggal (BL)

- 1) “Na dahar téh meni gancang-gancang teuing? Kalem wé da di Bandung ieu”, ceuk Dudi ka Dajeung.
- 2) “Dajeung mah nulis téh da meni enggal atuh”, ceuk Dudi ka Pa Asep.
- 3) “Bapa mah nyerat téh meni enggal, abong ahlina”, ceuk Bu Lina ka Pa Maman.

Gandeng (BK) – Baribin (BS) – baribin (BL)

- 1) “Tong gandéng teuing atuh, batur keur diajar”, ceuk Dudi ka Beni.
- 2) “Teu kenging baribin atuh, aya nu nuju ngapalkeun”, ceuk lanceuk Dajeung ka Beni.

Haben, terus-terusan (BK) - teras-terasan (BS) – teras-terasan (BL)

- 1) “Ari haben dihanca mah nya gunung ogé bisa béak”, ceuk Dudi ka Dajeung.

2) “Ari teras-terasan ditugaran mah nya gunung ogé tiasa séép.”

Hadé (BK) – sae (BS) – sae (BL)

- 1) “Hadé wé mun manéh aya niat hayang diajar tani mah”, ceuk Dudi ka Dadam.
- 2) “Saé wé upami bapa kagungan niat badé tani mah”, ceuk bu Lia ka Pa Maman.

2. Pola Sora Basa Sunda

a. Ambahan Matéri Pola Sora Basa Sunda

Pedaran matéri *Pola Sora Basa Sunda* sagemblengna diadopsi jeung diadaptasi tina buku sumber *Tata Basa Sunda Kiwari* (Sudaryat, spk. 2013, 11-46). Kagunaan basa téh jadi alat campur gaul atawa komunikasi masarakat manusa. Minangka médium komunikasi, basa téh bisa lisan bisa tulisan. Komunikasi basa lisan dipilampah maké lambang sora basa (omongan), ari komunikasi basa tulisan dipilampah maké lambang aksara.

Sora basa téh sifatna miganda, nyaéta sora ucap (**parole**) jeung sora pikir (**langue**). Sora ucap atawa *fon* mangrupa sora anu dikedalkeun ku baham, anu diulik ku *tata sora* (**fonetik**). Ari sora pikir atawa foném mangrupa sora anu kadéngéna béda atawa mirip tur sok ngabédakeun harti kecap, anu diulik ku *tata foném* (**fonémik**).

b. Pola Sora Basa, Foném, jeung Aksara

Unggal basa diwujudkeun ku sora. Ku kituna, ulikan sora basa atawa tata sora jadi dasarulikan tulisan atawa tata aksara. Sora nu diulik téh teu sagawayah, tapi sora nu diwangun ku alat ucap, anu disebut sora basa (*fon*). Sora basa aya anu béda kadéngéna, aya anu mirip. Sora basa anu kadéngéna béda atawa mirip tur bisa ngabédakeun harti kecap disebut *foném*. Foném sok ditulis di antara dua gurat condong /.../. Upamana baé, sora /a/, /i/, /u/, /o/, jeung /e/ dina basa Sunda mangrupa foném lantaran opatanana bisa ngabédakeun harti kecap (Sudaryat, 2013: 12).

c. Alat Ucap

Sora basa mangrupa salasahiji geteran hawa anu katarima ku pangrungu, anu muncul lantaran aya dua barang diadu atawa pagésrék. Ari alat nu dipaké ngawangun sora basa disebutna alat ucap. Sora basa anu diwangun ku alat ucap atawa pakakas ucap disebutna sora omongan (*fon*). Sora omongan anu geus dipaké dina komunikasi sarta ngabogaan pancén pikeun ngabédakeun harti kecap disebutna *foném*.

Dina ngawangun sora basa aya tilu perkara kalibet, nyaéta (1) hawa nu kaluar tina bayah atawa paru-paru, (2) artikulator, jeung (3) tempat artikulasi.

d. Vokal

Cara Ngagunakeun jeung Ngedalkeun Vokal

Vokal atawa *swara* nyaéta sora basa nu diwangun ku hawa nu kaluar tina bayah sarta waktu ngaliwatan tikoro teu meunang hahalang. Dina ngawangun vokal aya tilu perkara anu mangaruhan ajén atawa kualitasna, nyaéta buleud-gepengna wangun biwir, maju-mundurna létah, jeung luhur-handapna létah. Ari vokal dina basa Sunda jumlahna aya tujuh siki seperti dilambangkeun dina tabél ieu di handap.

Tabel 3.1 Lambang Vokal

Lambang	Vokal						
Grafemis	<a>	<i>	<u>	<e>	<o>	<e>	<eu>
Fonémis	/a/	/i/	/u/	/ɛ/	/o/	/e/	/eu/
Fonétis	[a]	[i]	[u]	[ɛ]	[o]	[ə]	[ø]

Waktu vokal diucapkeun, biwir bisa dibuleudkeun atawa diratakeun nepi ka ngawangun vokal buleud /o/, /a/, /u/, jeung vokal teu buleud /i/, /é/, /e/, jeung /eu/. Jaba ti eta vokal diwangun ku cara ngasar-ngésérkeun létah, boh dipajukeun atawa dipundurkeun, boh dikaluhurkeun atawa dikahandapkeun. Ieu di handap tabél tempat diwangunna vokal.

Tabel 3.2 Posisi Vokal

Wangun Biwir Posisi	Luhur Handapna Létah					
	Hareup		Peuseur		Tukang	
Létah tina lalangit	b	tb	b	tb	b	tb
Luhur		i		ö	u	
Tengah		ε		ə	o	
Handap			a			

Keterangan: b : buleud
tb : teu buleud

e. Konsonan

1) Cara Ngawangun jeung Ngedalkeun Konsonan

Konsonan atawa *wianjana* nyaéta sora basa nu diwangun ku hawa kaluar tina bayah sarta waktu ngaliwatan tikoro meunang hahalang.

Konsonan dina basa Sunda aya 18 nyaéta:
/b/, /c/, /d/, /e/, /g/, /h/, /j/, /k/, /l/, /m/, /n/, /ny/,
/ng/, /p/, /r/, /s/, /t/, /w/. jeung /y

Aya tilu cara ngawangun konsonan minangka ajén atawa kualitasna, nyaéta (1) kaayaan pita sora, (2) tempat artikuli, jeung (3) cara artikulasi.

Dumasar kana tempat artikulasina, aya konsonan bilabial, labiodéntals, konsonan dental, arveolar, palatal, veral, glottal, jeung konsonan laringal. Dumasar kana cara artikulasina, aya konsonan mandeg, gésér, sisi, geter, nasal, jeung semivokal.

2) Sebaran Konsonan

Sakabéh konsonan dina basa Sunda, bisa sumebar di awal, di tengah, jeung di tungtung kecap, iwal ti konsonan /c/, /ny/, jeung /j/. Balukar pangaruh basa kosta, aya konsonan /j/ anu cicng di tungtung kecap saperti mahroj jeung mi'raj. Sebaran konsonan dina kecap basa Sunda téh bisa dibagankeun ieu di handap.

Tabel 3.3 Distribusi Konsonan

Konsonan	Posisi dina Kecap		
	Di Awal	Di Tengah	Di Tungtung
/b/	/bau/	/ubar/	/teurab/
/c/	/cokot/	/buncis/	—
/d/	/dasar/	/adat/	/bejad/
/f/	/fasilitas/	/tafsir/	/aktif/
/g/	/garu/	/tugur/	/bedug/
/h/	/hayang/	/dahar/	/waluh/
/j/	/jalan/	/bagja/	/mi'raj/
/k/	/kawas/	/aki/	/batuk/
/l/	/lamun/	/alus/	/bijil/
/m/	/mana/	/ambu/	/anom/
/n/	/naha/	/maneh/	/dusun/
/ny/	/nyiar/	/anyar/	—
/ng/	/ngan/	/angeun/	/soang/
/p/	/palay/	/opak/	/hilap/
/q/	/qur'an/	/furqon/	—
/r/	/rea/	/urang/	/pasir/
/s/	/sayur/	/asem/	/tiis/
/t/	/teuas/	/batan/	/urat/
/v/	/vokal/	/lava/	—
/w/	/wates/	/sawah/	/riceuw/
/x/	/xenon/	/luxor/	/xerox/
/y/	/yakim/	/ayak/	/bolay/
/z/	/zat/	/azab/	/juz/

f. Runtuyan Sora, Engang, jeung Kecap

Runtuyan sora, engang, jeung kecap téh raket patalina. Sora aya nu bisa madeg mandiri jadi engang aya nu kudu ngaruntuy heula jeung sora basa lianna. Kitu deui engang, aya nu langsung jadi kecap aya nu kudu ngaruntuy jeung engang séjénna. Cindekna, kecap diwangun ku runtuyan engang. Ari engang diwangun ku runtuyan sora (Sudaryat, 2013: 30).

1) Adegan Engang

Engang dina basa Sunda umumna diwangun ku vokal (V) atawa rendonan vokal jeung konsonan (K). Upama dirumuskeun, adegan atawa kaédah engang dina basa Sunda téh kieu.

V : *i-eu, u-lah, e-ra, o-yek, eu-pan, a-bus*

VK : *ab-di, um-pak, em-pang, ong-koh, eun-teung*

KV : *da-mar, ka-rung, sun-da, e-ra, na-on*

KVK : *an-jeun, jang-kung, cang-kang, bu-dak*

KKV : *ge-bru, ti-bra, nyong-clo, num-pra*

KKVK : *nga-jleng, ra-cleng, tu-bruk, ke-prak*

Balukar ayana pangaruh basa kosta, dina basa Sunda ogé sok kapanggih adegan engang kieu.

VKK : *ons, eks-tra,*

KVKK : *Teks, kon-Teks*

KKKV : *stra-te-gi, stra-ta*

KKVKK : *kom-pleks*

KKKVK : *struk-tur, in-struk-tur*

KVKKK : *korps*

2) Runtuyan Sora

Boh vokal boh konsonan basa Sunda bisa ngantét jeung vokal atawa konsonan sejenna. Éta kantétat vokal téh bisa ngawangun diftong lamun ngantét jeung vokal sejenna anu beda. Tapi lamun ngantét jeung vokal anu sarua bakal muncul sora glotal *ʔ/ʔ*. Kawangunna diftong téh, balukar munculna semivokal */w/* jeung */y/* minangka sora panglancar. Jadi anu dimaksud diftong téh nyaéta rendonan vokal jeung semivokal dina engang, lain rendonan dua vokal atawa leuwih.

Umpana waé, dina ieu kecap,

[kuweh] <kuéh>

Muncul diftong minangka rendonan semi vokal */w/* jeung vokal */é/* dina kecap sarta rendonan semi vokal */y/* jeung vokal */eu/* dina kecap *lieur*.

g. Kluster

Kluster nyaéta runtuyan dua konsonan atawa leuwih anu diucapkeun sawaktu tur aya dina hiji engang. Conto kluster dina basa Sunda: gaplok, aclok, gembug, gajleng, keprok, ptr, gensruk, gebro, gebyar, kopyok, jst.

h. Ciri-ciri Supraségmental

Sora basa téh aya nu bisa dipasing-pasing aya nu henteu. Sora basa nu bisa dipasing-pasing seperti vokal jeung konsonan disebut sora *suprasegmental*,

Tekanan téh tumarepna kana kecap. Henteu unggal kecap dina kalimah dibere tekanan (aksén) téh kecap-kecap nu dipentingkeun. Tekanan (bedas alonna sora) sok babarengan (panjang pondokna sora) katut wirahmah (naék turunna sora). Hiji engang bakal kadéngé béda lamun diucapkeun. Jaba ti eta, dina omongan téh sok kadéngé ayana randegan (jéda, kesenyapan) di antara babagian éta omongan. Randegan nu dipaké ngamimitian jeung mungkas kalimah nyaéta sendi kepang rangkep (#), anu dipaké di antara babagian kalimah nyaéta sendi rangkep (/), anu dipaké di antara gundukan kecap atawa frasa nyaéta sendi tunggal (/), ari anu dipaké di antara engang nyaéta sendi tambah (+) atawa sendi bantuan (-) Tekanan minangka bedas-alonna sora dina omongan bisa digambarkeun.

i. Rinéka Sora

Rinéka sora atawa gejala fonologis patali jeung parobahan sora basa, boh vokal boh konsonan. Ari parobahan sora basa téh bisa muncul ku jalan leungitna foném, tambahna foném, pindahna tempat foném, atawa bagantina foném jeung foném séjénna

Dumasar kana cara diwangunna, rinéka sora téh bisa diwincik kieu.

1) Sirnaan

Sirnaan nya éta rineka sora anu diwangun ku jalan ngaleungitkeun sawatara fonem tina kecap, boh di awal kecap, di tengah kecap, boh di akhir kecap. Kukituna, sirnaan bisa mangrupa sirnapurwa, sirnamadya, jeung sirnawekas. Sirnapurwa contona: umilu → milu, kstaria → staria, banderol → bandrol, kolonel → kornel,

president → presiden.

2) Swarabakti

Swarabakti nyaéta rinéka sora anu diwangun ku jalan nambahkeun fonem kana kecap, boh di awal, di tengah, boh di tungtung kecap. Kukituna, swarabakti bisa mangrupa swarabakti awal, swarabakti tengah, jeung swarabakti ahir. Contona: stri → istri, stal → istal, blok → belok, bank → bangku.

3) Bagentén

Bagentén atawa alternan nyaéta bagantina sora anu diwangun ku jalan ngaganti hiji fonem ku fonem nu lain, boh vokal ku vokal, boh konsonan ku konsonan. Contona surung → sorong, pungkur → pengker, utama → utami, begang → begeng, itung → etang, ceuk → cek.

4) Métatésis

Métatesis nyaéta rineka sora anu diwangun ku jalan matukeurkeun tempat fonem dina jero kecap. Contona: aduy → ayud, dalu → ladu, leor → reol, presiden → persiden, rontal → lontar.

5) Asimilasi

Asimilasi nyaéta rineka sora anu diwangun ku jalan nyaruakeun fonem nu béda kana fonem tukangeunana, ilaharna di antara fonem nu aya dina daérah ucapan nu sarua saperti /b/ jeung /m/, /d/ jeung /n/, /g/ jeung /ng/. Contona: gambar → gamar, gablung → gambung, kaderon → kaneron, kendang → kenang, sanggeuk → sangeuk, sanggup → sangup

LEMBAR KERJA KOMPETÉNSI PROFÉSIONAL
LARAPNA BASA SUNDA LOMA JEUNG BASA SUNDA LEMES DINA KALIMAH

Pituduh:

1. Pék titénan matéri larapna basa Sunda loma jeung basa Sunda lemes dina kalimah dina Modul Kelompok Kompetensi C!
2. Diskusikeun dina kelompok pikeun ngajawab pertanyaan ngeunaan conto-conto larapna kecap loma jeung lemes!
3. Tuliskeun jawaban hasil diskusi dina kolom ieu di handap!

No.	Kecap-kecap Basa Sunda	Basa Sunda Loma	Basa Sunda Lemes keur ka Sorangan	Basa Sunda Lemes keur ka Batur
1.	abus, asup, lebet	“Manéh rék asup ayeuna?” Dudi nanya ka Dadang.	“Dudi mah tos lebet ti payun,” ceuk Dadang ka Pa Asép.	“Kumargi Bu Héni henteu lebet, engké kelas I-b dilebetan ku Bu Susi,” ceuk Pa Kapala Sakola ka Pa Maman.
2.	balik, wangsul, mulih	...	...	...
3.	baju, raksukan, anggoan	...	...	...
4.	beuteung, padaharan, patuangan	...	...	...
5.	capé, capé, palay	...	...	...
6.	caram, wigel, wigel	...	...	...
7.	gering, udur, teu damang	...	...	...
8.	jawab, walon, waler	...	...	...

3. Téks Éksplanasi

a. Wangenan Téks Éksplanasi

Téks éksplanasi nyaéta karangan anu eusina ngeunaan hiji topik anu raket patalina jeung kajadian/prosés fénoména alam atawa fénoména sosial anu lumangsung dina kahirupan sapopoé. Téks éksplanasi mibanda tujuan pikeun méré informasi anu lengkep tur jéntré, sangkan nu maca paham atawa ngarti ngeunaan peristiwa/fénoména anu keur lumangsung. Téks éksplanasi mibanda tujuan pikeun ngajawab panalék: *kumaha, naha*, nepi ka dina struktur téks éksplanasi loba panalék anu sipatna “sabab akibat”.

Conto téks éksplanasi ngeunaan: banjir (caah), hujan, samagaha, longsong, gunung bitu, tsunami, jst.

b. Struktur Téks Éksplanasi

Prak Sadérék tengetan gambar struktur téks éksplanasi!



Gambar 3. 3 Adegan Téks Éksplanasi


1) Pedaran Umum (*General Statement*)

Pedaran umum mangrupa bubuka ngeunaan hal anu rék dijéntrékeun. Misalna téks ngeunaan “Banjir”. Prak Sadérék baca conto pedaran umum tina téks éksplanasi nu judulna ‘Banjir’!

Banjir

Banjir (caah) nyaéta fénoména alam anu sumberna tina hujan anu ngagebrét tur waktuna lila. Banjir bisa dibalukarkeun ku alam, bisa ogé dibalukarkeun kuparipolah manusa. Banjir anu dibalukarkeun ku alam nyaéta érosi jeung sédiméntasi, curah hujan, pangaruh fisiografi/geofisik walungan, kapasitas walungan, drainase, lahan, jeung pangaruh cai pasang.

Banjir anu dibalukarkeun ku paripolah manusa nyaéta robahna tata guna halan, tempat pamiceunan runtah, kawasan pinuh penduduk di sapanjang walungan, jeung rusakna wangunan anu nahan banjir.



rovicky.wordpress.com

Gambar 3. 4 Daerah Potensi Banjir

2) Runtuyan Pangjéntré/Urutan Sabab Musabab (Sequence of Explanation)

Runtuyan sabab musabab mangrupa bagéan inti anu rék ditepikeun. Eusina mangrupa sabab musabab tina fénoména anu rék dipedar. Dina ieu bagéan aya rupa-rupa kecap panyambung (*konjungsi*). Biasana dina urutan sabab musabab aya sababaraha bagéan. Prak Sadérék baca téks runtuyan pangjéntré ieu di handap!

Banjir anu dibalukarkeun ku faktor sosial contona ayana parobahan tata guna lahan. Lamun aya leuweung anu deukeut aliran walungan dirobah jadi padumukan masarakat, tinangtu debit cai di walungan ngaronjat antara 6 nepi ka 20 kali. Angka 6 jeung angka 20 gumantung kana rupa leuweung jeung rupa padumukan anu ngarobahna. Ku

kituna, masalah padumukan masarakat anu padet, kotor mangrupa faktor sosial anu ngabalukarkeun ayana banjir di pakotaan.



Sumber: kabarrakyat.co
Gambar 3. 5 Banjir di Indramayu Jawa Barat



Sumber: www.kaskus.co.i
Gambar 3. 6 Penduduk sabudeureun jalan anu runtuh waktu bajir di Toowoomba, 105 km (65 mil) barat Brisbane tanggal 10 Januari 2011

3) Panutup

Bagéan ahir téks éksplanasi nyaéta panutup (*closing*). Panutup eusina mangrupa intisari atawa kacindekan tina fénoména anu dipedar. Dina bagéan panutup ogé ditambahan ku saran atawa tanggapan panulis ngeunaan éta fénoména. Panutup sipatna opsional, jadi bisa aya bisa ogé teu aya dina téks éksplanasi.

c. Kaédah Basa Téks Éksplanasi

Kaedah-kaedah kabasaan anu aya dina téks éksplanasi ngawengku kecap-kecap panyambung (*konjungsi*), kecap serapan tina basa deungeun, jeung istilah husus.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar nu kudu dipilampah ku Sadérék kalawan percaya diri tur gawé bareng jeung fasilitator séjénna, nyoko kana runtuyan kagiatan nu ngalarapkeun Model Literasi Kewacanaan CALISLAUJI, saperti ieu di handap.

1. Maca sacara mandiri tujuan jeung indikator di awal pangajaran kalawan konséntrasi.
2. Maca pedaran bahan ngeunaan *Tatakrama Basa, Pola Sora Basa, jeung Teks Eksplanasi* kalawan konséntrasi tur taliti.
3. Nulis raguman materi unggal-unggal Kagiatan Diajar dumasar kana materi anu dibaca kalawan kréatif.
4. Ngaregepkeun pedaran materi ti fasilitator, tanya jawab, sawala babarengan pikeun ngeusian LK kalawan dibarung ku rasa kabungah.
5. Ngeusian latihan soal-soal pilihan ganda pikeun persiapan postes kalawan saregep.
6. Néangan tur maca référénsi nu séjénna pikeun ngalengkepan latihan/pancén kalawan kréatif.
7. Postes di TUK anu tos ditangtukeun kalawan disiplin, konséntrasi, tur percaya diri.

E. Latihan/Pancén

1. Tuliskeun prinsip-prinsip tatakrama basa!
2. Tuliskeun ragam tatakrama basa!
3. Jelaskeun yén undak-usuk basa Sunda diwangun ku: basa Sunda Loma, basa Sunda Sedeng, jeung basa Sunda lemes!
4. Jelaskeun unsur supraségméntal basa Sunda!
5. Jelaskeun struktur téks éksplanasi dina basa Sunda!

F. Tingkesan

Tatakrama basa biasa disebut oge undak usuk basa. Numutkeun sawatara ahli asupna undak-usuk kana basa Sunda téh ti mimiti abad ka-17, dina mangsa sabagian tatar Sunda kaereh ku Mataram. Utamana wewengkon Priangan, saperti: Ciamis, Tasikmalaya, Garut, Bandung, Sumedang, Sukabumi, jeung Cianjur (Tamsyah (1987: 9).

Numutkeun Sudaryat, Spk. (2013: 294) undak usuk basa atawa tatakrama basa mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus di sayuluan jeung dianjénan jadi hiji kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih anjénan. Palebah dieu, undak usuk basa atawa tatakrama basa téh jadi hiji sistem ngagunakeun ragam basa (hormat-teu hormat) anu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun. Tatakrama basa di SMP kacida perlu diajarkeun, lantaran kujalan ngajarkeun tatakrama basa, sacara teu langsung ngajarkeun oge karakter *kasopanan, rasa hormat, silih ajénan, silih pikanyaah, rasa hormat ka saluhureun, ka guru, ka kolot, jeung kaluhuran budi pekerti*.

Dina ieu pedaran, undak-usuk basa Sunda diwangun ku: basa Sunda Loma, basa Sunda Sedeng, jeung basa Sunda lemes. Basa Sunda Loma digunakeun ka sasama, ka babaturan anu geus loma. Salian ti éta, bareto mah sok dipaké ogé pikeun nyarita ka jalma anu sahandapeunana, pangkatna, umurna, atawa pikeun nyaritakeun jalma nu sahandapeun upama anu dicaritakeunana téh sahandapeun nu diajak nyarita.

Sora basa téh sipatna miganda, nyaéta sora ucap (*parole*) jeung sora pikir (*langue*). Sora ucap atawa *fon* mangrupa sora anu dikedalkeun ku baham, anu diulik ku *tata sora (fonetik)*. Ari sora pikir atawa foném mangrupa sora anu kadéngéna béda atawa mirip tur sok ngabédakeun harti kecap, anu diulik ku *tata fonem (fonemik)*.

Ambahan tata sora dina ieu buku ngawengku genep hal, nyaéta (1) sora basa, foném, jeung aksara; (2) alat ucap; (3) warna foném (vokal jeung konsonan) katut cara ngawangunna; (4) runtuyan sora, engang, jeung kecap; (5) ciri-ciri supraségmental; jeung (6) rinéka sora.

Téks éksplanasi nyaéta karangan anu eusina mangrupa hiji topik anu raket patalina jeung kajadian/prosés fénoména alam atawa sosial anu lumangsung dina kahirupan sapopoé. Téks éksplanasi mibanda tujuan pikeun méré informasi anu lengkep tur jéntré, sangkan nu maca paham atawa ngarti ngeunaan peristiwa/fénoména anu kajadian. Téks éksplanasi mibanda tujuan pikeun ngajawab panalék: *kumaha*, *naha*, anu sipatna “sebab akibat”.

Struktur téks éksplanasi *adalah*: 1) *general statement* (pedaran umum), 2) *sequence of explanation* (runtuyan pangjéntré), jeung 3) *closing* (panutup).

Pedaran umum sipatna umum, nyaéta gambaran awal ngeunaan topik anu rék ditepikeun atawa masalah anu rék dipedar dina téks ‘eksplanasi. Pedaran umum kudu ditulis kalawan narik ati, supaya nu maca daék maca téks éksplanasi kalawan gembleng

Runtuyan panjéntré/runtuyan sabab musabab (*Sequence of Explanation*)

Runtuyan sabab musabab mangrupa bagéan inti anu rék ditepikeun. Eusina mangrupa sabab musabab tina fénoména anu rék dipedar. Dina ieu bagéan aya rupa-rupa kécap panyambung (*konjungsi*). Biasana dina urutan sabab musabab aya sababaraha bagéan. Bagéan ahir téks éksplanasi nyaéta panutup (*closing*). Panutup eusina mangrupa intisari atawa kacindekan tina fénoména anu dipedar.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur kamampuh nyangkem materi ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap Pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa nu dihontal ku Sadérék:

90 - 100% = alus pisan

80 - 89% = alus

70 - 79% = cukup

- 69% = kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap nyangkem matéri ajar 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana Kagiatan Diajar 4. Tapi, lamun tahap ngawasa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deres deui matéri dina Kagiatan Diajar 3, pangpangna matéri nu tacan kacangkem kalawan saregep, taliti, tur disiplin.

KAGIATAN DIAJAR 4

WANGUN JEUNG STRUKTUR GUGURITAN SARTA CARITA PONDOK

A. Tujuan

Tujuan Kagiatan Diajar 4

1. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon mampuh ngajéntrékeun wangenan guguritan kalawan percaya diri.
2. Sanggeus diskusi, pamilon mampuh méré conto wangun guguritan kalawan kréatif.
3. Sanggeus diskusi, pamilon mampuh ngajéntrékeun adegan guguritan kalawan percaya diri.
4. Sanggeus maca pedaran materi, pamilon mampuh ngajéntrékeun wangenan carita pondok kalawan taliti.
5. Sanggeus diskusi, pamilon mampuh ngaidéntifikasi ciri-ciri carita pondok kalawan kréatif.
6. Sanggeus diskusi, pailon mampuh ngajéntrékeun kamekaran carita pondok kalawan percaya diri.
7. Sanggeus migawe latihan, pamilon mampuh méré conto wangun jeung unsur intrinsik carita pondok kalawan kréatif.

B. Indikator Kahontalna Kompeténsi

Di handap ieu Indikator Kahontalna Kompeténsi Kagiatan Diajar 4.

1. Ngajéntrékeun wangenan guguritan.
2. Méré conto wangun guguritan.
3. Ngajéntrékeun adegan guguritan.
4. Ngajéntrékeun wangenan carita pondok.
5. Ngaidéntifikasi ciri-ciri carita pondok.
6. Ngajéntrékeun kamekaran carita pondok.
7. Méré conto wangun jeung unsur intrinsik carita pondok.

C. Pedaran Matéri

1. Wangun jeung Struktur Guguritan

a. Sajarah Guguritan

Guguritan nyaéta ungkara sastra wangun dangding atawa pupuh anu sok disebut wawacan. Sanajan guguritan biasana dipaké pikeun dangding anu teu panjang tur biasana ngébréhkeun rasa si pangarang atawa mangrupa naséhat, sedengkeun wawacan mah mangrupa carita, tapi teu saeutik guguritan nu panjangna leuwih ti wawacan. Upamana, guguritan karya H. Hasan Mustapa (1852-1930) aya nu panjangna nepi ka 500 pada, réréana panjangna kurang leuwih 200 pada.

Ari H. Muhammad Musa nyieun dangdinganna Wulangkruma, Wulang Guru, jeung Wulang Murid anu eusina naséhat tur panjangna masing-masing ngan ukur wewelasan jeung lilikuran pada téh. Jadi, umumna mah bédana guguritan jeung wawacan téh sok dumasar kana panjang-pondokna baé, salian ti gumantung kana kahayang nu nganggitna téh. Sumebarna ngan sacara lisan; pada ngapalkeun atawa paling-paling disténsil pikeun lingkungan husus.

a. Harti Guguritan

Guguritan nyaéta ungkara sastra anu winangun dangding atawa pupuh anu sakapeung sok disebut wawacan. Henteu aya wangenan anu cindek anu ngabédakeun guguritan jeung wawacan. Sanajan guguritan mah biasana dipaké nyebut dangding anu henteu panjang tur biasana ngagambarkeun rasa lirik anu nulisna atawa mangrupa naséhat, sedengkeun ari wawacan biasana mangrupa carita, tapi henteu saeutik guguritan anu panjangna leuwih ti wawacan (Haerudin:2012).

Guguritan kagolong kana karangan ugeran dina wangun puisi heubeul. Pangna disebut karangan ugeran lantaran kaiket ku patokan anu tangtu, nyaéta patokan pupuh. Sawatara urang ahli nétélakeun watesan ngeunaan guguritan. Ari nu disebut dangding nyaéta beungkeutan puisi nu geus tangtu pikeun ngagambarkeun hal-hal nu geus tangtu ogé. Aya

sababaraha wangun puisi nu disebut pupuh. Ieu pupuh téh nu ngahasilkeun karangan dina wangun wawacan jeung guguritan.

Iskandarwassid nyebutkeun yén guguritan téh nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Nurutkeun wangunanana, guguritan kaasup wangun ugeran, nyaéta kauger ku patokan pupuh. Ku lantaran teu panjang téa biasana mah ukur diwangun ku hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratif). Dibacana biasana mah dihariringkeun maké lalaguan anu geus matok keur pupuh éta.

Guguritan téh geus lila gelarna dina sastra Sunda. Ti abad ka-19 geus loba anu nganggit guguritan. Taun 1822-1866 R. Haji Muhammad Musa nganggit Wulang Krama; taun 1865.R.A. Bratadiwijaya nganggit Asmarandana Lahir Batin; taun 1892 Haji Hasan Mustapa nganggit welasan rebu pada guguritan, upamana waé Kinanti Ngahurun Balung, Asmarandana Babalik Pikir, Sinom Pamulang Tarima, Dangdanggula Pamolah Rasa, jeung sajabana.

b. Bédana Guguritan jeung Wawacan

Umumna mah bédana guguritan jeung wawacan téh sok dumasar kana panjang-pondokna baé, salian ti gumantung kana kahayang nu nganggitna téh. Nu panjang mahi sabukueun disebut wawacan, sanajan eusina henteu ngalalakon, sabalikna nu pondok disebut guguritan sanajan ngalalakon.

1) Pada dina guguritan

Guguritan biasana diwangun ku sababaraha pada. Ari guguritan Dangdanggula “Laut Kidul” jeung Asmarandana “Lahir Batin” mah rada panjang, kitu deui guguritan H. Hasan Mustapa. Umumna, 100-200 pada, aya ogé anu 400 pada panjangna téh.

2) Rupa-rupa guguritan, diantarana:

- a) Asmaranda
- b) Balakbak
- c) Dangdanggula
- d) Jurudemung

- e) Durma
- f) Gambuh
- g) Gurisa
- h) Kinanti
- i) Ladrang
- j) Lambang
- k) Maskumambang
- l) Mijil
- m) Pangkur
- n) Pucung
- o) Magatru
- p) Wirangrong

3) Watek-watek Guguritan

- a) Asmaranda

Watekna silih asih, silih pikanyaah, atawa mepelingan. Unggal pada diwangun ku tujuh padalisan.

- b) Dangdanggula

- c) Watekna bungah atawa agung. Unggal pada diwangun ku sapuluh padalisan.

- d) Jurudemung

Watekna kaduhung atawa hanjakal. Unggal pada diwangun ku lima padalisan.

- e) Durma

Watekna heuras atawa siap rek tarung. Unggal pada diwangun ku tujuh padalisan.

- f) Gurisa

Watekna pangangguran, lulucon atawa tamba kesel. Unggal pada diwangun ku dalapan padalisan.

- g) Kinanti

Watekna miharep atawa prihatin. Unggal pada diwangun ku genep padalisan.

- h) Ladrang

Watekna banyol pikaseurieun. Unggal pada diwangun ku opat padalisan.

- i) Lambang
Watekna banyol atawa pikaseurieun. Unggal pada diwangun ku opat padalisan.
- j) Magatru
Watekna lulucon deukeut kana prihatin. Unggal pada diwangun ku lima padalisan.
- k) Maskumambang
Watekna prihatin, sasambat, atawa nalangsa. Unggal pada diwangun ku opat padalisan.
- l) Mijil
Watekna sedih, susah, atawa cilaka. Unggal pada diwangun ku genep padalisan.
- m) Pangkur
Watekna nafsu, lumampah atawa sadia rék perang. Unggal pada diwangun ku tujuh padalisan.
- n) Pucung
Watekna piwuruk, wawaran, atawa mépélingan. Unggal pada diwangun ku opat padalisan.
- o) Sinom
Watekna gumbira. Unggal pada diwangun ku salapan padalisan.
- p) Wirangrong
Watekna éra atawa wirang. Unggal pada diwangun ku genep padalisan.

c. Nulis Naskah Guguritan

Nulis naskah guguritan béda jeung sajak, tapi ari wangunna mah sarua ditulis dina wangun ugeran (*puisi*):

- 1) Kudu apal heula kana salah sahiji rumpaka pupuh nu rek ditulis
- 2) Tangtukeun téma atawa jejer karangan
- 3) Tangtukeun pupuh nu luyu jeung téma/jejer karangan
- 4) Téangan kecap-kecap nu cocog jeung purwakanti pupuh nu digunakeun
- 5) Bisa ditepikeun dina sababaraha pada, ogé bisa sapada.

d. Wangun Guguritan

Dumasar kana hartina, guguritan kaasup wangun sastra anu kauger. Rusyana (dina Haerudin, 2012) ngajéntrékeun yén guguritan mangrupa karangan pondok anu disusun maké patokan pupuh. Iskandarwasid (1992:46) nétélakeun yén guguritan téh nyaéta karangan puisi anu mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Tina sababaraha sawangan para inohong di luhur, geus kaharti yén guguritan mangrupa karya sastra anu kauger ku aturan pupuh.

Guguritan kauger ku aturan pupuh, kukituna eusi carita dina guguritan gé saluyu jeung eusi pupuh anu dipilihna. Nurutkeun Haérudin (2012:1), pupuh anu mindeng digunakeun dina guguritan téh nyaéta asmarandana, dangdanggula, kinanti, jeung sinom anu biasana disebut sekar ageung. Hal ieu aya patalina jeung kabeungharan variasi lagu keur éta pupuh atawa jeung sipat lalaguanana. Tapi sakabéh pupuh anu 17 bisa dijieun guguritan, gumantung kana kaperluan nu rék ngaguritna. Watek pupuh anu kaasup sekar ageung diantaranya, pupuh asmarandana. Watek silih asih, silih pikanyaah, atawa mépélingan. Aturan pupuhna nyaéta unggal pada diwangun ku tujuh padalisan; guru wilangan jeung guru laguna 8-i, 8-a, 8-é/o, 8-a, 7-a, 8-u, 8-a.

Contona:

Éling-éling masing eling.
Rumingkang di bumi alam.
Darma wawayangan baé.
Raga taya pangawasa.
Lamun kasasar lampah.
Nafsu nu matak kaduhung.
Badan anu katempuhan.

Pupuh dangdanggula watekna bungah atawa agung. Aturanna unggal pada diwangun ku sapuluh padalisan. Guru wilangan jeung guru laguna 10-i, 10-a, 8-é/o, 7-u, 9-i, 7-a, 6-u, 8-a, 12-i, 7-a.

Contona:

Angin Lémbang nebak ngahiliwir
Ngoyag-ngoyag jajaran tangkal camara
Lira nu gugupay baé
Ngagupayan Kota Bandung
Itu aya sapasang japati

Anteng kakalayaan
 Ngahaja ngalayung
 Dei béh kidul samar-samar
 Gedung sate katémbong bangun nu tingtrim
 Éndahna matak kelar

Pupuh kinanti watekna miharep atawa prihatin; miboga aturan unggal pada diwangun ku genep padalisan; jeung guru wilangan katut guru laguna 8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i.

Contona:
 Kembang ros ku matak lucu
 Nya alus rupa nya seungit
 Henteu aya papadana
 Ratuning kembang sajati
 Papas di patamanan
 Seungit manis ngadalingding

Pupuh sinom watekna gumbira. Miboga aturan unggal pada diwangun ku salapan padalisan. Guru wilangan jeung guru lagu 8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 7-i, 8-u, 7-a, 8-i, 12-a.

Contona:
 Diwétan fajar balébat
 Panon poé arék bijil
 Sinarna ruhay buruhay
 Kingkilaban beuruem kuning
 Campur wungu saeutik
 Kaselapan semu biru
 Tanda batara surya
 Badé lumungsur ka bumi
 Murub mubyar langit sarwa hurung hérang

Salian ti éta, aya 13 pupuh deui anu bisa dijadikeun guguritan diantarana pupuh jurudemung watekna kaduhung atawa hanjakal, aturanna unggal pada diwangun ku lima padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i.

Pupuh durma watekna heuras atawa siap rék tarung, aturanna unggal pada diwangun ku tujuh padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 12-a, 7-i, 6-a, 7-a, 8-i, 5-a, 7-i.

Pupuh gambuh watekna bingung, samar polah atawa tambuh laku, aturanna unggal pada diwangun ku lima padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 7-u, 10-u, 12-i, 8-u, 8-o.

Pupuh gurisa watekna pangangguran, lulucon atawa tamba kesel, aturanna unggal pada di wangun ku dalapan padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a, 8-a.

Pupuh landrang watekna banyol pikaseurien, unggal pada diwangun ku opat padalisan, guru wilangan jeung guru lagu 10-i, 4-a (2x), 8-i, 12-a.

Pupuh lambang watekna banyol atawa pikaseurieun, aturanna unggal pada diwangun ku opat padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 8-a, 8-a, 8-a, 8-a.

Pupuh magatru watekna lulucon deukeut-deukeut kana prihatin, aturanna unggal pada diwangun ku lima padalisan, guru wilang jeung guru laguna 12-u, 8-i, 8-u, 8-i, 8-o.

Pupuh maskumambang watekna prihatin, sasambat atawa nalangsa, aturanna unggal padal diwangun ku opat padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 12-i, 6-a, 8-i, 8a.

Pupuh mijil watekna sedih, susah atawa cilaka; aturanna unggal pada diwangun ku genep padalisan; guru wilangan jeung guru laguna 10-i, 6-o, 10-é, 10-i, 6-i, 6-u.

Pupuh pangkur watekna nafsu, lumampah atawa sadia rék perang, aturanana unggal pada diwangun ku tujuh padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 8-a, 11-i, 8-u, 7-a, 12-u, 8-a, 8-i.

Pupuh pucung watekna piwuruk, wawaran, atawa mépélingan, aturanna unggal pada diwangun ku opat padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 12-u, 6-a, 8-é/o, 12-a.

Pupuh wirangrong watekna éra atawa wiring, aturanna unggal pada diwangun ku genep padalisan, guru wilangan jeung guru laguna 8-i, 8-o, 8-u, 8-i, 8-a, 8-a.

Rusyana (dina Haerudin, 2012:2) nyieun papasingan guguritan dumasar kana eusina jadi lima rupa, nyaéta:

- 1) Piwulang, upamana waé *Wulang Krama*, *Wulang Murid*, *Wulang Guru* karangan R. Haji Muhamad Musa. *Asmarandana Lahir Batin* karangan R.A. Bratawijaya;
- 2) Pangalaman kabatinan, contona guguritan karangan Haji Hasan Mustapa;

- 3) Kawaasan alam, contona *Dangdanggula Laut Kidul* karangan Kalipan Apo;
- 4) Kajadian, contona *Kiamat Leutik* karangan Tubagus Jayadila
- 5) Surat, biantara, jeung buka pintu. Guguritan anu eusina surat jeung biantara, upamana anu dikumpulkeun ku R. Danureja dina buku *Serat-sinerat Jaman Jumenengna Raden Haji Muhammad Musa*. Guguritan buka pintu sok dihaleuangkeun dina upacara buka pintu di nu kawinan.

e. Struktur Guguritan

Nurutkeun Haérudin (2012) guguritan diwangun ku sababaraha unsur, nyaéta anu aya patalina jeung struktur jero (struktur) sarta struktur luar (unsur ékstrinsik). Struktur dina guguritan di antarana nyaéta: téma, rasa, nada, jeung amanat.

- 1) Téma hartina nyaéta “pokok pikiran” atawa dadasar carita dina paguneman, sajak, jeung sajabana. Téma atawa jejer guguritan di luhur nyaéta ngeunaan hakékat hirup manusa di alam dunya anu diwatesanan ku waktu/umur. Anu beuki dieu téh umurna beuki ngurangan.
- 2) Rasa atawa “citraan” dina karya sastra nyaéta cara ngawangun rasa atawa gambaran hiji hal; gambaran visual anu ditimbulkeun ku hiji kecap, frasa, atawa kalimah sarta mangrupa unsur dasar anu has dina karya prosa jeung puisi. Nurutkeun Sudaryat dina Ulikan Semantik, rasa nyaéta sikep panyatur/pangarang kana objék carita. Pangarang ngawanti-wanti pisan kana masalah umur, da beuki dieu téh umur beuki ngurangan jeung deuih umur mah moal aya anu apal, boa ayeuna boa isuk boa pagéto urang diangkir pikeun mulang ka alam kalanggengan. Salianti éta pangarang ogé ngawanti-wanti masalah lalakon hirup di dunya nu bakal aya pertanggungjawabanana.
- 3) Nada nyaéta tarik halonna sora. Nurutkeun Sudaryat dina Ulikan Semantik nada nyaéta sikep panyatur/pangarang ka pamiarsa atawa ka nu maca. Pangarang nyaritakeun gagasan ka nu maca sacara togmol langsung kana eusi anu dipimaksud sangkan nu maca gampang mahamna. Pangarang ogé ngélingan kanu maca sangkan ulah kajongjonan teuing hirup di alam dunya sabab dina hiji wanci

urang bakal mulih ka jati mulang ka asal. Dina kekecapanana pangarang umajak kanu maca sangkan migawé amalan anu hadé pikeun bekel nalika mulih ka alam kalanggengan.

- 4) Amanat dina karya sastra nyaéta gagasan anu jadi dadasar hiji karya sastra; naon anu baris ditepikeun ku panulis atawa pangarang ka nu maca.

2 Tiori jeung Apresiasi Carita Pondok

a. Watesan Carita Pondok

Saméméh weruh jeung nyangkem carita pondok, pék baca heula cutatan carita pondok ieu di handap kalawan daria, dibarung rasa kabungah, tur mandiri.

NÉNG YAYA GERING TIPES

“Ya, Yaya! leuh sing éling!”

“Muji! Babacaan sing émut!”

Ceuli nu gering hantem ditiupan. Panonna dibeunta-beuntakeun. Sukuna duanana dicekelan, bari dicoco indung sukuna.

“Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim!” Bi Imi ngecewis babacaan bari rada ditompokeun kana ceuli nu gering; nu gering ngabeléng baé. Mang Endang salaki Bi Imi, ngajengjen baé! Barang Bi Imi ngarérét ka salakina, Mang Endang kalah tungkul muru ka panto. Pokna ngomong lalaunan: “Sukirta, susulan Mama Asmawi! Buru-buru sina ka dieu!”

“Ya, sing éling! Babacaan geulis, babacaan!”, buuk nu gering diliglagkeun, tarangna nu renung ku késang disusut ku saputangan, “Ya, geulis! leu Ema”, omong Bi Imi semu lewa-lewé, “Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim! Astagfirullah al adim! Kun kuliyah asyhadu alla ilaha illallah, wa asyhadu anna Muhammadar rosulullah. Ya narakuni, bardan wassalaman alaya kama bardan wasalaman ala Ibrahim!”

Emana, bapana, lanceuk-lanceukna, tatangga-tatangguna jeung sakur nu araya di dinya iwal ti budak, barabacaan, pating kucuwes, pating kecewis sabisa-bisa.

Di luareun panto kamer, mimiti kadéngé aya nu tingalingsreuk! Haseup menyan mimiti ngebekan imah! Ngeplek, ambeuna nyaliara matak eungap ngambekan.

Peuting harita taya saurang anu saré, lian ti barudak leutik. Kabéh nyararing bari barabacaan. Aya nu ngaji Yasin meunang sababaraha balik, aya nu maca Fathihah, Al Ihlas, jeung Falak-Binnas mangpuluh-puluh balik. Malah Uana mah maké ngecewis mapatkeun jangjawokan sagala! Teuing parancah kétéh, da teu pati sidik, ngan basa Arab pagalo jeung basa Jawa direumbeuy ku basa Sunda buhun!

Meunang saminggu nu gering digarugulung kitu baé di imah. Kasakitna déngdéng baé, teu maju-maju, taya mendingna, kalah ngabeléng siga nu mulan, teu beunang ditanya-tanya!

“Isuk mah Senén, bawa baé ka rumah sakit! Leuheung baé atuh di rumah sakit mah aya purah nguruskeunana. Moal-moal barabé saréréa: diantep di dieu mah matak baé gering saimah-imah. Di imah mah kaurus moal, matak baé buntu laku!” Kitu di antarana saran ti lanceukna Yaya, nu datang ngalayad dina poé Minggu, sanggeusna nampa telegram, dibéjaan yén adina, Yaya Rohaya gering payah!

Sanggeus Yaya dika-rumahsakitkeun meunang genep poé, lanceukna bébéja rék mulang deui ka tempat gawéna di Ciamis. “Ya, énjing akang wangsul; perlopna séép, da mung dipaparin cuti saminggu! Engké upami tos cageur, urang ameng ka Ciamis jeung akang!”

Yaya nyangigir neutep beungeut lanceukna, melong jiga nu embung ditinggalkeun. Lila-lila brey cipanonna nyalangkrung, tinggorolong luhureun pipina nu karempot kurang daging. Padahal dua minggu ka tukang mah kempot sotéh ari seuri atawa lamun keur imut.

Ti poé ka poé teu kende-kende nu besuk; tatangga-tatangana, batur-batur sakolana awéwé-lalaki, geus puguh ari dulur-dulur jeung kolotna mah. Ku dokter nu besuk teu beunang barang-kirim, boh dahareun boh bacaeun, tapi ari laci bupétna mah teu weléh pinuh, da diareusian dahareun ku tatangga-tatangana, dibélaan sumput salindung. “Karunya tuda, bisi lapareun,” aromongna, “mangkaning nyaho keur cageurna sok kudu ngarahém baé!”

Nu gering geus dua puluh lima poé di rumah sakit. Ceuk dokter mah types

geus lila teuing teu dirasa, katambah ku loba pikiran. Harita panas badanna geus normal deui, sasarna geus leungit deui, ngan nurutkeun hasil pamariksaan ti laboratorium, typesna masih aya kénéh.

“Kedah seueur istirahat, nya! Landongan deui, supados énggal damang! Tos damang énggal mulih”, ceuk suster bari imut. Imut leleb nu tara tinggaleun, unggal ka dinya, saban marengan dokter rék mariksa, angger sok dipiheulaan ku imut heula. Atuh lamun rék indit sanggeusna menerkeun simbut, nya kitu tara pohoeun ninggalan imut ka Yaya téh. Yaya ngarasa yén kaséhatanana geus mimiti sedsedan pulih deui. Ka babaturanana nu ngaralayad geus bisa ngobrol, jeung lamun babaturanana rék balik, sok titip salam, keur ka Ani, Nina, Tuti, atawa Hérman nu teu bisa besuk poé éta.

“Kasakit kitu-kitu baé maké dibawa ka dokter! Lain ubaraneun dokter atuh nu kitu mah! Di ditu, aya nu gering kawas kitu, malah parna ngan sakali ngajampé, terus wé cageur. Komo deui ieu ngan kari lieur jeung leuleusna wungkul. Pénta isukan mah, bawa balik! Puguh dokter mah mending gé dilila–lila! Keun kuring gé sanggup ngusahakeun kitu-kitu baé mah!”, omong Wiharma, uana Yaya, mentog ka Bi Imi jeung Mang Endang; ngabongan-bongan teu ngabéjaan ti béh ditu, jeung nganaha-naha maké dibawa ka dokter.

“Jeung duit dipiceunan teu puguh mah, mending diurus di imah! Mangkaning sabaraha sapoé ayeuna? Moal mahi duit leutik-leutik!” Isukna Wiharma jeung Mang Endang, bébéja ka suster: bébéja bari ménta rék dibawa balik. Tapi suster kalah gogodeg: “Teu acan kening mulih atuh Bapa! Teu acan aya widi ti dokter!”

Nu néang panasaran, terus langsung ménta ka dokter, rék dibawa balik. Ceuk dokter témpo dua-tilu poé deui mah, sabab typesna aya kénéh! Ké upami landong parantos séép kedah diparios deui! Candak wé kartu pamariosanana ka dieu! Omat sing ati-ati ngajaga kaséhatan Yaya di imah.

Peutingan datang ti rumah sakit, Yaya pada ngabagéakeun, pada nanya kumaha-kumahana! Tengah imah méh pinuh ku nu ngaralayad. Aya barayana, aya tatanggana; ngan lanceukna jeung babaturan sakolana nu euweuh besuk peuting éta téh. Nepi ka peuting nu ngalayad tacan baralik.

Tepi ka peuting Yaya nyaring, da pada nanya, jeung pangna teu daék saré téh bakuna mah gandéng ku nu ngarobrol!

“Nuhun atuh Néng ari tos damang deui mah! Kantun mamayuna!” Méh sarua kitu eusina pangbagéa nu ngalayad peuting éta téh.

Isukna kira jam salapan, kasakit Yaya karasa deui. Badanna panas mungguh nyongkab. Kanceuh! Kateuhak ku nu ngalayad jeung ku mamayu. Tipes tacan cageur, kadupak ku tambarakan sagala kudu didahar. Atuh kasakitna leuwih répot ti batan mimiti rék indit ka rumah sakit. Kumaha tuda, kuduna dahar bubur, jol dibéré sangu, majar téh ngarah téréh jagjag!

“Ka rumah sakit téh bet euweuh urutna! Kalah ka béaya baé mangratus-ratus rébu cageur mah hanteu!” ceuk Wiharma gugulunduk.

Ti harita, ti poé ka poe, nu ngajampé pili genti, geus leuwih ti lima. Rupa-rupa carana. Aya nu ku teuteup seukeut, bari tuluy nyarékan nu gering! Aya nu kudu nginum cai atah meunang ngajampé. Aya nu kudu sadia sasajén sakumplitna. Aya nu méré tulisan Arab kudu dibaca sababaraha ratus kali! Malah teu euleum-euleum nyebutkeun, pajar aya nu ngaheureuyan.

Sakur nu papatah—iwal ti kudu ka dokter deui— kabéh diturutkeun baé, da nu gering hayang buru-buru cageur téa. Paméntana taya hiji nu dipungpang. Najan hésé, najan bangga, teu weléh dicumponan! Ari Mang Endang jeung Bi Imi, pang henteu balik deui ka dokter deui téh, kahiji kapangaruhan teuing ku Wiharma nu ngaulah-ulah, kaduana seungguh ku duit, sieun saperti kamari mayar opname nu ku Wiharma mah disebut miceunan duit meleg-meleg! Jeung alesan nu pangkuatna mah aya nu ngawawadianan: “Lamun tas diopnameu dibalikkeun deui ka rumah sakit, ah teu gedé-gedé teuing milik mah, ulah baé ulah! Entong hayang nyobaan! Lain hiji-dua nu nepi ka goréng milik! Piraku teu nyaah ka budak!” Anu matak pohara sieunna rék diopnameu deui téh, da aya nu ngipat-ngipatan kitu ka kolotna. Sieun Mang Endang jeung Bi Imi aya nu nyebut tégaan ka anak!

Si Tori kungsi kapentés kudu néangan cai mulang, keur mandi nu gering. “Na da sainget gé manggih téh ngan dina sisindiran wungkul! Cai mulang, cai malik, cai ngocor ka astana!”, kitu gerents haté Si Tori. Tapi bubuhan

tugas, atuh apeng-apengan ka ditu ka dieu, natanyakeun sugan aya cai mulang. Béak déngkak néangan mah, tapi teu manggih baé. Balik teu hasil; nu gering hayang cageur! Leng Si Tori mikir!

“Na asana téh bingung-bingung teuing Jang! Tuh aya solokan, caina ngocor palid ka hilir! Geura jung pendet, tangtuna gé engké caina mulang deui ka girang!”, ceuk nu katanyaan bari seuri ka Si Tori.

Sanggeus aya nu mapatahan kitu, najan asa diheureuyan, ngan bet baé solokan téh dibendung ku Si Tori. Enya baé geuning cai téh mulang deui ka girang. Tuluy nyiuk, dibawa balik!

Geus sapuluh poé nu gering balik ti rumah sakit. Kanceuhna tambah poé wuwuh ripuh. Tapi obat ti rumah sakit mah parinuh kénéh, da diantep teu meunang didahar, matak baé lieur jeung tarorék cenah!

“Punten! Wartosna Enéng, murangkalih teu damang?”

“Sumuhun!” témbal Bi Imi. “Kaleresan atuh Mang, cing tulungan! Pangnyampékeun pun anak! Teu ngahajakeun néang ka ditu sotéh, teu aya nu piinditeunana!”

“Nya éta atuh, Emang téh rasjig; diondang Allah meureun! Paingan karenyeng, kumejot hayang ka dieu! Jeung ieu deuih pejuh mani sadua-dua keukeuh hayang milu, tara-tara ti sasari, teu beunang dientong-entong!”

“Yap ka dieu, Ujang! Nyai!”, pangangken Bi Imi soméah pisan.

“Puguh indungna teu aya di imah, keur néang nu rék ngajuru ka Pasir Nangoh!”.

Dicutat tina *Kanyaah Kolot* (Karna Yudibrata, 1985: 44-56)

Wacana anu bieu dibaca di luhur téh mangrupa carita pondok atawa carpon. Ukuranana mémang pondok, bisa dibaca ukur lima nepi ka sapuluh menit. Karangan prosa fiksi anu wangunna pondok siga kitu téh lain ngan carpon wungkul, aya ogé nu disebut dongéng. Lamun carpon ilaharna nyaritakeun kajadian nyata, ari dongéng umumna ngandung unsur pamohalan.

Carita pondok téh nyaéta carita rékaan (*fiksi*) tina tingkah laku manusa anu nyaritakeun kahirupan masarakat atawa manusa sapopoé anu méré

kesan lir enya-nya kajadian. Eusina biasana teu leupas tina ajén atikan jeung moral pikeun pieunteungeun atawa picontoeun hususna anu macana.

Carita pondok téh sok disingget jadi carpon. Carpon téh najan nyaritakeun hirup jeung huripna manusa, tangtu lain sagemblengna, biasana ukur nyokot tina sempalan (*épisode*) kajadian utama manusa. Pantès mun ieu *genre* sok disebut carita pondok ogé lantaran ukuranana pondok. Lebah ukuran pondok téa, aya nu diukur ku jumlah kecapna antara 5.000-10.000 kecap. Aya ogé anu diukur ku waktu macana, kurang leuwih saparapat jam, upama dibaca nepi ka réngsé téh.

b. Ciri-ciri Carita Pondok

Unggal carita miboga ciri anu mandiri anu ngabédakeun jeung karya lianna. Carita pondok ngabogaan ciri-cirina nu mandiri. Sumardjo (1980) nyebutkeun yen carita pondok téh wangun fiksina pondok, sifat caritana naratif, lain argumentatif, carita fiksi tapi kudu réalistik mangrupa hiji kajadian. Leuwih lengkep deui, ceuk Tarigan (1994: 177-178), carita pondok miboga ciri-ciri, nya éta:

- 1) *Wangun fiksina pondok*; hartina wangun fiksina pondok nyaéta saumpama ditilik tina jumlah kecapna atawa caritana leuwih saeutik tibatan prosa-prosa séjén
- 2) *Sifat caritana naratif*; hartina sifat caritana naratif nyaéta carita pondok téh ngan ukur nyaritakeun kajadian-kajadian nu kaalaman ku palaku, lain déskriptif, arguméntatif atawa analisis
- 3) *Caritana mangrupa karangan fiksi*; hartina dina carita pondok nyaéta anu dicaritakeun téh mangrupa kajadian anu lain saenyana atawa bener-bener anu kaalaman ku manusa (ukur rékaan)
- 4) *Eusi carita umumna réalistik*; hartina najan mangrupa hasil rékayasa pangarang, tapi tetep jalan caritana kudu kaharti ku akal
- 5) *Carita pondok kudu mangrupa hiji kajadian*; hartina carita pondok nyaritakeun hiji kajadian kudu gembleng atawa museur kana hiji implengananu jadi téma dina éta carita

- 6) Basa nu digunakeun kudu singget tapi munel, seukeut, sugestif jeung ngirut; hartina basa anu digunakeun dina carita pondok téh kudu singget, teu ngayayay, munel, seukeut jeung sugestif anu narik ati pikeun nu maca.

c. Kamekaran Carita Pondok

Carita pondok mimiti aya dina pajemuhan sastra Sunda dina majalah *Parahiangan*, ahir taun 1920-an. Ari kumpulan carita pondok anu munggaran dina basa Sunda nya éta *Dog-dog Pangréwong* karangan G.S. anu medal taun 1930. Jadi leuwih ti heula genep taun, upama dibandingkeun jeung buku carita pondok munggaran dina sastra Indonésia, *Téman Duduk* karangan M. Kasim, anu terbit taun 1936.

Minangka gambaran séjén tina kamekaran carita pondok, di antarana, ébréh tina buku-buku kumpulan carita pondok. Geura urang tataan sawatara judul buku kumpulan carita pondok katut pangarangna atawa nu ngumpulkeunana. Contona:

- (1) Aam Amilia: *Panggung Wayang*;
- (2) Abdullah Mustappa: *Nu Teu Kungsi Kalisankeun*;
- (3) Ahmad Bakri: *Ki Mérébot*, Ayat Rohaédi: *Hujan Munggaran*;
- (4) Caraka (sandiasma Wiranta): *Néangan*;
- (5) Éddy D. Iskandar: *Tali Asih anu Nganteng, Lembur Singkur Panineungan*;
- (6) Godi Suwarna: *Murang-maring, Serat Sarwasatwa*.

Salian ti éta, aya antologi carita pondok, nya éta *Kanjut Kundang* (dihijikeun jeung puisi katut sempalan novel) beunang Ajip Rosidi jeung Rusman Sutiasumarga, *Sawidak Carita Pondok* dikumpulkeun ku Duduh Durahman, Abdullah Mustappa, jeung Karno Kartadibrata, *Guriang Tujuh*, kumpulan karya parapangarang wanita “patrem”, *Petingan*, beunang Duduh Durahman, *Salumar Sastra* (dihijikeun jeung puisi katut éséy), mangrupa kumpulan pinunjul “Hadia Sastra LBSS”.

d. Papasingan Carita Pondok

Carita pondok bisa dipasing-pasing jadi sababaraha rupa. Tarigan (1994:178) ngabagi carita pondok dumasar kana dua pamiangan, nyaéta dumasar kana jumlah kecapna jeug dumasar kana ajén-inajénna. Dumasar kana jumlah kecapna, nurutkeun Brooks dina Tarigan (1994:178), aya dua rupa carita pondok, nyaéta *short-short story* (carpon anu pondok) jeung *long short story* (carpon anu panjang). Anu dimaksud ku *short short story* nyaéta carita pondok anu jumlah kecapna kurang ti 5000 kecap, maksimum 5000 kecap, atawa kira-kira 16 kaca kuwarto dua spasi, anu bisa dibaca dina waktu kira-kira saparapat jam. Ari *long short story* nyaéta carpon anu jumlah kecapna di antara 5.000 nepi ka 10.000 kecap; minimal 10.000, atawa kira-kira 33 kaca kuwarto dua spasi, anu bisa dibaca kira-kira satengah jam. Carpon anu panjang téh dina sasra Sunda mah rada langka. Kiwari muncul carita anu pohara pondokna, ukuranana mini, ukur saparagraf, nu disebut *fiksi mini* (*fiksmin*).


e. Unsur Intrinsik Carita Pondok

Unsur intrinsik mangrupa unsur-unsur anu ngawangun karya sastra. Unsur-unsur intrinsik karya sastra winangun prosa bisa dipaké ku carpon. Dina umumna mah unsur-unsur carpon téh ngawengku tokoh jeung watekna; galur (*plot*) nu patali jeung téhnik nyaritakeun (penceritaan); latar (*setting*) anu nyoko kana tempat, waktu, jeung suasana; téma, amanat atawa pesan; puseur sawangan jeung puseur carita; jeung gaya basa. Ieu hal téh luyu jeung pamadegan Sudjiman (1992:103) anu nétélakeun kieu:

Unsur-unsur yang bersama-sama membangun cerita, yaitu individu yang mengalami atau terlihat (tokoh) di dalam berbagai peristiwa yang disajikan dengan urutan tertentu (alur) di dalam ruang dan waktu (latar), dilandasi gagasan tertentu (tema) dan boleh jadi mempunyai tujuan tertentu (amanat). Siapa yang menyajikan cerita (pencerita) dari sudut mana ia bercerita (sudut pandang), tokoh mana yang dipilihnya sebagai pusat sorotan (fokus pengisahan), bagaimana watak tokoh diungkapkan

(penokohan), dan bagaimana peristiwa-peristiwa di dalam cerita disajikan (teknik penceritaan).

Patali jeung carita rékaan atawa prosa fiksi, Robert Stanton (1965:11,25) nyebutkeun tilu unsur intrinsik, nyaéta (1) fakta carita (galur, tokoh, jeung latar), (2) téma, katut (3) sarana sastra (*literary devices*) saperti puseur sawangan (*point of views*), gaya, jeung judul. Unsur intrinsik carpon minangka prosa fiksi bisa dibagankeun ieu di handap.



Bagan 4.1 Unsur Instrinsik Prosa Fiksi

1) Téma jeung Amanat Carita

a) Téma Cerita

Téma mangrupa ideu tina hiji carita. Nya téma anu ngadadasaran ayana carita sarta jadi pamiangan pangarang dina midangkeun karya rékaan anu diciptana (Aminuddin, 2002:107-108). Téma mangrupa dadasar atawa ma'na tina hiji carita (Tarigan (1994:125). Téma nyaéta gagasan, ideu, atawa pikiran utama anu ngadadasaran hiji carita (Sudjiman, 1992:30). Éta watesan téma téh sajalan jeung pamadegan Winterowd (1991:298, dina Nurgiyantoro (2007:67) anu nétélakeun yén “*the tehme of a story is teh deeper meaning, teh idea that underlies teh narrative*”(téma carita nyaéta ma'na anu dikandung dina carita, ideu anu ngadadasaran carita). Téma mangrupa ideu nu ngadadasaran carita nepi ka peranna jadi

titik pamiangan pangarang dina midangkeun karya rékaan nu diciptana (Aminuddin, 2002:91).

Téma téh nyaéta inti pikiran atawa puseur implengan pangarang atawa inti pikiran nu aya dina prosa fiksi. Pikeun nangtukeun hiji téma, urang kudu maca éta carita sagemblengna. Sakapeung téma prosa fiksi ogé disebutkeun dumasar kana téma umumna, upamana baé téma cinta, kapahlawanan, kulawarga, atikan, Lingkungan hirup, jeung sajabana. Tangtu baé anu dimaksud di dieu mah lain téma umum samodél kitu, tapi téma anu leuwih spésifik luyu jeung karangan anu geus dibaca.

b) Amanat Cerita

Amanat bisa dihadirkeun dina carita kalawan nyamuni (*implisit*) bisa nembrak (*éksplisit*). Amanat ditepikeun kalawan nyamuni lamun ajaran moral disamunikeun dina paripolah tokoh waktu carita rék pungkas. Ari nu ditepikeun kalawan nembrak lamun pangarang di tengah carita atawa di tungtung carita nepikeun panggero, saran, pangwawadi, naséhat, panyaram, jsté. Patali jeung gagasan nu ngadadasaran éta carita (Sudjiman, 1992:58).

Contona waé, amanat carpon “Néng Yaya Gering Tipes” nyaéta ‘hirup téh kudu boga pikir rangkepan, ulah percaya kitu waé kana omongan batur, lantaran balukarna bisa katipu’.

2) Fakta Carita

Fakta carita raket patalina jeung tilu unsur carita, nyaéta tokoh, galur, jeung latar. Éta tilu unsur fakta carita téh masing-masing dipedar ieu di handap.

a) Tokoh Carita

Palaku atawa tokoh carita nya éta ngaran-ngaran, boh jalma boh sasatoan, anu ngalakon dina carita. Loba saeutikna palaku dina carita, gumantung kana kabutuh caritana baé. Umumna palaku dina carita pondok leuwih saeutik batan palaku novel. Sanajan ukur fiksi, palaku téh hirup sakumaha manusa biasa, di antarana waé, boga kahayang jeung karakter (pasipatan) anu tangtu. Naha sakur palaku

utama boga pasipatan anu hadé? Saperti sabar, bageur, pinter, nurut ka kolot, nyaah ka sasama, jeung sajabana. Henteu. Maksud téh henteu kabéh kitu.

Éta gambaran karakter téh aya nu digambarkeun langsung ku pangarangna, aya ogé anu digambarkeun henteu langsung. Anu teu langsung, katémbongna téh dina caritaan si palaku, sikepna dina nyanghareupan masalah, tina caritaan palaku séjén, tina sikepna ka nu lian, tina paripilahna sapopoé, jeung sajabana.

Dumasar kana kalungguhanana atawa pentingna peran masing-masing dina carita, palaku téh bisa dibagi jadi tilu rupa:

(a) Palaku Utama

Palaku utama atawa palaku kahiji, disebut ogé *protagonis*, nyaéta palaku anu nyekel peran ti awal nepi ka ahir. Tokoh protagonis biasana ngabogaan karakter anu pikaresepeun, pikayungyuneun, cindekna tokoh anu bageur.

(b) Palaku kadua

Palaku kadua atawa palaku tamMatéri, nya éta palaku anu marengan, maturan, atawa jadi lawan palaku utama. Upama éta palaku kadua téh lawan palaku utama, sok disebut antagonis. Tokoh antagonis karakterna biasana réhé, pikasebeleun, anu cindekna mah tokoh anu jahat.

Nurgiyantoro (2007:177-194) nyebutkeun sababaraha rupa tokoh anu aya dina carita saperti ébréh dina tabél 4.1

Tabel 4.1 Wanda Tokoh

Papasingan	Wanda Tokoh
Dumasar kana tahapan atawa peran palaku dina mekarkeun galur atawa kautamaan tokoh.	Tokoh utama (<i>central character, main character</i>) jeung tokoh panambah (<i>peripheral character</i>)
Dumasar kana fungsi tagog tokoh.	Tokoh protagonis jeung tokoh antagonis
Dumasar kana cara midangkeun tokoh katut watekna.	Tokoh datar atawa tokoh sederhana (<i>simple or flat character</i>) jeung tokoh ruwed tur buleud (<i>complex or round</i>)

	<i>character</i>)
Dumasar kana mekar henteuna watek tokoh.	Tokoh statis (<i>static character</i>) jeung tokoh mekar (<i>developing character</i>).
Dumasar kana ngeunteungkeun tokoh carita	Tokoh tipikal (<i>typical character</i>) jeung tokoh nétral (<i>netral character</i>)

Pikeun ngagambarkeun watek tokoh, biasana pangarang ngagunakeun dua téhnik, nyaéta (1) téhnik pedaran (*telling*), téhnik ékspositori (*expository*) atawa tehnik analitik (*analytic*) jeung (2) téhnik ragaan (*showing*), téhnik diskursif (*discursive*) atawa téhnik dramatik (*dramatic*) (Abrams, dina Nurgiyantoro, 2007:194). Dina téhnik pedaran, pangarang ngagambarkeun kalawan langsung tur wincik ngeunaan tokoh carita saperti jatidiri, sipat, watek, paripolah, malah ciri warugana tur dianalisis data-datana ngeunaan hadirna tokoh.

Contona waé, palaku dina carpon “Néng Yaya Gering Tipe”, nyaéta palaku utamana téh Néng Yaya Rohaya. Ari palaku tamMatéri nyaéta (1) Bi Imi, indungna Néng Yaya, (2) Mang Endang, bapana Néng Yaya, (3) lanceukna Néng Yaya, (4) Wirahma, uana Néng Yaya, (5) Si Tori, tatanggana Néng Yaya, (6) Mang Wijatma, (7) tatanggana Néng Yaya, (8) dokter, jeug (9) suster.

b) Galur (*Plot*) Carita

Galur mangrupa runtuyan carita anu diwangun tina tahapan kajadian nepi ka ngawujud gunggunan carita nu dimunculkan ku tokoh carita (Abrams, 1981:137). Galur minangka runtuyan kajadian dina karya sastra pikeun ngahontal éfék nu tangtu (Sudjiman, 1992). Éta runtuyan carita téh bisa diwujudkeun ku runtuyan waktu bisa ku runtuyan sabab-akibat. Galur, alur, atawa plot téh nya éta runtuyan kajadian anu ngawangun hiji carita. Cara midangkeunana diluyukeun jeung tujuan anu hayang dihontal ku pangarangna.

Ditangtukeun heula pandeurina, hubungan kajadian nu hiji jeung kajadian séjénna, jeung sajabana.

a) Bubuka (*éksposisi*)

Babagian bubuka disebut ogé manggalasastra, nyaéta bagian anu nyaritakeun latar tempat, waktu, katut palakuna. Minangka ngawanohkeun anu rék ngalalakon katut kasang tukang séjénna anu dianggap perlu.

b) Muncul masalah (*Konflik*)

c) Masalah muncer (*Klimaks*)


Masalah téh mimiti ngarékahan, ngalobaan, atawa ngajeroan, nepi ka muncerna. Bagian ieu mangrupa puncer kajadian dina carita tina runtuyan kajadian saheulaeunana, anu sok disebut ogé klimaks.

d) Ngaréngsékeun masalah (*Anti-klimaks*)

Masalah nu aya mimiti diréngsékeun. Carana ogé bisa rupa-rupa, luyu jeung tungtutan carita. Aya nu ku cara maéhkeun salasahiji palakuna, ngaleungitkeun hal anu jadi masalah téa, jeung sajabana.

e) Pungkasan carita

Pungkasan carita biasa ogé disebut *denouement*, mangrupa tungtung kajadian carita. Rupaning rusiah geus kabuka, nu hianat geus katohyan, pacengkadan geus lubar, kapanasaran geus dilakonan, jeung sajabana. Galur sering disebut ku istilah *plot*. *Plot* biasana nyumput dina jalan carita minangka wujudiah tina galur. Galur carita bisa dibagankeun saperti ieu di handap.



Bagan 4. 2 Élemén Struktur Galur Carita

Henteu salawasna galur carita téh ngaguluyur saperti kitu. Nu matak dumasar kana wandana aya nu disebut *galur marélé*, *bobok tengah*, jeung *galur mundur (pandeuri ti heula)*.

Kahiji, galur marélé, nyaéta galur carita anu ngaguluyur ti bagian ka bagian, ti mimiti manggalasastra nepi ka pungkasan carita. Umumna carita-carita heubeul ngagunakeun alur marélé.

Kadua, galur bobok tengah nyaéta galur carita anu henteu ngagunakeun manggalasastra atawa bubuka. Tara ngawanohkeun heula anu ngalalakon, anu maca téh ujug-ujug dibawa ka tengah-tengah carita. Sakapeung pungkasan caritana ogé tara aya deuih. Nepi ka nutupkeun carita téh kudu dikira-kira ku nu maca.

Katilu, galur mundur nyaéta galur carita anu dimimitian ku bagian pamungkas. Bagian saterusna mangrupa runtuyan kajadian anu nerangkeun atawa jadi pamuka pungkasan carita anu geus diheulakeun téa. Alur mundur bisa aya dina sagemblengna carita, bisa ogé dina salasahiji bagian carita. Alur mundur biasa ogé disebut *flashback*.

c) Latar (*Setting*) Cerita

Latar carita téh mangrupa tarjamahan tina istilah *setting*. Aminuddin (2002:62) nétélakeun yén *setting* minangka latar kajadian dina karya fiksi boh mangrupa tempat, waktu boh kajadian, sarta mibanda fungsi fisikal jeung fungsi psikologis. Nurutkeun Abrams (1981:173), latar carita bisa tempat umum (*general locate*), waktu kasajarahana (*historical time*), jeung kabiasaan masarakat (*social circumstance*) dina babagian carita.

Latar téh aya dua rupa nya éta latar tempat jeung latar waktu. Latar tempat nuduhkeun di mana kajadianana, ari latar waktu nuduhkeun iraha kajadianana. Latar tempat biasana dicaritakeun dina awal-awal carita. Aya kalana latar tempat téh mangrupa unsur penting dina carita.

3) Sarana Sastra

Sarana sastra mangrupa unsur-unsur karya sastra anu raket patalina jeung tilu unsur, nyaéta (1) puseur sawangan, (2) gaya basa, jeung (3) judul carita.

a) Puseur Sawangan

Puseur implengan (*point of view*) mangrupa tempat sastrawan nyawang caritana. Tina éta tempat sastrawan nyaritakeun tokoh, kajadian, tempat, jeung waktu ku gayana sorangan (Siswanto, 2008:181).

Puseur sawangan aya bédana puseur carita (fokus pengisahan). Puseur sawangan nyaritakeun fungsi pangarang (pencerita) dina hiji carita, ari puseur carita masualkeun tokoh mana anu dipentingkeun ku pangarang. Palebah dieu, Sudjiman (1992:78) nétélakeun yén:

*Sudut pandang atau **point of view** dan fokus pengisahan mempunyai titik tolak yang berbeda; berbicara tentang sudut pandang, orang bertolak dari penceritanya, yaitu tempat pencerita di dalam hubungannya dengan ceerita atau posisi pencerita di dalam membawakan kisahnya. Adapun berbicara mengenai fokus pengisahan orang bertolak dari tokoh-tokoh mana yang disorot pencerita, pusat perhatian, pusat sorotan atau fokus pengisahan si pencerita.*

b) Basa dina Carita Pondok

Carita pondok kagolong kana karya sastra naratif nu mindeng ngagunakeun basa nu cenderung sipatna stilistik atawa ngandung gaya basa. Ari basa nu stilistik téh sipatna mentingkeun kaéndahan, anu sakapeung nyimpang atawa patukang tonggong jeung kaédah basa sapopoé. Dina carita pondok, aspék kréativitas atawa karancgaéan jadi ciri pangarang dina midangkeun caritana ku cara maké basa nu éndah. Basa dina carita pondok mangrupa eunteung kaéndahan nu sipatna hayalan (*réfléksi artistik imajinatif*) pangarangna kana réalitas kehirupan. Unsur gaya basa dina carita nyoko kana dua maksud. *Kahiji*, raket patalina jeung basa injeuman (*figurative language*) anu aya dina carita pondok.

c) Judul Carita

Judul atawa titél mangrupa étikét, labél, mérek, atawa ngaran anu dipaké ku wacana atawa karangan. Judul téh gedé gunana pikeun mikat kapanasaran nu maca kana pasualan nu keur dicaritakeun. Judul sipatna simbolis tur mangrupa slogan anu midangkeun topik dina wangun nu pikatajieun. Ku kituna, judul kudu saluyu tur ngawakilan sagemblengna eusi karangan, écés, tur singget.

Judul carita mangrupa ngaran tina éta carita. Ilaharna judul carita dijieun sanggeus carita réngsé. Judul carita kudu luyu jeung eusi carita. Contona waé, judul carpon “Neng Yaya Gering Tipes” karya Karna Yudibrata saluyu jeung eusina anu nyaritakeun tokoh Neng Yaya katarajang gering tipes.

D. Kagiatan Diajar

Kagiatan diajar anu kudu dipilampah ku Sadérék nyoko kana runtuyan kagiatan saperti ieu di handap.

1. Maca heula tujuan jeung indikator kahontalna diajar kalawan konsentrasi.
2. Baca pedaran matéri ajar *Wangun jeung Struktur Gugurita* sarta Carita Pondok nu dipidangkeun kalawan insténsif tur daria.
3. Nulis rangkuman materi unggal-unggal kagiatan diajar kalawan sumanget.
4. Ngaregepkeun pedaran materi ti fasilitator, tanya jawab, sawala gawé bareng dina kelompok pikeun migawé LK.
5. Latihan soal-soal pilihan ganda pikeun nyanghareupan postés kalawan soso-soso.
6. Baca deui saliwat pedaran matéri ajar, tuluy titénan tur bandingkeun jeung tingkesan matéri ajar kalawan kréatif.
7. Postés di TUK anu geus ditangtukeun kalawan konséntrasi jeung mandiri.

E. Latihan/ Kasus /Pancén

1. Jéntrékeun wangenan guguritan!
2. Tuliskeun unsur-unsur anu ngawangun guguritan!

3. Tuliskeun tahapan nulis naskah guguritan!
4. Naon waé ciri-cirina karya sastra nu disebut carpon téh?
5. Naon sasaruana katut bédana antara téma jeung amanat?

F. Tingkesan

Guguritan nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Nurutkeun wangunanana, guguritan kaasup wangun ugeran, nyaéta kauger ku patokan pupuh. Ku lantaran teu panjang téa biasana mah ukur diwangun ku hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratif). Dibacana biasana mah dihariringkeun maké lalaguan anu geus matok keur pupuh éta. Atawa ngahaja jadi rumpaka dina pagelaran seni tembang Cianjuran. Guguritan diwangun ku sababaraha unsur, nyaéta anu aya patalina jeung struktur jero (struktur) sarta struktur luar (unsur ékstrinsik). Struktur dina guguritan di antarana nyaéta: téma, rasa, nada, jeung amanat.

Nulis naskah guguritan béda jeung sajak, tapi ari wangunna mah sarua ditulis dina wangun ugeran (*puisi*): (1) kudu apal heula kana salah sahiji rumpaka pupuh nu rek ditulis, (2) tangtukeun tema atawa jejer karangan, (3) angtukeun pupuh nu luyu jeung tema/jejer karangan, (4) eangan kecap-kecap nu cocog jeung purwakanti pupuh nu digunakeun, jeung (5) bisa ditepikeun dina sababaraha pada, ogé bisa sapada.

Carita pondok téh nyaéta karangan fiksi pondok dina basa lancar. Hartina naon-naon anu dicaritakeun ku pangarang téh henteu kudu enya-nya kajadian ku dirina. Tapi sok sanajan mangrupa fiksi, carpon téh kudu nyindek kana réalita. Réalitas téh mangrupa kanyataan sapopoé nu kaharti ku akal.

Kumpulan carita pondok Sunda nu judulna *Dogdog Pangréwong* karya G.S. (1930) kaasup kumulan carpon nu munggaran di Indonesia, malah genep taun leuwih ti heula batan kumpulan carpon *Teman Duduk* karya M. Kasim (1936).

Carita pondok mibanda tilu unsur intrinsik, nyaéta (1) téma, (2) fakta carita (galur, tokoh, jeung latar), katut (3) sarana sastra (*literary devices*) saperti puseur sawangan (*point of views*), gaya, jeung judul.

G. Uji Balik jeung Lajuning Laku

Pék cocogkeun hasil pagawéan Sadérék kana jawaban latihan anu geus disayagikeun di bagian tukang ieu modul. Itung jumlah jawaban anu benerna, tuluy gunakeun rumus ieu di handap pikeun ngukur tahap nyangkem Sadérék kana matéri ajar.

Rumus:

$$\text{Tahap pangabisa} = \frac{\text{Jumlah jawaban anu benerna}}{5} \times 100\%$$

Tahap pangabisa matéri ajar nu dihontal ku Sadérék:

90	-	100%	=	alus pisan
80	-	89%	=	alus
70	-	79	=	cukup
	-	69	=	kurang

Lamun Sadérék ngahontal tahap pangabisa 80% ka luhur, Sadérék bisa nuluykeun matéri kana modul satuluyna. Tapi, lamun tahap pangabisa Sadérék kurang ti 80%, pék balikan deui ngaderes matéri dina Kagiatan Diajar 4, pangpangna matéri nu tacan kacangkem kalawan daria, tanggung jawab, tur disiplin.

KONCI JAWABAN LATIHAN/PANCÉN/KASUS

Kegiatan Diajar 1

1. Pamarekan komunikatif nyaéta pamarekan pangajaran basa anu tujuanana pikeun ngawangun kompetensi komunikatif. Lian ti éta pamarekan komunikatif ogé digunakeun pikeun mekarkeun prosédur-prosédur opat kaparigelan basa siswa, nu ngawengku: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Hartina, pangajaran dipiharep ngaronjatkeun kamampuh komunikasi basa Sunda siswa, boh lisan atawa tulisan, boh resmi boh teu resmi.
2. Opat unsur kamampuh komunikatif, ngawengku: a) kamampuh gramatikal: panyatur ngagunakeun kaidah gramatikal, b) kamampuh sosiolinguistik: panyatur nyangkem kontéks sosial tempat lumangsungna komunikasi, c) kamampuh wacana: panyatur nepikeun maksud-maksud komunikasi kalawan merenah, jeung d) kamampuh stratégi, panyatur ngagunakeun rupa-rupa stratégi pikeun komunikasi.
3. Dina kagiatan diajar ngajar anu sipatna langsung siswa ngalakukeun kagiatan observasi, nanya, ngumpulkeun informasi/nyoba, asosiasi/ngolah informasi, jeung ngomunikasikeun. Kagiatan diajar ngajar langsung baris ngahasilkeun pangaweruh jeung kaparigelan anu sipatna langsung ogé, disebut dampak pangajaran (*instructional effect*). Dina Kurikulum 2013, kagiatan diajar ngajar anu teu langsung raket patalina jeung ngamekarkeun nilai jeung sikep nu aya dina KI-1 (sikep spiritual) jeung KI-2 (sikep sosial).
4. *Pamarekan pangajaran* mangrupa sawangan guru anu digunakeun pikeun nyiptakeun lingkungan pangajaran luyu jeung kompetensi anu geus ditangtukeun. *Strategi pangajaran* mangrupa léngkah-léngkah *sistematik* jeung *sistemik* anu digunakeun guru pikeun nyiptakeun lingkungan pangajaran luyu jeung kompetensi anu geus ditangtukeun. *Model pangajaran*, mangrupa *karangka konseptual* jeung *operasional* anu mibanda ngaran, ciri, urutan logis, aturan, jeung budaya. *Métode pangajaran* mangrupa *cara atawa téhnik* anu digunakeun ku guru dina kagiatan diajar ngajar, contona: ceramah, tanya jawab, sawala, latihan.

5. Impleméntasi pamarekan saintifik mangrupa cara ngaorganisasikeun pangajaran ngaliwatan prosés: (a) Nengetan (*observation*), (b) nanya (*questioning*), (c) ngumpulkeun informasi/nyoba (*data collection/experiment*), (d) asosisasi/ngolah informasi (*association*); jeung, (e) ngomunikasikeun (*communication*).

Kegiatan Diajar 2

1. Tujuan digunakeunana Modél *Discovery Learning*, nyaéta: (1) ngarobah kondisi diajar tina pasif jadi aktif kréatif, (2) ngarobah modus *ekspository* (siswa ngan narima informasi ti guru) kana modus *discovery* (siswa manggihan sorangan).
2. Léngkah-léngkah operasional impleméntasi Modél *Discovery Learning* dina prosés diajar ngajar tahapan rancangan, ngawengku: (a) nangtukeun tujuan pangajaran; (b) ngaidéntifikasi karakteristik siswa (kamampuh awal, minat, gaya diajar; (c) milih matéri ajar; (d) nangtukeun topik-topik pangajaran anu rék diajarkeun; (e) mekarkeun bahan-bahan pangajaran ku cara nyieun conto-conto, ilustrasi, pancén; (f) ngatur topik-topik pangajaran ti nu basajan ka komplék, ti nu konkrit ka abstrak, atawa ti tahap énaktif, ikonik, nepi ka simbolik; jeung (g) ngalaksanakeun penilaian prosés jeung hasil diajar siswa.
3. Prinsip-prinsip prosés diajar ngajar dina Modél PBL, ngawengku: (1) konsép dasar, (2) wangenan masalah, 3) diajar mandiri, (4) silih tukeurna pangaweruh, jeung 5) penilaian.
4. Lima fase Modél Pangajaran PBL, nyaéta: (a) oriéntasi masalah, (b) ngaorganisasikeun siswa, (c) ngabimbing panalungtikan individu/kelompok, (d) mekarkeun jeung nyodorkeun hasil karya siswa, (e) ngaanalisis jeung ngaévaluasi prosés ngungkulan masalah.
5. Léngkah-léngkah Modél PjBL: (a) nangtukeun panalék ésénsial (*start with teh essential question*), (b) ngadesain rancangan proyék (*design a plan for teh project*), (c) nyusun jadwal (*create a schedule*), (d) ngamonitor siswa jeung kamajuan proyék (*monitor teh students and teh progress of teh*

project), (e) nguji hasil (*assess teh outcome*), jeung (f) ngaévaluasi pangalaman (*evaluate teh experience*).

Kegiatan Diajar 3

1. Prinsip-prinsip tatakrama basa ngawengku (1) maksim kawijaksanaan, (2) maksim handap asor, (3) maksim kacocog, (4) maksim katumarima, (5) maksim kasimpati, jeung (6) maksim balabah.
2. Ragam tatakrama basa, ngawengku: (1) Pamaké basa, saha panyatur (I), saha pamiarsa (II), jeung saha nu di caritakeun (III), (2) Kalungguhan pamaké basa, naha sahandapeun (h), sasama (s), atawa saluhureun (l), jeung (3) gambaran rasa panyatur waktu komunikasi lumangsung, naha hormat (H), biasa atawa loma (L), naha teu hormat atawa kasar (K).
3. Undak-usuk basa Sunda diwangun ku: basa Sunda loma, basa Sunda sedeng, jeung basa Sunda lemes.
 - a. Basa Sunda loma digunakeun ka sasama, ka babaturan anu geus loma. Salian ti éta, bareto mah sok dipakéogé pikeun nyarita ka jalma anu sahandapeunana, pangkatna, umurna, atawa pikeun nyaritakeun jalma nu sahandapeun upama anu dicaritakeunana téh sahandapeun nu diajak nyarita.
 - b. Basa Sunda sedeng, sok disebut ogé basa Sunda lemes keur ka sorangan nyaéta basa anu dilarapkeun keur ka disi sorangan upama nyarita ku basa lemes, atawa pikeun nyaritakeun sasama ka saluhureun. Salian ti éta, bassedeng ogé sok dipaké nyarita jeung jalma nu tacan wanoh atawa loma lamun nu ngajak nyaritana ngagunakeun basa lemes.
 - c. Basa Sunda Lemes, biasana sok disebut ogé basa Sunda lemes keur ka batur. Dilarapkeun pikeun nyarita ka saluhureun, jeung pikeun nyaritakeun nu saluhureun boh pangkatna, boh kalungguhanana, boh umurna. Basa Sunda ogédipaké ka jalma nu can wanoh atawa loma.
4. Unsur supraségmental: Tekanan téh tumarepna kana kecap. Henteu unggal kecap dina kalimah dibéré tekanan (aksén) téh kecap-kecap nu

dipentingkeun. Tekenan (bedas alonna sora) sok babarengan (panjang pondokna sora) katut wirahmah (naék turunna sora). Hiji engang bakal kadéngé béda lamun diucapkeun. Jaba ti éta, dina omongan téh sok kadéngé ayana randegan (jéda, kesenyapan) di antara babagian éta omongan. Randegan nu dipaké ngamimitian jeung mungkas kalimah nyaéta sendi kepang rangkep (#), anu dipaké di antara babagian kalimah nyaéta sendi rangkep (/), anu dipaké di antara gundukan kecap atawa frasa nyaéta sendi tunggal (/), ari anu dipaké di antara engang nyaéta sendi tambah (+) atawa sendi bantuan (-) Tekenan minangka bedas-alonna sora dina omongan bisa digambarkeun.

5. Struktur téks éksplanasi *adalah*: (1) *general statement* (pedaran umum), (2) *sequence of explanation* (runtuyan pangjéntré), jeung (3) *closing* (panutup).

Pedaran umum sipatna umum, nyaéta gambaran awal ngeunaan topik anu rék ditepikeun atawa masalah anu rék dipedar dina téks 'eksplanasi. Pedaran umum kudu ditulis kalawan narik ati, supaya nu maca daék maca téks éksplanasi kalawan gembleng

Runtuyan panjéntré/runtuyan sabab musabab (*Sequence of Explanation*)

Runtuyan sabab musabab mangrupa bagéan inti anu rék ditepikeun. Eusina mangrupa sabab musabab tina fénoména anu rék dipedar. Dina ieu bagéan aya rupa-rupa kécap panyambung (*konjungsi*). Biasana dina urutan sabab musabab aya sababaraha bagéan. Bagéan ahir téks éksplanasi nyaéta panutup (*closing*). Panutup eusina mangrupa intisari atawa kacindekan tina fénoména anu dipedar.

Kegiatan Diajar 4

1. Guguritan nyaéta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang. Nurutkeun wangunanana, guguritan kaasup wangun ugeran, nyaéta kauger ku patokan pupuh. Ku lantaran teu panjang tea biasana mah ukur diwangun ku hiji pupuh, tara gunta-ganti pupuh cara dina wawacan, sarta ilaharna eusina henteu ngawujud carita (naratip). Dibacana biasana mah dihariringkeun make lalaguan anu geus matok keur pupuh éta. Atawa ngahaja jadi rumpaka dina pagelaran seni tembang Cianjuran.

2. Guguritan diwangun ku sababaraha unsur, nyaéta anu aya patalina jeung struktur jero (struktur) sarta struktur luar (unsur ékstrinsik). Struktur dina guguritan di antarana nyaéta: téma, rasa, nada, jeung amanat.
3. Nulis naskah guguritan béda jeung sajak, tapi ari wangunna mah sarua ditulis dina wangun ugeran (*puisi*): (1) kudu apal heula kana salah sahiji rumpaka pupuh nu rek ditulis, (2) tangtukeun tema atawa jejer karangan, (3) angtukeun pupuh nu luyu jeung tema/jejer karangan, (4) eangan kecap-kecap nu cocog jeung purwakanti pupuh nu digunakeun, jeung (5) bisa ditepikeun dina sababaraha pada, ogé bisa sapada.
4. Ciri-ciri karya sastra anu disebut carita pondok téh, nyaéta:
 - a. Wangun fiksina pondok
 - b. Sifat caritana narati
 - c. Caritana mangrupa karangan fiksi
 - d. Eusi carita umumna *réalistis*
 - e. Carita pondok kudu mangrupa hiji kajadian
 - f. Basa nu digunakeun kudu singget tapi munel, seukeut, *sugestif* jeung ngirut
 - g. Eusina téh kudu numuwuhkeun efek ka nu maca;
 - h. Caritana ngandung harti interpretasi pangarang kana hiji kajadian;
 - i. Caritana ngalalakonkeun tokoh utama; jeung
 - j. Jumlah kecapna kawatesanan.
5. Téma téh nyaéta inti pikiran atawa puseur implengan pangarang atawa inti pikiran nu aya dina prosa fiksi. Pikeun nangtukeun hiji téma, urang kudu maca éta carita sagemblengna. Ari amanat nyaéta pesen pangaran nu hayang ditepikeun ka nu maca anu eusina mangrupa ajén-inajén didaktis nu patali jeung masalah manusa katut kamanusaan sarta hirup jeung kahirupan.

EVALUASI

1. Pamarekan komunikatif dina pangajaran basa Sunda, tujuanana pikeun...
 - A. ngaronjatkeun kamampuh siswa dina komunikasi
 - B. ngaronjatkeun kamampuhgramatikal basa Sunda.
 - C. nambahan kabengharan kecap basa Sunda
 - D. ngaronjatkeun kamampuh nyieun kalimah

2. Pamarekan sipatna aksiomatis. Aksiomatis hartina...
 - A. benerna konsép-konsép tioritis mangrupa asumsi-asumsi anu bebeneranana teh teu kudu dipadungdengkeun deui.
 - B. benerna konsép tiori mangrupa hipotésis anu bebeneranana kudu dipadungdengkeun deui.
 - C. benerna konsép tiori mangrupa hipotésis anu bebeneranana kudu diuji dina panalungtikan.
 - D. benerna konsép tiori mangrupa asumsi anu bebeneranana kudu dipadungdengkeun deui

3. Unsur-unsur anu raket patalina jeung kamampuh komunikatif, nyaéta saperti ieu di handap, iwal ti
 - A. Kamampuh gramatikal nyaéta kamampuhpanyatur ngagunakeun kaidah gramatikal
 - B. kamampuh sosiolinguistik, nyaéta kamampuh panyatur nyangkem konteks sosial tempat lumangsungna komunikasi
 - C. kamampuh kalimah, nyaéta kamampuh panyatur nepikeun maksud-maksud komunikasi kalawan merenah dina kalimah
 - D. kamampuh strategi, nyaéta kamampuh panyatur ngagunakeun rupa-rupa stratégi pikeun komunikasi.

4. Pangajaran dina Kurikulum 2013 ngagunakeun pamarekan saintifik atawa pamarekan berbasis proses keilmuan. Pamarekan saintifik bisa ngagunakeun sababaraha stratégi atawa Model pangajaran kontékstual. Modél pangajaran anu diwanohkeun dina Kurikulum 2013 ngawengku ieu di handap, iwal ti...

- A. *Discovery Learning*
 - B. *Project-Based Learning*
 - C. *Problem-Based Learning*
 - D. *Jigsaw*
5. Kurikulum 2013 ngagunakeun stratégi diajar ngajar langsung (*direct instructional*) jeung henteu langsung (*indirect learning*). Stratégi diajar ngajar langsung (*Direct Instructional*) pikeun ngajarkeun KD tina ...
- A. KI-1 jeung KI-2
 - B. KI-2 jeung KI-3
 - C. KI-3 jeung KI-4
 - D. KI-1 jeung KI-4
6. Kurikulum 2013 ngagunakeun stratégi diajar ngajar langsung (*direct instructional*) jeung henteu langsung (*indirect learning*). Stratégi diajar ngajar teu langsung (*indirect Instructional*) pikeun ngajarkeun KD tina ...
- A. KI-1 jeung KI-2
 - B. KI-2 jeung KI-3
 - C. KI-3 jeung KI-4
 - D. KI-1 jeung KI-4
7. Pamarekan saintifik mangrupa cara ngaorganisasikeun pangajaran ngaliwatan prosés...
- A. nengetan, nanya, ngumpulkeun informasi/nyoba, asosisasi/ngolah informasi, jeung ngomunikasikeun
 - B. nengetan, nanya, ngarangkum, hipotésis, idéntifikasi masalah
 - C. idéntifikasi masalah, ngumpulkeun data, ngolah data, ngomunikasikeun, ngalaporkeun.
 - D. nengetan, nanya, idéntifikasi masalah, asosiasi, jeung ngomunikasikeun.
8. Dina pangajaran basa Sunda kagiatan observasi dina pamarekan saintifik dilakukeun ku cara ..
- A. tanya jawab
 - B. ngalaporkeun

- C. maca
D. néangan sumber
9. Dina pangajaran basa Sunda kagiatan nanya dina pamarekan saintifik dilakukeun ku cara ..
A. ngumpulkeun sumber
B. sawala
C. préséntasi
D. tanya jawab
10. Kompeténsi kabasaan, raket patalina jeung
A. tata sora, tata kalimah, kosa kata, jeung semantik
B. tindak basa
C. kontéks sosio-kultural
D. strategi komunikasi
11. Kompeténsi anu museur kana ngawasana stratégi dina komunikasi, disebut...
A. Kompeténsistratégi
B. kompeténsi sociolinguistik
C. kompeténsi kabasaan
D. kompeténsi aksional
12. Cara panjeungg guru anu digunakeun pikeun nyiptakeun lingkungan pangajaran luyu jeung kompeténsi anu geus ditangtukeun, disebut...
A. pamarekan pangajaran
B. modél pangajaran
C. stratégi pangajaran
D. metodologi pangajaran
13. Léngkah-léngkah sistematik jeung sistemik anu digunakeun guru pikeun nyiptakeun lingkungan pangajaran luyu jeung kompeténsi anu geus ditangtukeun, disebut..
A. metode pangajaran
B. stratégi pangajaran

- C. modél pangajaran
D. pemarekan pangajaran
14. Karangka konseptual jeung operasional anu mibanda ngaran, ciri, urutan logis, aturan, jeung budaya, disebut...
A. métode pangajaran
B. stratégi pangajaran
C. modél pangajaran
D. pemarekan pangajaran
15. Cara atawa tehnik anu digunakeun ku guru dina kagiatan diajar ngajar, contona: ceramah, tanya jawab, sawala, latihan, disebut...
A. métode pangajaran
B. stratégi pangajaran
C. model pangajaran
D. pemarekan pangajaran
16. Kagiatan siswa ti mimiti ngararancang, ngalaksanakeun, jeung ngalaporkeun hasil kagiatan mangrupa produk jeung laporan kagiatanana (*student centre*), mangrupa léngkah-léngkahmodel pangajaran....
A. *Problem Based Learning*
B. *Discovery Learning*
C. *Projeck Based Learning*
D. *Inquiry Learning*
17. Modél PjBL titik pamianganana tina ...
A.masalah
B. proyek
C. observasi
D. produk
18. Karakteristik PjBL, nyaeta ieu di handap, iwal ti...
A. siswa jeung guru nyieun kaputusan kelompok ngeunaan hiji *kerangka kerja*

- B. ayana masalah atawa tantangan anu disodorkeun ka siswa
- C. siswa ngadesain proses pikeun nangtukeun solusi ngeunaan masalah anu rek dipigawe
- D. siswa kalawan kolaboratif tanggung jawab pikeun ngaakses jeung ngolah informasi pikeun ngungkulan masaalah
19. Mana ieu di handap conto kalimah anu make undak usuk anu merenah?
- A. “Abdi nembé sumping ti Tokyo.”
- B. “Iraha bapak kepala dongkapna ti Singaparna teh”?
- C. “Alhamdulillah abdi parantos neda tadi.”
- D. “Abdi teu tiasa sumping, kumargi teu damang.”
20. Mana ieu di handap conto kalimah anu make undak usuk anu merenah?
- A. “Dupi tuang rai iraha sumpingna?”
- B. “Dupi Bapa parantos tuang?”
- C. “Sim kuring teu tiasa sumping.”
- D. “Tuang adi teu tiasa sumping?”
21. Mana ieu di handap conto kalimah anu make undak usuk anu merenah?
- A. “Di mana rorompok Bapa?”
- B. “Rorompok pun bibi aya di tasik.”
- C. “Rorompok sim kuring aya di Bandung.”
- D. “Iraha tiasa sumping ka bumi sim kuring?”
22. Sarana basa pikeun meungkeut pesen, pikiran, gagasan, jeung ide anu rek diterpikeun ngaliwatan teks, disebut...
- A. wacana
- B. teks
- C. mode
- D. genre

KONCI JAWABAN ÉVALUASI

No.	Jawaban
1.	A. Ngaronjatkeun kamampuh siswa dina komunikasi
2.	E. Benerna konsép-konsép tioritis mangrupa asumsi-asumsi anu bebeneranana téh teu kudu dipadungdengkeun deui.
3.	C. Kamampuh kalimah, nyaeta kamampuh panyatur nepikeun maksud
4.	D. Jigsaw
5.	C. KI-3 jeung KI-4
6.	A. KI-1 jeung KI-2
7.	A. Nengetan, nanya, ngumpulkeun informasi/nyoba, asosisasi/ngolah informasi, jeung ngomunikasikeun
8.	C. Maca
9.	D. Tanya jawab
10.	A. Tata sora, tata kalimah, kosa kata, semantik
11.	A. Kompeténsi stratégi
12.	A. Pamarekan pangajaran
13.	B. Strategi pangajaran
14.	C. Model pangajaran
15.	A. Metode
16.	C. <i>Project Based Learning</i>
17.	A. Masalah
18.	A. Siswa jeung guru nyieun kaputusan kelompok ngeunaan kerangka erja
19.	C. "Alhamdulillah abdi parantos neda tadi."
20.	A. "Dupi tuang rai iraha sumpingna?"
21.	C. "Rorompok sim kuring aya di Bandung."
22.	C. Mode

PANUTUP

Ieu modul anu kacida perlu dicangkem ku guru-guru basa Sunda, utamina nyangkem materi-materi kompetensi pedagogik diantarana tiori jeung larapna pamarekan komunikatif, pamarekan saintifik jeung modél pangajaran kiwari anu dilarapkeun dina pangajaran basa Sunda. Modul ieu ogé dieuyeuban ku materi tina kompetensi profesional anu kacida pentingna pikeun guru-guru basa Sunda di lapangan sarta gumulung jeung Penguatan Pendidikan Karakter (PPK) anu ngawengku ajén inajén: religius, nasionalis, mandiri, gotong royong, jeung integritas.

Leuwih écésna eusi ieu modul ngawengku 4 materi poko, nu ngawengku: (1) Pamarekan Komunikatif jeung Saintifik dina Pangajaran Basa Sunda, (2) Modél-modél Pangajaran Basa Sunda, (3) Tatakrama Basa, Pola Sora Basa, jeung Téks Éksplanasi, sarta (4) Wangun jeung Struktur Guguritan jeung Carita Pondok.

Sanggeus réngsé maca jeung nalungtik ieu modul dipiharep Sadérék baris neruskeun maca jeung nalungtik modul basa Sunda nu séjénna anu mangrupa terusan tina ieu modul. Mugia Sadérék sadayana tetep sumanget, konséntrasi, mandiri, kréatif dina ngajar basa Sunda.

DAPFTAR PUSTAKA

- Brown, H. Douglas, (2008). *Prinsip Pembelajaran jeung Pengajaran Bahasa* (Edisi Kelima). Jakarta: Kedutaan Besar Amerika Serikat.
- Brown, Douglas H. 2007. *Principles of Language Teaching and Learning*. Pearson Education Inc.
- Celce-Murcia, M., Dornyei, Z., & Thurrell, S. 1995. *A Pedagogical Framework for Communicative Competence: A Pedagogically Motivated Model with Content Specifications*. Issues in Applied Linguistics, 6, 5–35.
- Haerudin, Dingding. 2012. “Guguritan”. Artikel @ File Directory UpPI.
- Hendrayana, Dian. 2014. *Lagu Ngajadi: Kumpulan Guguritan*. Bandung: KSB Rawayan.
- Kemdikbud. 2016. *Permendikbud No. 22 tahun 2016 tentang Standar Proses Pendidikan dasar dan Menengah*. Jakarta.
- Maryanto, spk.. 2015. *Bahasa Indonesia Ekspresi Diri dan Akademik Kelas XII Semester 1*. Jakarta: Puskurbuk Balitbang Kemdikbud.
- Maryanto, spk.. 2015. *Bahasa Indonesia Ekspresi Diri dan Akademik Kelas XII Buku Guru*. Jakarta: Puskurbuk Balitbang Kemdikbud.
- Richards, J. C. 2005. *Communicative Language Teaching*. Singapore: SEAMEO Regional Language Centre
- Richards, J.C. & Rodgers, T.S. (2001). *Approaches and Methods in Language Teaching*. New York, NY: Cambridge University Press.
- Rosidi , Ajip. 2011. *Guguritan*. Bandung: PT. Kiblat Buku Utama.
- Sofiyanti, Ai. spk. 2015. *Materi Pelatihan Guru Implementasi Kurikulum 2013 Jenjang SD Kelas VI*. Jakarta: Badan Pengembangan Sumber Daya Manusia Pendidikan jeung Kebudayaan jeung Penjaminan Mutu Pendidikan Kementerian Pendidikan jeung Kebudayaan.
- Sudaryat, Yayat, Spk. 2013. *Tata Basa Sunda Kiwari*. Bandung: Yrama Widya.

GLOSARIUM

- Asmarandana = salah sahiji wanda pupuh anu miboga guru wilangan jeung guru lagu 81, 8a, 8o/e, 8i/a, 7i/a, 8u, 8a; ngagambarkeun rasa silih-asih, silih pikanyaah.
- Balakbak = salah sahiji wanda pupuh anu miboga guru wilangan jeung guru lagu 12+3e, 12+3e, 12+3e; ngagambarkeun heureuy
- Dangdanggula = salah sahiji wanda pupuh anu miboga guru wilangan jeung guru lagu 10i, 10a, 8e/o, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a; ngagambarkeun katengtreman, kakawasaan, jeung kaagungan.
- Dangding = karangan ugeran (puisi) dina wangun pupuh (bisa ditembangkeun); sarua jeung guguritan.
- Discovery Learning* = modél pangajaran anu miboga prinsip leuwih ngutamakeun kana manggihan konsep atawa prinsip anu samemehna can dipikanyaho siswa.
- Durma = ngaran salah sahiji pupuh, wangun ugeran anu kauger ku guru wilangan jeung guru lagu (12a-7i-6a-7a-7a-5a-7i)
- Durma = salah sahiji wanda pupuh anu miboga guru wilangan jeung guru lagu 12a, 7i, 6a, 7a, 8i, 5a, 7i; ngagambarkeun rasa ambek, gede hate, atawa sumanget.
- Éstetis = kaéndahan
- Éfektif = tepat sasaran luyu jeung tujuan
- Éfisien = tepat waktu
- Fénoména = gejala alam atawa gejala sosial
- Gambuh = salah sahiji wanda pupuh anu miboga guru wilangan jeung guru lagu 8u, 8u, 8i, 7a, 8a/u, 8a/0; ngagambarkeun kasedih, kasusah, atawa kanyeri.
- Guguritan = gurit; ngagurit, ngarang guguritan; Karangan puisi mangrupa dangding anu henteu panjang biasana ukur dina hiji pupuh tur eusina henteu ngawujud carita (*naratif*)
- Gurisa = salah sahiji wanda pupuh anu miboga guru wilangan jeung guru lagu 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, 8a, (+8a, 8a); ngagambarkeun jelema nu ngalamun atawa malaweung.
- Gramatikal = struktur basa